

KUDZOREREDZWA

KWEMUTI WEMWENGA



Maita henyu, Hama Orman. Mwari vakuropafadzei.

Mangwanani, shamwari. Uye mukana wakanaka kudzoka mutabhenakeri, mangwanani ano akanaka eEsta, tichinamata, kumuka kukuru kwaIshe naMuponesi wedu anokosha, Jesu Kristu.

² Ndinoda kutaura kuti zvirokwazvo ndaka... Pamharidzo dzose dzandati ndambonzwa mufundisi vedu vachiparidza, yakanakisisa yavo yanga iri mangwanani ano. Ndaenda kumba ndikaudza mudzimai wangu. Ndikati, “Mudiwa, aya ndemamwe mangwanani awapotsa, nekunonoka kumuka.” Yanga iri yakanakisa yandati ndambonzwa pamusoro perumuko, muhupenyu hwangu hwose. Handisati ndambonzwa kana chinhu chiri nani, pamusoro perumuko chinodarika zvatapihwa namufundisi vedu mangwanani ano. Imharidzo inokatyamadza zvikuru, uye zvinhu zvose zvakanyatsonanga pazvo chaipo. Zvinoratidza, kuti, kana chizoro chabata munhu, munoona, zvi—zvinoitika. Zvinoita chimwe chinhu ipapo. Uye saka tinofara kwazvo kuti—kuti Mwari vakatipa mufundisi vakanakisa ava.

Uye zvino ndinoda kutenda mumwe nemumwe wenyu.

³ Tave pano zvino kwekanguva kakati rebei, panguva dzakasiyana-siyana, ndichienda nekudzoka, asi ndiri kuenda kuminda yekuvhangeri zvino, sezvamunoziva. Vhiki rino, ndiri kuenda kuma Cree Indian, kumusoro kuBritish Columbia. Uyezve, ndobva ikoko, ndoenda kuFort St. John. Uyezve, muzhizha rino, Ishe vachitendera, kuva mu...kwose kuWest Coast, kumusoro kuMabvazuva, ne—nekunze kuWest Coast, nekukwidza kunopinda muAlaska, Anchorage, Alaska, nekupfuura neko. Uyewo, zvichida, kubva ikoko, ndiri kuda kumboona kuti Africa nedzimwe nyika dzose dzakadii, kuitira mwaka wechando uri kuuya. Saka zvichida zvichatora nguva yakati kuti ndisati ndadzoka pano patabhenakeri zvakare. Zviri nani pakuti, munenge muri muna Nyamavhuvhu kana imwe nguva mumatsutso aya, ndisati ndadzoka zvakare.

⁴ Uye ndinoda kukutendai mose nemushandira pamwe wenyu wakanaka, pane zvese zvamakaita. Uye tine hurombo kuti tagara tisina nzvimbo yevanhu pano pari pamangwanani aya. Tiri muchirongwa chekuvaka zvino, sezvamunoziva, kuvaka chechi yakawedzera kukura, apo...kuitira shumiro idzi. Uye saka kunogona kutotanga iko zvino. Vachatanga kutovaka chechi. Zvino ivai... .

⁵ Zvakare, ndinoda kutenda mumwe nemumwe wenyu nekuda kwezvenyu. . . nekuda kwezvipu, makadhi ebhavhadhe, makadhi eEsta, zvipo zvamakapa Billy, nezvimwe zvakasiyana, zve, zve. . . neizvo zvaive zvangu; Hama Wood, nevazhinji vavo. Ndinozviiyemura zvose.

⁶ Uye mumwe nemumwe anouya oti. . . Hamutozive kuti zvinorema zvakadii. Mumwe munhu ouya achiti, “Zvino tinoda kuona Hama Branham. Tinoda kuona baba vako,” zvichingodaro. Uye oti, “Bepa racho rakatozara.” Zvino, oo, hamuzive kuti zvinokuisa muchinhano chinonyadzisa zvakadii, pau—u—unongosvika kune vakawanda kudaro. Ndizvo zvoga zvaunogona kuita.

⁷ Ndi—ndinoshuva kuti dai zvaive saizvozvo ndaizongova nenguva refu nemumwe nemumwe, ndaigona kugara pasi. Uye ndinotarisa kuzviita pane imwe nguva. Asi hazvigone kudaro, panyika pano, nokuti pane vanhu vanouya pano kubva pasi rose, munoono, vanobva kumativi ose pasi rose. Vhiki rino, vanga vari vanhu vanobva kunyika dzakati wandei muno, uye vakapinda mumaindavihiyu ndokunamatirwa, vhiki rino, kubva kunyika kwese zvako pasi rose.

⁸ Uye dai yaingova ungoro yedu duku, yemuno muJeffersonville, ndaigona nemufaro kuzitora maawa 2 kana 3 nemumwe nemumwe, ndonyatsozvidzura nekuzvibuditsa kunze. Asi, munoono, panogona kungova, toti, nenhare 5 dzinobva, kana, zvichida, nhare 2 kubva munharaunda yedu muno, kune 100 kana 200 kubva pasi rose, panguva imwe chete inouya 2 idzi. Saka kunotova nezviuru chaizvo zvandisina kukwanisa kana kubata, chero kupi hako, munoono, vanhu. Uye nhare dzekuti “Huyai *kuno*, uye endai *uko*,” kubva pasi rose, nematikiti endege achingotumirwa, zvimwe zvese, “Huyai, munamatire vanorwara,” asi haugone kuzviita.

⁹ Saka, vanhu vanoodzwa mwoyo. Ndaizodarowo, zvakare. Asi ndinongoda, mangwanani ano eEsta, kuti ndipe kupupura kwangu, kutaura kuti—kuti handizive kuti ndoitei nezvazvo. Kune vakatongwandisa, munoziva, veku—vekusvika kwavari, zviuru nezviuru zvevanhu vanobva pasi rese. Ndakatora rwendo rwangu rwechinomwe ndichitenderera, sezvamunoziva. Uye ndakasangana nevanhu vanopfuura 10 miriyoni kubva kwese hako pasi rose.

¹⁰ Saka unogona kufungidzira kuti—kuti zvakadii, zvinoremara zvakadii pauri. Uye nguva zhinji tinosvika pakuremerwa kudiki, uye ndinoziva kuti nemiwo munodaro, zvakare, uye nezvinoodza mwoyo zvidiki. Asi fungai nezvakwo kwandinako, kuodzwa moyo kwandinako, apo vanaamai vanorwara vari pafoni, vachiti, “‘O Mwari. . .’ Zvinoka, imbomirai zvisoma, Hama Branham. ‘Ishe Jesu, ndi—ndi—ndinonamata kuti Muvatumire.’” Uye—uye ndichangopedza

fonu kubva kune mumwe, zvino *apa*, *neapa*, *neapa*, uye nekweise pasi rose. Munoziva zvazviri. Uye izvozvo—izvozvo hazvisi nyore kana mumwe munhu kune rimwe divi refoni, aine mwana anorwara, kana murume anorwara, kana mudzimai ari kufa, achikunamatira kuti uuye. Zvino, munogona kungofungidzira.

¹¹ Ndokusaka ndisina kugadzikana mupfungwa. Zvakango . . . Zvakakwana kukuita kuti udaro. Asi ndakaita chinhu chimwe chete ichi, pane kuti ndive nemanzwiwo ekuzvichepesa. Ndakaedza kuramba ndakadzikama, nekuisa maziso angu paKarivhari nekuramba ndichipfuurira mberi, sezvaVangada kuti ndiite. Uye kukanganisa kwangu kuzhinji, ndinonamata kuti Mwari vandiregerere pazvinhu, zvokuti pamwe ndingadai ndakaenda kune imwe nzvimbo uye ndikasaenda. Ndinongovawo munhu, uye ndinogona . . . ndinotokanganisa.

¹² Pane kamwe, kanhu kadiki kakaisvonaka kataurwa muno muchivanze chekuseri, mangwanani ano, pandanga ndichibuda musevhisi yekubuda kwezuya.

¹³ Ndine shamwari yangu yekare inokosha. Pamwe ari pano pane imwe nzvimbo. Anobva kuChicago. Zita rake anonzi Stewart. Angangova ari . . . Ed Stewart, ndinodaira kuti ane makore 70 neanoraudzira, kana kudarika. Zvino asangana neni kunze uko. Uye anochengeta mari yake yechegeumi iri makoini ema 10 senzi. Zvino andipa chitsamha chaicho chese chema 10 senzi, chakada *kudai*. Uye, oo, handizive, ini . . . Honguka, vanoenda kunyika dzekunze, pabasa rechimishinari.

¹⁴ Zvino shamwari yake yakanaka, neyanguwo, Hama Skaggs, Leonard Skaggs, vanobva kuLowell, Indiana, vanga vakamirapo. Uye handina kumboziva kumashure; kuti vakanga vari muMason. Vanga vaine bhatani rechiMason pavari. Uye isu tanga tiri kutaura nezvemaitiro echiMason.

¹⁵ Uye saka mutana hama Stewart vati kwandiri, vati ivo, “Ndinokufarirai, Hama Branham, uye ndingadawo kutaura nemi.” Regereraiwo chirevo ichi. “Asi,” vati ivo, “munonetsa kuwana kupfuura imba yemadzimai ari pabarika yekuTurkey.”

¹⁶ Mumwe munhu akati kwandiri, kasiri kare, akati, “Ndinofara kuti Ishe havana kuoma zvakadaro kusvika kwavari.” Zvinoka, handireveri kuva saizvozvo. Ndinoda vanhu. Asi ini . . . Chimbofungai . . .

¹⁷ Ndaenda kumba ndikaudza mudzimai wangu, tikabva tagara patafura ndokuseka zvedu, zvingave *zvakaoma* sei kuti usvike kuimba yemadzimai ari pabarika kuTurkey, munoziva. Saka—saka ini . . .

¹⁸ Ndinovimba kuti hazvina kuoma *kudaro*, Hama Stewart, kana muchiri pano. Asi ini chokwadi ndafunga kuti kanga kari kanhu kanosetsa chaizvo kaita kuti tose timbosekawo zvisvishoma.

¹⁹ Saka, ndinoshuva kuti ndaikwanisa kuona munhu wese. Uye ndinoda munhu wose. Ichokwadi ichocho. Vangave vari shamwari kana mhandu, zvakangofanana.

²⁰ Uye zvino zvirokwazvo ndinoshuva minamoto yenyu kwandiri, mumusangano uno uri kuuya. Ndiri kuenda pakati pemaIndia. Uye munoziva, iwe, kana uri muRome, unofanira kuva muRoma; uye kana uine maIndia, unofanira kurarama semaIndia.

²¹ Shamwari yangu mumishinari, wandinovhima naye, kwandakanga ndiri, kumusoro uko kumugwagwa mukuru, Mugwagwa mukuru wekuAlaska. Muchinda wechidiki akanaka kwazvo, nemudzimai wake, vanobva mumusha wakanaka. Uye ini . . . Maoko akadyika, imomo, nekwese kuseri kwenzeve dzake nezvimwe. Zvino ndakashaya kuziva kuti raiva dambudziko rei paari, “Aiva ne eczema here?” Zvakabva panhata netsikidzi, apo paaitora . . . mararamiro aaiita kunze ikoko. Uye saka unofanira kugara chaizvo pamwe nevanhu, kuti uvahwine vagouya kuna Kristu. Ivo inhaka yaKristu. Vanhu vaAkafira, uye mumwe munhu anofanirwa kuenda kwavari.

²² Zvino mambo wacho akanga ari pane mumwe wemisangano yangu yekuchamhembe ichangopfuura, zvino Mweya Mutsvene mumusangano, kana kunze panzvimbo yemusasa, panzvimbo (nzvimbo yevashanyi, ndinotenda kuti ndiyo), ukadaidza zita rake, uye aiva ani, uye nezvaakanga aita. Uye, oo, ini zvangu, zvakabva zvangopedza nyaya yacho, naye. Aiziva kuti vanhu havangagoni kuita izvozvo; zvinofanira kubva kuna Samasimba.

²³ Saka, mambo iyeye akangoita kuti zvipfute ikoko, kukwira nekudzika nemahombekombe iwayo. Uye tiri kuenda kunoita misangano yacho mune kamwe kachikepe kanofambiswa nemhepo, tichipfuura nemunzvimbo kwatinosvika uko, kuPortland, nekunze, nekukwidza kumhenderekedzo yegungwa, nekune vamwe, kune maCree Indian, avo vakashairwa hanyin’ a. Hama dzakawanda, dzine shumiro huru, hadzaikwanisa kuenda ikoko. Zvino, maIndia . . .

²⁴ Hapasi kuzova nekobiri rimwe zvaro remari . . . Sezvamunoziva, handitori mupiro mumisangano yangu. Uye handitore mari. Asi chechi pano ndiyo iri—ndiyo iri kutsigira musangano iwoyo kumaIndia. Imwe yemari yenyu yechegumi, nezvimwe, ichaenda kunobhadhara, kuunza Mharidzo iyi yeruponeso nerudzikinuro kune maIndia iwayo varombo, vasingagoni kuverenga.

²⁵ Uye shure kwazvose, ndivo vacho vemuAmerica, munoziva. Isu tiri vatorwa, munoona. Takapinda ndokuitora kubva kwavari. Uye tinoda . . . Handikwanise kuvadzose nyika yavo, asi ndinogona kuvapa tariro dziri muna Kristu, iyo ichatibatanidza pamwe chete sehama rimwe zuva muNyika isina kurwa nekutorerana nyika, mumwe kubva kune mumwe.

Ichava Nyika, iri nzvimbo yavose. Ndichapa kutenda kana nguva iyoyo yasvika, kana vadikani vangu vose vaponeswa uye vagadzirira panguva iyoyo.

²⁶ Zvino, ndine shamwari dzakawanda dzandiri kuona, dzakagara pano, apo ndanga ndiri kutaura. Ndinotenda ndiri kucherechedza Hanzvadzi... Ndiri kutadza kufunga zita ravo. Vaimbove Lee. Ndizvo here? Handimi here Mai Lee? Mwanasikana wenyu ari pano here, vanasikana, uyo akapodzwa? Zvakanaka chaizvo. Mumwe aive muGood Shepherd's Home, kana kuti kwete... Inonzi chii zviya? "Sister of..." (chimwe Chipatara cheKatorike) "Lady of Peace," ndizvo zvachaiva. Ndinovhiringidza mazita ose iwayo echiKatorike. Uye saka, ikoko, uye akanga ari... aiva nekukanganisika kwenjere, mupfungwa. Uye Ishe Jesu vanodikanwa, patakanga tige... Ndainge ndigere nechekutsoka kwemubhedha, uye amai vake vanokosha nababa vakamira pedyo. Zvino Ishe Jesu vakataura kuti zvaitwa, zvapera. Hapo paari. Zvakatopera. Uye, chokwadika, tinoziva kuti hanzvadzi inotenda zvikuru mangwanani ano, uye...

²⁷ Ndiri kutarisa kunze uko uye ndichiona vanhu vanga vari kufa, nguva shoma yadarika, nekenza. Vakakambaira vachipinda muno, vaiva pamawiricheya, madondoro; uye hevanoi avo, vakapora uye vari vatano, mangwanani ano. Ndizvo pasi rose. Kwete neni; kubudikidza naYe, Ishe wedu Akamuka kubva kuvakafa, anorarama nokusingaperi. Ishe vedu ngavagare vachirumbidzwa uye nekuropafadzwa, ndiwo munamoto wangu wakaperera.

²⁸ Mungandinamatirawo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Imi mose ndinamatireiwo. Zvino, ndi—ndinozembera pane izvozvo. Uye pandinobuda kunze uko, munoono, pano pamba, hapana kunyanyooma pano; asi paunosvika ikoko kwaunonyatsosvika pamberi pehondo. Uku kudzidzira.

²⁹ Ndainzwa, nezuro, chechi yedu payakanditengera mo—motokari itsva yesitesheni wagoni, uye ini...yekufambisa. Uye imwe yangu yava kuda kutoparara. Uye saka nda—ndakabatidza redhiyo ndokuteerera nhau. Zvino vakanga vachidzika, manheru apfuura, kubva uko ini naJoseph takanga taenda kunonamata. Zvino isu, tichiuya kubva zasi kuGreen's Mill, ivo... Ndakabatidza redhiyo. Dzakanga dziri nhau, uye vachidzitaura, vachitevera, venhau dze*Monitor* ava vaitevera mukomana wechidiki mukudzidziswa kwake. Uye kuti ainge amire ipapo nehomwe dzake dzakazara nejecha nezvose, uko kwaaitotsikitsira musoro wake wakadzikira chaizvo, zvokuti mabara chaiwo echigwagwagwa aipfura nepamusoro chaipo pemusoro wake apo aikambaira nemuwaya dzine minzwa nezvimwe, achidzidziswa zvakaomarara.

Zvino, ndizvo zvatiri kuita pano.

³⁰ Asi zvino zvakasiyana zvakanyanya nepamberi muhondo. Maona? Pfuti yechigwagwagwa iyoyo yakarongwa, yakanangiswa kusvika pane chimwe chiyero. Asi, muhondo chaimo, inogona kukwidzwa kumusoro kana kudzikiswa pasi. Maona? Saka—saka zvakati siyanei zvishoma ipapo, munoona, kupfuura—kupfuura zvazviri. Saka tine. . .

³¹ Zvino, uku kudzidziswa, pano. Asi kunze uko uri pamberi muhondo, saka tiri kuzotarisana nemuvengi zvino. Saka taisimborwa. . . kuimba karwiyo pano, *Kurwa Kuri Kutoitika*. Pane achiri kurangarira rwiyo irworwo here?

Kurwa kuri kutoitika, O imi varwi veChikristu,
 Uye takatarisana chiso nechiso zvisina kana
 tsitsi,
 Nezvombo zvichipenya, nemavara
 achivaimira,
 Chakanaka nechakaipa zviri kurwisana nhasi.

Ndizvozvo chaizvo. Maona?

Kurwa kuri kutoitika, asi musaneta,
 Ivai makasimba uye musimba raVo mubatisise;
 Kana Mwari vari kurutivi rwedu, mureza waVo
 uri pamusoro pedu,
 Tichaimba rwiyo rwemukundi pakupedzisira.

³² Ndizvozvo chaizvo. Zvino, pane zvakawanda zvandanga ndichifanira kutaura, mangwanani ano, asi ndaita sekuzvidimburira, apo vanhu vedu vakamira vakamanikidzana. Uye vane masipika madiki ekunze, nenhepfenyuro diki, ndinofunga, kuti motokari yese inokwanisa. . . Hurongwa hwekutepfenyura hunoita kuti tibude mayadhi akawanda kubva patabhenakeri, nahwo. Uye saka, isu, tiri kuedza kutenda kushanya kwemunhu wese ari pakati pedu mangwanani ano.

³³ Zvino, tisati taenda mberi, ngatitaurei kuti. . . Zvino, tichingopedza sevhisi ino, ndofunga kuti, pane sevhisi yerubhabhatidzo. Kutanga, mutsara wekunamatira vanhu. Tichanamatira vanorwara, mangwanani ano. Ndinofunga, Mwari vachiuya panzvimbo yechiitiko ndihwo humboo hwezvatiri kutaura nezvazvo, rumuko rwaVo. Vapenyu here, kana kuti haVasi vapenyu? *Iyi* inongovawo ngano here, kana kuti Ichokwadi? Kana Vari vapenyu, Vakaita vimbiso, “Ndichava nemi nguva dzose, kunyange kusvika kumagumo enyika.” Zvino, kana Va—kana Vakauya pakati pedu pano voratidza kuti Vari pano, ipapo hapasisina zvekufungidzira pamusoro pazvo. Maona?

³⁴ Rangarirai, zvitendero zvose zviri panyika, zvine mazuva azvo akayereswa nemahoridhe, nezvimwe zvakadaro. Asi hapana chimwe chazvo chinogona kuratidza kuti muvambi wavo. . . Kuti, rufu rwakamutora, ndokubva zvapera zvakadaro.

Asi, chedu, chinamoto cheChikristu, Muvambi wedu akafa ndokumukazve.

³⁵ MuMexico, nguva pfupi yadarika, pandaibvunzwa nevebepanhau, nezverumuko rwekacheche kainge kafa mangwanani iwayo na 9 o'clock. Uye na 10:30 husiku ihwohwo, 10:30 kana 11 o'clock, kakamutswa kubva kuvakafa, imomo chaimo mumaoko amai papuratifomu, pamberi pemakumi ezviuru zvevanhu. 30,000 vakauya kuna Kristu husiku ihwohwo. Maona? Saka, zvino, unogona kufungidzira zvaivepo.

³⁶ Zvino muchinda mudiki uyu, ndakaona chiratidzo pamberi pangu; uye chikataura pamusoro pekuti zita rake duku raiva ani, nezvose. Zvino amai vacho vakanga vari kumashure-shure uko, vakanga vasina kuwana kadhi rokunamatirwa, vasingakwanise kupinda mukati. Asi havana kuzoita zvokukwira kumusoro, nemumutsara. Saka pavakaunza kamwana aka; kwainaya, kuchitsvotsvomedza.

³⁷ Tinofunga nezvekumira kwedu; fungai nezvavo. Vaisvikapo na 9 o'clock mangwanani, kuitira sevhisi yaizotanga na 9 manheru iwayo. Vakamira muzuva rinopisa, vakazemberana, kuitira mumvuri. Vakamira, kwete kugara; kumira. Uye ndiwo maitiro avanoita, Africa nenzvimbo dzakasiyana, muIndia, uko hafu yemiriyoni inoungana, panguva imwe chete.

³⁸ Zvino, mudzimai mudiki uyu haana kana kukwanisa kuwana kadhi rekunamatirwa. Vanodarika, maasha angaita 300, vachimudzivisa, kuti asakwanisa kupinda mumutsara wekunamatirwa. Zvino ndakamira ipapo ndichinamatira kamwana aka; mudzimai mudiki, weChikatorike. Mweya Mutsvene ndokudanidzira ukati, "Muudzei auye naye kuno."

³⁹ Uye mwana mudiki wacho, ari muchigumbeze chakanyorova; anga akamirapo kubva mangwanani iwayo. Chiremba akanga amuti afa. Zvino, tine gwaro rachiremba pamusoro pazvo, rekuzivisa kuti akafa, mangwanani iwayo nenguva dza 9 o'clock. Zvino uhwu hwaive husiku ihwohwo, tave kutosvika pakati pehusiku. Zvino ini, maringe, nezvakaturwa nechiratidzo, ndakaenda, ndikanoisa maoko pamwana mudiki. Hoyo uyo ari, mupenyu. Chiremba akapa huchapupu.

⁴⁰ Ndakaitwa indavhiyu nevebepanhau. Uye saka, pasina chandinopesana nezvinotendwa nemumwe munhu, chero bedzi zvichienderana neBhaibheri, zvakana. Asi murume wacho akanga achindiita indavhiyu aive muKatorike, zvino akati kwandiri, "Munotenda here kuti vasande vedu vanogona kuzviita?"

⁴¹ Ini ndikati, "Kana vari vapenyu." Hongu, ndinoziva chechi yeKatorike inotenda kuti unofanira kunge wakafa, kuti unzi musande. Saka ndakabva ndati, "Kana vari vapenyu, hongu."

Zvino iye ndokuti, "Oo, haugone kuva musande kusvikira wafa."

42 Ndikati, “Pauro akanga ari mutsvene asati afa here kana kuti mushure mekunge afa? Ainyorera ani, vanhu vakafa here, paakati iye, ‘Kuvatsvene vari paEfeso,’ uye nevatsvene vari pane *imwe* nzvimbo? Haaigona kunyorera kuvanhu vakafa, munoziva.”

43 Saka akabva ati, “Zvino muri kuedza kuenzanisa nyaya yenyu neBhaibheri. Isu ndisu chechi.”

Ndikati, “Zvakanaka, changamire. Horaiti.”

Zvino iye ndokuti, “Isu ndisu chechi.”

44 Ndikati, “Saka ngationei chechi ichizviitaka.” Maona? Saka, zvino, ndiKristu oga anogona kuita izvozvo. Munozviziva.

Akati, “Munofungei nezvekereke yeKatorike?”

Ndakati, “Ndinoshuva kuti dai musina kundibvunza izvozvo.” Maona?

Akati, “Manjeka, ndinoda kuzvinzwa.”

Ini ndikati, “Ndicho chiyero chepamusoro-soro chezvekunamata midzimu chiripo.”

Zvino iye ndokuti, “Zvemudzimu?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Akati, “Munozviona sei izvozvo?”

45 Ndakati, “Chero chii zvacho chinodeketera kuvakafa; kuyanana kwevasande, munooona.”

Zvino iye akati, “Zvino, munonamata kuna Kristu, uye Akafa.”

Ndikati, “Asi, Akamuka zvakare, munooona.”

46 Saka, ndicho chinhu chakanaka chatinoziva, Akamuka zvakare. Hativongi here?

47 Ngatikotamisei misoro yedu tiMutende nokuti Akamuka kubva muguva achiitira kururamiswa kwedu.

48 Baba veKudenga, tinotenda mangwanani ano nekuda kwaJesu; uye nhasi, mukurangerira rumuko rwaKe rwukuru, pamangwanani ekisimusi aya paAkamuka kubva kuvakafa, akunda rufu, gehena, neguva. PaAiva panyika, Akaratidza kuti Akanga akunda hurwere, matenda, ne—nemarudzi ose emadhimoni uye nemasimba. Ndokubva rufu rwazvambarara pamberi paKe, muvengi mukuru uye wokupedzisira. Zvino pamangwanani eEsta Akaratidza kuti Aiva Mwari. Akamuka kunyange kubva kumuvengi wekupedzisira, akatadza kuMubata. Guva rakaMuregedza; gehena rikatoMubuditsa; Denga ndokuMugamuchira.

49 O Mwari, dai mwoyo yedu yaMugamuchira nhasi, musimba reMweya Mutsvene, kuti tive varemekedzwa vaKe, mienzaniso yaKe—yaKe, yevaranda vaKe pano panyika, yatiri vatorwa. Zviiteiwo.

⁵⁰ Ropafadzai vese vari pano. Mwari, vanhu vakakosha ava vakamira, vamwe vavo vakatsvikinyidzana muno kubva pakubuda kwezvava. Ndinonamata, Baba veKudenga, kuti Mudururire “zvakanwanda nekupfuurira kudarika zvose zvatingagona kuita kana kufunga,” pamusoro pavo nhasi, uye mugovapa zvishuwo zvakanwanda zvenwoyo yavo. Zvavingwa nemunhu wose, mangwanani ano, dai vakadzokera, vagutsikana. Imi makati haMungamborambira chero ani zvake, asi Muchamuzadza nezvinhu zvakanaka, uye momuendesa achifara. Zviiteiwo, Ishe.

⁵¹ Dai husamasimba hweNyu, dai Mweya weNyu Mutsvene, musimba rerumuko, zvanyatsoshanda nemumwe nemumwe wedu kusvika tariro yedu yarega kuvakwa pane chimwe chinhu chisiri Ropa raJesu nekukurama. Zviiteiwo, Baba.

Ropafadzai Mashoko atiri kuverenga zvino.

⁵² TinoKutendai nemharidzo yakaisvonaka mangwanani ano, patauya mangwanani-ngwanani kucheche. Uye tichiKuonai muchitora hama yedu, uye neshanduko huru kwazvo mavari munguva shoma, nekuunza mharidzo kuchizvarwa chino chevanhu vari kufa chatiri chikamu chacho zvino, tinoKutendai nokuda kwazvo, Ishe! O Mwari, mwoyo yedu inodendera nemufaro patinofunga pamusoro pezvezvinhu izvozvo. Zvino, vachengetei vakazodzwa, Ishe, zvichidzika nemumazuva ari mberi kwavo, Ishe.

⁵³ Uye ropafadzai chechi ino diki. Uye ndibatsireiwo, Ishe, pandinoenda kunosvitsa Mharidzo kune vamwe vanhu. Uye dai isu, pamwe chete, semunhu mumwe, mhuri imwe, tanyatsobatana, uye tonamata pamwe chete, uye togara pamwe chete muhumwe hutsvene hweMweya Mutsvene kusvikira Jesu azotigamuchira muHumambo. Nokuti tinozvikumbara muZita raKe uye nokuda kwekubwinya kwaKe. Amen.

⁵⁴ [Hama Neville vanoti, “Hama Branham, ndingawanawo here mukana wekumbokumisai?”—Mupepeti]

Chokwadi munokwanisa henyu, hama.

[“Sechiratidzo chekutenda kwedu uye neba—basa rakaitwa nemujaya ari pakati pedu, tinopa mufananidzo uyu kwamuri, Hama Branham, nekuratidza kuzere kwerudo rwezu nekutenda.”]

Maita henyu, Hama Neville, netabhenakeri.

[“Mujaya wacho ndiJerry Steffy, akapenda mufananidzo iwoyo.”]

⁵⁵ Hama Jerry Steffy vakapenda mufananidzo iwoyo. Mwari varopafadze mukomana iyeye. Wakanakisa kwazvo, Jerry, kana uri pano mangwanani ano. Zvakaipa kwazvo, ndinoshuva kuti dai ndine nzira dzekuti mukomana uyu aende kuchikoro chezvekudhirowa mifananidzo. Ndinotenda kuti Mwari vari

mubasa rehumhizha. Hamutendi kudaro here? Mwari vari mumumhanzi. Mwari vari mubasa rehumhizha. Mwari vari mune izvi. Uye zvakanyanyisa kuipa kuona tarenda, rakadaro, risingazosviki pakunyatsokwaniswa. Paanoramba achizviita, ndipo panowedzera kuita zviri nani. Uye ndi—ndinonamata kuti Mwari vazokuropafadza, Jerry.

⁵⁶ Uye ndinokutendai, Hama Neville, nekuchechi ino, nemufananidzo wakanakisa uyu nechinyorwa chiri pasi pawo. Ndichachiverenga gare-gare. [Hama Neville vanoti, “Munoda kuti ndichiverenge here?”—Mupepeti] Zvakanaka, changamire. Hama Neville vachaverenga chinyorwa chacho. Ndanga ndiine karuzivo kekuti chii... [Hama Neville vanoverenga *Rukudzo Kune Uyo Anokudzwa*.]

- [Havasi munhu wechimiro chakareba, kana anozvikudza munzira yavo,]
- [Havazviridzire hwamanda pavanofamba zuva nezuva.]
- [Havana chishuwo chepfuma kana mukurumbira, asi hapana angagona kuzadza nzvimbo yavo;]
- [Vanongova sezvatinovada kuve vari, vedu vanodikanwa Hama Bill.]
- [Vanotidzidzisa nokutendeka Shoko risina kurerutswa,]
- [Vasina nzira dzinoshamisira, vasina chido chekurumbidzwa, vachingotevera Ishe chete.]
- [Vanotaura zvakapfava uye zvinyoro-nyoro, havasimudzi izwi ravo,]
- [Kunze kwekudanidzira vachipikisa chakaipa, zvino ipapo havana zvavangaitawo.]
- [Havana kumbowana dzidzo yakawanda kubva kumakoreji nekuchikoro,]
- [Asi vanoziva zvakakosha uye zvechokwadi haugone kuvanyengedza.]
- [Nokuti zivo yavanopihwa ndeyaZiyendanakuenda inobva Kumusoro,]
- [Havana chitendwa, kunze kwaKristu wedu, havana murawo kunze kweRudo Rwunozvitongera.]
- [Hapana kuva nekushambadzwa kukuru pakuberekwa kwavo kwepasi-pasi, kwakaninipa,]
- [Asi kwatiri ndivo munhu mukurusa anorarama panyika.]
- [Tinozvitora sezvinopfuurira mukana mukuru kuvaziva seshamwari,]
- [Tinokoshesa zvose zvavanomiririra, uye

tichadaro kusvika chaiko kumagumo.]
 [Vanozviti havasi muparidzi, vanoqvibata
 nekudzikama kwose,]
 [Asi vaisei papurupiti zvino hazvina kuoma
 kuti muone,]
 [Vakafanogadzwa semuporofita, regai vanhu
 vazvidane zvavanoda,]
 [Mwari vakatipa nyasha huru paVakatipa
 Hama Bill.]

[“Pakasainwa, ‘Boka duku.’”]

⁵⁷ Maita henyu, Hama Neville. Ndinokutendai nemifungo yenyu. Ndiani akanyandura izvozvo? [Hama Neville vanoti, “Ndinofunga ndimai vake vakadaro.”—Mupepeti] Ndizvo. . .

⁵⁸ Handikodzere zvinhu izvozvo, kutaura kwakadaro, asi zvakandikoshera kupfuura mari yose iri munyika. Maona? Chimbofungai, mumwe munhu anokutora semuranda waKe, munoona, se—semuranda waMwari. Dai ndaramba ndichirama ndakatendeka kwazviri, ndiwo munamoto wangu. Mwari vakuropafadzei nguva dzose. Pfungwa dzangu dzichagara dziri kwamuri. Uye ndinokudai zviri pachena, zvakare.

⁵⁹ Zvino, oo, tine zvinhu zvakanwanda kwazvo, tinogona kungutora zuva rose rakazara tikasatombosvika kuShoko, munoona, pane zvinhu zvakanwanda zvakanaka kwazvo.

⁶⁰ Ndine chi—chiratidzo chakabva kunaShe chandanga ndichazotaura chimwe chinhu pamusoro pachu, uye—uye mumwe munhu akarota chiroto, icho, oo, ndakafunga kuti chaishamisa kwazvo, chekuuya kwaShe. Uye ini. . .

⁶¹ Rebekah mudiki, mwanasikana wangu ari kumashure uko. Ini. . . Kunyangwe ndambomuseka nguva shoma yadarika. Abuda, akapfeka imwe mhando yengo—ngowani huru. Ini ndikati, “Zvinoka, mudiwa, iri kutaridzika sedendere reshiri,” ndikati, “zvimiti zvose zviri mairi, nezvose, kudaro.” Ndikati, “Enda, unoibvisa.”

⁶² Zvino, abva azondipindura. Mumaminetsi mashoma aadzoka; munoziva, mapinduriro aaita kwandiri, kwanga kuri kudzokera. Auya nezihendibhegi rakakura, akaritakura. Ndikati, “Chabvepiko chinhu ichocho?”

⁶³ Iye ndokuti, “Baba,” akati, “Ndine tsoka hombe, saka ndafunga ndichangotora zihendibhegi rakakura kuti zvimeche.” Saka, oo, ava!

⁶⁴ Asi ati akarota kaviri kese kuti ini naye taifamba mumotokari, uye ini ndichimuudza nezvekudzoka kwaShe kwaive pedyo; chiroto chimwe chete, kechipiri. Ndakamirira kechitatu; zvichida Ishe, ipapo, vachandipa zvachinoreva.

65 Zvino, pane zvinhu zvakanakanda kwazvo zvekutaura, asi handei kuShoko zvino.

66 Munhu wese ari kunzwa zvakanaka, ndinovimba kudaro. Uye kana usiri, ndinonamata kuti Mwari vakuite kuti unzwe zvakanaka shumiro ino isati yapera, kuti pasazova nemunhu ane hutera pakati pedu mangwanani ano, shumiro ino painopera.

67 Zvino, tinofanira kurangarira kuti Kristu akafira vasina humwari, uye tiri isu. Maona? Ndisu vacho. Uye Akatifira, kuti Agotiponesa.

68 Zvino, muri kunzwa kumativi ose here, zvakanaka? Kumashure-shure uko, muri kunzwa zvakanaka here kumashure uko? Zviri kusvika kumashure ikoko here? Zvakanaka. Horaiti.

69 Zvino ndinoda kuverenga rimwe reShoko raVo. Kutanga, ngativhurei zvino kuBhuku raJoere, uye ndinoda kuverenga ndima 1, ndima 1 kusvika 4. Uyezve yechi 2, kusvika kune. . . Chitsauko 2 uye vhesi 25. Uye Genesi 20:7. Zvino, ndinotenda. . .

70 Zvino, kana ukaneta uye uchida kubuda, pfuurirai hako mberi. Maona? Asi, ino ichava Mharidzo yangu yekupedzisira kuChechi, kune, chikamu chino cheChechi, kwenguva yakati kuti. Uye tiri kutarisira shumiro yekunamatira vanorwara mangwanani ano. Uye ndi—ndiri kuda Mharidzo ino, kana Mwari vakaIropafadza, kuti—kuti isinine pakadzika mumoyo yedu, kuti tigowana zviri kurehwa nezvaInoreva.

71 Zvino, tiri pano kuti tigoreva, ku—kutura zvinhu zvatinotenda, nekuzviratidza neMagwaro, kuti Rugwaro rwunotaura kudaro; zvino dai Mwari vakadzoka vozviratidza, kuti ichokwadi, ndizvozvo, vozviita zvezmazvirokwazvo. Sezvakangoita chero. . .

72 Unoti, “*Iyi* imbeu yesanifurawa.” Idyare uone kuti chii. Zvino, ikabuda iri sanifurawa, zvinobva zvaringana. Yanga iri sanifurawa. Maona? Ndizvo zvoga.

73 Zvino, uye kana vamwe vavo vakachinjana zvigaro, pano neapo; mumwe munhu ogara pasi, vamwe vosimuka vombomira zvishoma. Uye ndichangotaura muchidimbu nepandinogona napo.

74 Zvino, rangarirai, ndinamatireiwo. Uye ingovimbikai kuchechi zvino; garai ipo pano pachechi, naHama Neville. Uye imi vanhu vari kushanya, manje, zvinoka, dzokaiwo zvakare.

75 Uye zvino ndiri pamisangano iyi, ndichienderera mberi pasina chero ani zvake anyatsofona. Asi, handingangogara; nyika iri kufa. Maona? Zvino Pauro akambova nechitiko ichocho imwe nguva. Zvino akanga achienda kune imwe nyika, uye ipapo akabva adanirwa kuMakedhonia, ari munzira. Zvino, Mwari vanogona kudanira Makedhonia, chero nguva. Ndinokanzura chero chii zvacho, kana Mwari vadana.

⁷⁶ Ndiri kungoita nepandinogonesesa napo, kuenda kune kona *iyi*, ndodyara mbeu; uye neche *apa*, ndodyara mbeu shoma; uye neche *apa*, ndichikanda, ndodyara mbeu shoma. Ndinoziva, shiri dzedenga dzinotora zhinji dzacho; uye dzimwe dzacho dzinovhungwa, nezvimwe zvakadaro. Asi panogona kunge paine shoma, imomo, dzinomerawo, zvakare, munoziva, paivhu rakanaka. Saka ngatingodyarai mbeu, ndicho chinhu chikuru.

⁷⁷ Chiverengwa chinoshamisa kwazvo, kumharidzo ye—yeEsta, Joere, chitsauko 1.

Shoko raJEHOVHA rakasvika kuna Joere mwanakomana waPetueri.

Inzwai izvi, imi vatana, murereke nzeve, . . . imi vagari venyika ino. Ko zvakadai zvakamboitwa pamazuva enyu, kana pamazuva amadzibaba enyu here?

Udzai. . . vana venyu nezvazvo, uye vana venyu vaudzewo vana vavo, navana vavo vaudze chimwe chizvarwa chinotevera.

Izvo zvakasiiyiwa nomuteteni zvakadyiwa nemhashu; neizvo zvakasiiyiwa nemhashu zvakadyiwa negwatakata; neizvo zvakasiiyiwa negwatakata zvakadyiwa nomupedzachose.

⁷⁸ Zvino vhesi 25 yechitsauko 2.

Zvino ndichadzoreredza kwamuri makore akadyiwa nemhashu, gwatakata, nomupedzachose, nomuteteni, yangu. . . nomuteteni, iyo hondo yangu huru yandakatuma pakati penyu.

Uye muchadya zvakananda, nekugutswa, uye mucharumbidza zita raJEHOVHA Mwari wenyu, wakakuitirai zvinoshamisa: uye vanhu vangu havazofi vakanyara.

⁷⁹ Muna Genesi, 20, Genesi. Chitsauko 20 chaGenesi, uye vhesi 7. Ndinoda kuverenga izvi, kutevera. . . sechirevo kuchidzidzo chandiri—ndiri kugadzirira kutora. Ndichatanga nendima 6, kuti ndiwane nheyo yeizvi.

Zvino Mwari akati kwaari muchiroto, Hongu, ndinoziva kuti wakaita chinhu ichi pakururama kwemwoyo wako; nokuti ini—nokuti ini zvakare ndakakudzivisa kuti urege kunditadzira: naizvozvo handina kukutendera kumubata.

Naizvozvo zvino dzorera murume uyu mukadzi wake; nokuti muporofita, uye achakunyengerera, zvino uchararama: zvino ukasamudzosera, ziva. . . kuti uchafa zvirokwazvo, iwe, navose vari vako.

⁸⁰ Zvino, ndinotora kubva pane chinyorwa ichi, kana kubva mukuverengwa kweGwaro iri, mhedziso yechidzidzo, chinonzi, “dzoreredza.”

⁸¹ Zvino, mushure mekunge Hama Neville vaparidza mangwanani ano, mharidzo iya inoshamisa, pachinhu chekupedzisira chavataura papfungwa dzavo dzekupedzisira, kwanga kuri, “Kudzoredzwa.” Uye saka zvandipa pfungwa, ipapo chaipo, yekuti ku “dzoredza.”

⁸² Zvino, ndamhanyira kumba ndokutora duramazwi rangu, nezvimwe zvakadaro, nemamwe manotsi eMagwaro, ndokutanga kukopa zvimwe zvinhu ndichinyora pasi. Zvino ipapo ndabva ndatora duramazwi raWebster, kuti ndiwane tsananguro chaiyo yekudzoredza. *Kudzoredza*, zvinoreva kuti, “kudzosera kune muridzi wepakutanga, kana kuti kudzosa pachimiro chechinhanho chepakutanga.” Uye tinogona kupa chisungo tichimanikidzira, kuti padzoredzwe.

⁸³ Zvino, ndizvo zvinotaurwa naWebster kuti izwi rekuti *kudzoredza* rinoreva kuti, “Kudzosera kune muridzi wepakutanga, kana kuti kudzosa pachimiro chechinhanho chepakutanga.” Zvino kana paitwa chisungo pane chimwe chinhu, kuti kudzoredza ikoko kuitwe, unogona kuchimanikidzira, kuchiita kuti chidzoke panzvimbo yacho chaiyo.

Uye dai Mwari varopafadza mashoko aya ane hutera zvino.

⁸⁴ *Kudzoredza*, zvinoreva, “kudzosa.” Kana kuti, kudzoredza, chi—chisungo chinogona kumanikidzirwa, zvino, kudzosa chero chinhu kumuridzi wacho chaiye, kwachinobva. Naizvozvo, neimwe nzira, chakabva pane muridzi wacho chaiye, uye chinogona kudzengerera chero kupi zvako. Asi, kudzoredza, kuchidzosa kumuridzi wacho chaiye, kana kuti kuchidzosa pachimiro chacho chemasikirwo achanga chiri pakutanga, kuchidzosa muchinhanho chacho chepamasikirwo. Uye kuti tiite izvi, tine kodzero yekumanikidzira, kana paine mutemo, kumanikidzira chinhanho ichi chakakodzera chedzoredzo, kudzoredza.

⁸⁵ Sekuti kana mumwe munhu akaba chimwe chinhu, uye vova nechinhu chacho vakachitapa. Zvino unogona kutora mutemo woenda kumunhu uyu, uye mutemo womumanikidza, womanikidza munhu uyu kuti adzose chingu ichi kumuridzi wacho chaiye, muchimiro chacho chepakutanga.

⁸⁶ Kumanikidzira! Oo, chidzidzo chakadini! Ndingada zvikuru kuva nemazuva 2 pane iroro rekuti, kumanikidzira!

⁸⁷ Zvino, Hama Neville vatiparidzira. Ndichangotaura nemi, ndodzidzisa chidzidzo cheSunday school saka zvicha—zvichaita kuti chienderere mberi, ndinovimba, nezvavanga vainazvo.

⁸⁸ Kumanikidzira! Zvino, tiri...tine mukana wekumanikidzira, pana Satani, kutora zvose zvatakapiwa naMwari. Nokuti, Mwari vane murairo, uye Shoko raVo murairo, uye Mwari muShoko iri vane zvimwe zvakataura kuChechi. Naizvozvo, tine kodzero yekumanikidzira mashoko

akataurwa aya pana Satani, uye toti, “Zvidzose,” uye anofanira kuzviita. Nokuti, tinokwanisa kutora Mumiririri waMwari, Mweya Mutsvene, toenda pamabvi edu chaipo, toti, “IZVANJI NAJEHOVHA.” Anofanira kuzvisiya, ndizvo zvoga, nokuti Mweya Mutsvene uripo kumuita kuti azviite.

Murairo wenyika unomanikidzira. Unoitwa nenyika, uchiitira nyika.

⁸⁹ Asi murairo weMweya waMwari ndewokumanikidzira Satani kuti aregedze icho chaakatora kuna Mwari nokusarurama, nehunyengeri. Mweya yevarume, yaakatora kubva kuna Mwari; mweya yevakadzi, vana. Hurwere hwemumuviri, hwaakaisa pavanhu. Apo, Mwari vakavasika vari mumufananidzo waVo, kuti vafanane naVo, uye Chechi inopihwa kodzero chaidzo dziri pamutemo, neBhaibheri, kutora Mweya Mutsvene nokumanikidzira izvi paari.

⁹⁰ Ndinotenda kuti ndakambozvita, mumusanganano wekupedzisira pano. Handina chokwadi. Asi imwe hama yakauya kuLouisville, ichibva zasi kuGeorgia, ndokusiya motokari yavo igere ipapo, zvino mumwe munhu akaiba. Zvino vaive nehembe dzavo, hembe dzemudzimai vavo, hembe dzevana vavo. Vaiva Hama Evans pano. Kazhinji vanenge vari pano. Vanotyaira mamaera 1,500, zuva rega-rega, patine shumiro pano, vachiuya kuno kuzowana shumiro. Zvino muchinda anonzwa urombo akanga ari pano asina kana chinhu, uye ari mamaira 700 neanoraudzira kure nekumba. Zvino akanga asingazivi zvokuita.

⁹¹ Vakapira nyaya yacho kumapurisa. Asi vaiva neboka guru rematsotsi muLouisville; vaiba mota, vachidzipenda. Uye unogona... hauto bodi bhuku remota, ikoko, kuti uitengese. Uye vanogona kukugadzirira bhuku remota, mumaminetsi mashoma, voisa chero nhamba yaungade kuisa pairi. Zvino saka vakanga vari panguva yakaomarara.

⁹² Saka takapfugama nemabvi edu. Maona? Zvino, Jesu aisafanirwa kunge akaita izvozvo, nokuti Aiva Shoko. Zvino, isu hatisi Shoko. “Shoko raJehovha rakauya kuvaporofita.” Vakanga vasiri Shoko, asi Shoko rakauya kwavari. Asi Jesu aive Shoko. Maona? Akanga asingadi kuti ave anonamata. Akanga ari Mwari, pachaKe. Maona? Asi tiri—tiri vaporofita vaKe, varanda vaKe, avo vanovingwa neShoko raShe. Zvino, muporofita anosimbiswa nokuti, iShoko raShe here kana kuti kwete, nezvaanotaura zvinoitika.

⁹³ Saka tava neGwaro pano, iro Jesu akati, “Pose panoungana 2 kana kudarika muZita rangu, uye kana vakabvumirana, Ndichava pakati pavo. Uye kana vakabvumirana pamusoro pechero chii zvacho uye vochikumbira, vorega kupokana pachiri, vachawana chavanenge vakumbira. Chichapiwa kwavari.”

⁹⁴ Zvino, hoyo—hoyo murairo. Zvino, Wacho ari pano kuzomanikidzira murairo iwoyo ndiMweya Mutsvene. Ko zvodini vanhu vasingatendi muMweya Mutsvene, votoUramba? Maona? Kura-...Uri kuramba rugare rwako pachako netsitsi. Maona?

⁹⁵ Zvino, takaenda pamabvi edu, varume vangangosvika 5, naHama Fred Sothmann ne—nevamwe vazhinji vakange varipo, varume 4 kana 5. Zvino takapfugama, uye ndikareverera nyaya iyi pamberi paMwari. Ndokubva ndatora Shoko, kana vimbiso, ndokuRitumira. Mweya Mutsvene mukuru, paWakatora Shoko, kuti ripe masamanisi, chiratidzo chakavhurika ndikaona murume achienda akananga kuBowling Green, Kentucky, akapfeka shati yeyero, achityaira pikiapu yavo. Mweya Mutsvene wakauya paari, ukamupa mhosva, ndokukomuka achidzoka, pangada kuita pakati-nepakati. Ndakamuona achidzoka ndokupaka mota iya pane mumwe mugwagwa, mhiri kwerwizi kuno. Ndakasimuka ndikaudza hama, “ZVANZI NAJEHOVHA.”

⁹⁶ Zvino vakati vabuda, vakapinda munzira yacho. Zvino hapo paive nemotokari imirepo, peturu iri mutangi yave pahafu, apo ta—tangi riri pahafu, apo rakanga razadzwa, yaingokwana, kuti imusvitse hafu yakanga yasara kusvika kuBowling Green nekumudzosa. Zvino, varume ivavo vagere pano mangwanani ano, sechapupu.

⁹⁷ Chii ichochi? Kumanikidzira. “Chidzosere.” Maona? Ndizvo. Ndizvo zvazviri kutura nezvazvo. “Chidzoredze. Chidzosere kumuridzi wacho chaiye.”

⁹⁸ Uye kana Satani akakubira ropafadzo rekuva mwanakomana kana mwanasikana waMwari, tine kodzero mangwanani ano, neMweya Mutsvene, kumanikidzira zvakataurwa naMwari. “Vadzosere.”

⁹⁹ Kana akakutambudza, uye akakurwarisa, tine kodzero pamberi paMwari yekumanikidzira mirairo yaMwari. “Nemavanga aKe takapodzwa.” Ameni. “Mudzosere. Musunungure. Uri kumuendesa kunze uko, kurufu, uye tinomutora. Mudzosere iye zvino.”

¹⁰⁰ Ndiko kumanikidzira kwacho; chidzoredze kuchinhano chacho chemazuva ese zvakare. Murume ari kurwara; mwana ari kurwara; mudzimai ari kurwara. Maona? Vabuda muchinhano chavo chemazuva ese. Zvadaro tine kodzero yekumanikidzira kutora zviri zvedu. Zvisati zviri *zvedu* isu. Ndezvedu nekuti Mwari vakazvipa kwatiri. “Nemavanga aKe takapodzwa. Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwevu. Nemavanga aKe takapodzwa.” Zvino tave nekodzero yekumanikidzira murairo iwoyo. Uye Mupi we—weMurairo, Mweya Mutsvene, pachaWo, uri pano, Mumiririri waMwari, kuti aone kuti zvaitwa saizvozvo. Ameni.

101 Zvino, nzira chete yaUnogona kushanda nayo, ndeyokunge waUrega uchishanda. Maona? Unofanira kuzvitenda. Pane murairo. Oo, kana ndikazosvika kuchidzidzo changu. Pane murairo. Pane murairo wakapihwa pakati pezvinhu zvese.

102 Munoziva, hove ine murairo. Uye hove iyoyo inogona kumira kumusoro kuno mumvura, uye ine murairo mairi. Kana ikangosiya murairo iwoyo uri mairi, inogona kunyura pazasi chaipo pegungwa. Hazvizoinetsa nepadiki pose. Hazvizopamuri chizenga chimwe. Iwe chingoedza kuzviita. Murairo iwoyo hauzi mairi. Haugone kuzviita, asi hove inogona. Inobuditsa mweya wese kubva mairi, nenzira yekuti haikwanise, hapana chinhu mairi chinopamuka. Uye yakagadzirwa saizvozvo. Inozviziva. Uye inogona kushandisa murairo iwoyo, kuzvisvitsa pazasi-zasi pegungwa, uyezve yozvisimudza ichidzoka zvakare. Oo!

103 Muna Kristu makanga mune murairo. Murairo iwoyo uri muvanhu. Unogona kumuviga muguva rakadzika-dzika, kana gungwa rakadzika-dzika, kana ge—gehena rakadereres. Pane murairo, weMweya waMwari, uchamumutsa zvakare. Maona?

104 Shiri ine murairo. Zvino, mutumbi wayo ndewenyama. Ndeyepanyika, inogara panyika pano. Asi ine murairo mairi, wekuti, nenzira yainotambanudza nayo mapapiro ayo, inogona kubhururukira kure chaiko zvekusaonekwa. Izvozvo zvinopesana nesainzi. Vanoti ndeye—ndeyepano panyika; simba rinodhonzero pasi rinofanira kuibata pano. Asi inogona kupikisa simba rinodhonzero pasi, yozvisimudza kubva pariri uye yobuda kunze chaiko, nokuti inofanira kuita kuti murairo iwoyo uri mairi ushande. Uye yakagadzirwa kuti itore murairo iwoyo.

105 Zvino ndave kutanga kunzwa manyukunyuku ekunamata. Zvino, tine murairo, murairo weHupenyu huri matiri. Hati...Chinhu choga chaunofanira kuita...Makagadzirwa, nokuzvarwa, nokuiswa muno muMutumbi waKristu, sevanakomana nevanasikana vaMwari. Haudi kuti upfugamire dhiyabhore. Tine murairo. Ndiwo murairo weMweya Mutsvene. Chinhu choga chaunoziva...chaunofanira kuita, kuziva mazrorero uye wotendera Mwari. Ukaramba uchirwisana nazvo, unoona, zvino hazvimbofe zvakashanda. Kana, ukazorora hako wotendera Mwari, ndizvo zvoga. Maona?

106 Toti hove ikati, “Mirai, ndichambomira kufema zvakanyatsonaka. Ndichafemera mweya mushoma weoxygen mandiri, uye ndichazoono kana ndichigona kudzika.” Kwete. Ikaita izvozvo, inoputika. Maona?

107 Shiri inoti, “Ndichaona kuti ndingamhanya zvakadii zasi kuno, uye pamwe ndichasimuka.” Kwete. Haizozviita. Inowira pasi. Maona? Inofanira kuziva mashandiro, kuti murairo iwoyo unoshanda sei mairi.

¹⁰⁸ Uye ndizvo zvazvakaitawo nesu. Hazvisi izvo zvatinatorwisa, nekudhonza, ne—nekuchimbidza, neku—neku, “Oo, kana ndikasawana *izvi*, kana ndikasawana *izvo*.” Handizvo. Kuziva kuti murairo weHupenyu uri mauri, uye unongozorora hako wotendera Mwari. Zvino Vanobva vakuendesa pakupodzwa kwako, vanokuendesa kurubhabhatidzo rweMweya, kana chero chinhu chaVakavimbisa. Chero chii zvacho chaVakapa ndechako, zvino kubudikidza nokuzorora wotendera Mwari. Zvino, kana uri . . .

¹⁰⁹ Kana mupurisa anga ari—ari kuzotora munhu akakubira zvinhu zvako, ari kuzomuendesa kudare redzimhosva, uye iwe woramba uchimudhonzera kumashure, “Saka, handizivi kuti anofanira kuzviita here kana kuti kwete,” haazombomusvitsa ikoko. Ingomusiya aende.

¹¹⁰ Ndiyo nzira yaunoita nayo. Rega Satani angoenda, kupokana kwese nezvose zvitize kubva mupfungwa dzako, zvino Mwari vanozokusimudza. Zvakanaka.

¹¹¹ Zvino, inguva yeEsta. Oo, ndinoda Esta. Hongu, changamire. Asi pane zvakawandisa paEsta, nhasi, pamusoro petsuro, nemadhadha, nehuku dzepinki, nengowani dzakanaka, nemarokwe matsva; zvino izvozvo handiyo Esta. Esta ndirwo rumuko, kudzoreredza, kudzoreredza zvakare. Inguva yaMwari yekudzoreredza. Tarira panyika; Mwari vari kudzoreredza. Kudzoreredza chii? Zvisikwa. Ndizvozvo. Vari kudzoreredza maruva. Vari kudzoreredza mashizha. Vari kudzoreredza zvibereko zvemumunda. Chii ichochi? Mwari vari kudzoreredza. IEsta; inoreva kuti “zvidzose.”

¹¹² Chii ichochi? Pave nemu—mutongo, chirevo chatakatemwa. Mashoko akatemwa eEsta, kana kuti mashoko akatemwa eru—ru—ruva, rine kodzero yekumuka zvakare. Maona? Uye murairo waMwari wezvakasikwa unotenederedza nyika uye woita kuti murairo iwoyo waMwari, muzvisikwa, ugounza Esta, rumuko. Zvakanaka chaizvo. Kudzoka kwezuvu, kudzoreredza zvakaauriwa nemwaka wechando, panguva yaraisavapo panyika. Mwari vanotendeutsira nyika kuzuva, sezvatinoudzwa, kubva kumashure *kuno* uku.

¹¹³ Nyika, nyika yakaenda kure nezuvu, yakaenda kumashure *uku*. Ndiwo maitiro anoita mutadzi, anobva paM-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a. Zvakanaka, iri ndiro z-u-v-a. Asi nyika ino painotanga kudzoka. . . Zvino kana iri kunze ikoko, rufu rwunoirova, mwaka wechando. Chinouraya chinhu chose chipenyu chachinogona kuuraya, kunze *uku*.

¹¹⁴ Uye, zvino, kana nyika yadzoka. Mbeu dziri muvhu. Dzakagwamba nechando. Munyepfu wabva madziri. Izvo. . . Uye zvose zvaparara; asi pane hupenyu hudiki hwakachengetedzwa. Zvino panongodzokera zuva panzvimbo nenyika zvakare, panobva pava neEsta, kudzoreredzwa. Hayo

maruva anomera zvakare. Hezvo zvinhu zvese zvinouya. Zvose zvakauryiwa nemwaka wechando, zuva rinodzoreredza. Zvose izvo rufu rwemwaka wechando rwunouraya, zuva rehupenyu rinodzoreredza.

¹¹⁵ Uye ndizvo zvazviri zvino nevanhu. Zvose zvakauryiwa nekutonhora kwemwaka wechando, nechinamato chetsika kunze ikoko, kuswera pedyo kweMwanakomana waMwari mumazuva ano okupedzisira, achiuya kuChechi yaKe, kunoIdzoreredza kuHupenyu zvakare. “Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Maona? Mwari vanodzoreredza maruva aVo, mashizha aVo, zvisikwa zvaVo, mbeu yaVo yepanyika, uye naizvozvo tinoziva, zvino, kuti Mwari vachadzoreredza hugaro hwaVo zvakare. Vachadzoreredza Edheni yaVo. Vachadzoreredza zvinhu zvose zvakauryiwa norufu. Ndizvozvo. Zvino, nzira chete yainogona kuramba yakafa, ndeyekuisiya yakarara panzvimbo isiri iyo. Asi kana ikawira panzvimbo chaiyo, inofanira kudzoka kuHupenyu zvakare. Saka, Mwari, vakatiita kuti tiwire mugwara chairu, ndizvozvo, kuitira kudzoreredzwa.

¹¹⁶ Zvose izvo zvinouraiwa nemwaka wechando, zvino zuva rinodzoreredza. Kudzoka kwezuva, kunoitei? Kunomanikidzira. Teererei. Kunomanikidzira rufu. Kana zuva, zuva remupfumvudza radzoka rakanangana nenyika zvakare, rinotonyatsomanikidza rufu kuti rwuregedze vakafa varo, kuti vamuke, kuitira (chii?) kudzoreredzwa, “kudzoreredza zvakare.” Chii chinovhiita? Zuva, riri kuuya. Ndiwo murairo waMwari.

¹¹⁷ Mwari vakaisa nyika mumurairo, murairo wesimba rinodhonzera pasi. Zvinhu zvose muzvisikwa zvinoshanda maererano nemurairo waMwari. Zvino ruva rakashanda nguva yaro. Mbeu yakashanda nguva yayo; yakafira muvhu. Zvino zvadar pane kudzoreredzwa.

¹¹⁸ Uye zvino yakarara ipapo, yakafa. Hapana chinhu... Tinogona kutora rimwe rezviedza izvi zviri pano sezvizi, toribatidza pairi, uye hazvina kana chazvingambobatsira. Hapana nzira yekuti tizviite. Asi Mwari vane murairo, kuti kana zuva iroro rasvika pambeu, rinomanikidza hupenyu ihwohwo kubuda mumbeu. Rufu harwugoni kuibata zvachose.

¹¹⁹ Mwari vakaisa mirairo yavo yose kuti iVashumire, yose yepanyama neyepamweya, ichishanda maererano neShoko raVo, zvisinei nemamiriro ezvinhu. Ndinozvida izvozvo. Ndanga ndiine Gwaro pano pamusoro pazvo. Hongu, changamire. Mwari vanogadza mirairo yaVo yose kuti ishanda. Fungai nezvazvo. Ngazvisinine zvino, nokuti tiri kuuya kushumiro yekunamatira vanorwara mumaminetsi mashoma. Maona? Mwari vakaisa mirairo yaVo yose kuti ifambe, kuti ifanire kushanda maererano neShoko raVo Vomene. Muri kuzvibata here? Maona? Shoko raVo! Mirairo yavo inofanira kushanda maererano neShoko

raVo. Vakaraira zuva. Vakaraira mwedzi. Vakaraira nyika. Vakaraira zvisikwa. Uye zvose zvinonyatsopinda mumutsara chaimo, uye mirairo yose inoshanda ichiwirirana neShoko raMwari rakataurwa. Zvino murairo weHupenyu uri matiri uchatisvitsawo kurumuko. Unofanira kudaro. Hazvigoneki kuti iwo usadaro.

¹²⁰ Ndicho chikonzero, murairo weHupenyu waiva muna Kristu. Shoko parakataurwa, richiti, “Handizoregi iYe Mutsvene waNgu achiona kuora, kana kusiya mweya waKe mugehena,” pakanga pasina nguva yakakwana, pakanga pasina madhimoni akakwana, pakanga pasina chero hacho chakakwana, kuchengeta Kristu ari muguva iroro kusvikira (iYe) mutumbi waKe wotanga kuora, nokuti murairo waMwari waizoita kuti Shoko riitike. Uye murairo waMwari, kubudikidza neMweya Mutsvene, unounza chero vimbiso kuti iitike (mazvinzwisisa?), zvisinei nemamiriro ezvinhu.

¹²¹ Jobho akati, “Kunyange honye dzemunyama dzikaparadza mutumbi wangu, asi zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari.”

¹²² Zvisinei nekuti tiri vadiki sei, takaderera sei, hatina kuchena zvakadii, hatina hutsvene zvakadii, kuti tiri kurwara zvakadii, tiri kutambudzika zvakadii; murairo weMweya waMwari, kubudikidza neShoko raVo, unouita kuti uVateerere, unomanikidzira nyaya yacho, uye woti, “Chidzoserere!” Amenii. Oo, tikangofunga nezvazvo kwechinguvana. Kuzvimanikidzira, zvisinei nemamiriro ezvinhu. Zvisinei nemamiriro ezvinhu, murairo weShoko raMwari unomanikidzira chinhanho chacho kuita chiite zviri kudiwa neShoko raVo. Maona? Zvinotofanira kudaro.

¹²³ Zvino, kana ruva rirere apo, uye rakafa, mhodzi dzaora, dzapera, munyepfu wabuda, izvozvo hazvina kana chinhu chimwe chete chekuita nazvo. Rinomuka zvakare, nokuti Mwari vakaisa murairo, wekuti rimuke zvakare.

¹²⁴ Jobho paakarara muvhu (Zvichida, paakaona Jesu achiuya, aive makore 4,000 Jesu asati auya pano.), unogona kufungidzira kuti mutumbi wemunhu waitaridzika sei, mumakore 4,000, zvichida pachisina madota anosara anokwana kuti aende pamucheto wechipunu. Asi Jobho akati, “Asi munyama yangu ndichaona Mwari: Uyo wandichazvionera pachangu.”

¹²⁵ Uye Bhaibheri rinotiudza, muna Mateo 27, kuti mushure mekufa kwaKe, nekuvigwa, nekumuka, kuti, “Vazhinji vevatsvene vakarara muguruva renyika, vakamuka kubva muguruva.” Sei? Aiva muporofita uya, achitaura neShoko raMwari, uye Shoko rakanga rataurwa. Zvino murairo waMwari, kubudikidza neMweya, wakavamutsa. Bhaibheri rakati, “Vakapinda muguta, vakaonekwa nevazhinji.”

Aisangova Jesu bedzi akamuka, asi vatsvene vakamuka pamwe chete naYe.

¹²⁶ Sei? Muna Mapisarema, akati, “Simudzwai, imi masuwo ekusingaperi, uye musimudzwe. Regai Ishe weKubwinya apinde.” Zvino, paAkakunda rufu, gehena, guva, hurwere, akamuka nezuva retatu, “Akakwira Kumusoro, ndokutapa hutapwa.”

¹²⁷ Chaiva chii? Avo vakanga vari muhutapwa vakatarisira vimbiso yatava nayo zvino. Oo, hama! Vasina kana kumbova neMweya Mutsvene. “Asi, vakatenda, uye vakapa huchapupu hwakanaka. Zvino nahwo vakadzivisa miromo yeshumba, vakadzima hukasha hwemoto, vakapukunyuka pakuchekwa nemunondo, vakadzi vakagamuchira vakafa vavo vakamutswa kuhupenyu: pasina vimbiso.” Oo, asi vakatarisira! Pasi pechibairo chemakwai chaisagona kubvisa chivi, chaingogona kufukidza chivi chete. Asi vakatenda kuti kwaizouya Mumwe. Uye nokutenda kwavo, uko seri kwemumvuri, ameni, vakazviti ndezvavo. “Uye mukutsunga, vakadzengerera mumarenje, uye vakapfeka matehwe amakwai nematehwe embudzi; vakatambudzwa, uye vachishaiwa, uye nokurwadziswa.” Oo!

¹²⁸ Vanhu ivavo, vakatarisira rumuko irworwo, uye, kubudikidza naizvozvo, vakafa vachitenda, vaine huchapupu hwavo. Uye mangwanani iwayo eEsta, murairo iwoyo waMwari, wakanga wataura Shoko kubudikidza naJobho navamwe vaporofita ivavo, vakamuka kubva kuvakafa. Oo, ini zvangu! Hezvoka izvo. Zvisinei nemamiriro ezvinhu!

¹²⁹ Vamwe vanhu vanonzwa kuva nemhosva kwazvo, zvekuti havadi kutarisana nekutongwa kupi zvako. Oo, vanhu vazhinji! Hazvina kuoma kufa. Chero ani zvake anorasikirwa nepfungwa dzake, zvimwewo zvakadaro, zvino obva aita chimwe chinhu muchimbichimbi. Vamwe vavo vanopiswa mitumbi yavo, voiendesa kunze kugungwa uye vokandira madota acho kumativi 4 eidzi, mhapo 4 dzegungwa. Izvozvo hazvimise kutongwa. Unotongouya, zvimwe chetezvo. Hongu, changamire. Maona? Pasinei, zvisinei nezvinhano zvacho, uchasangana naMwari, pane imwe nzvimbo. Unofanira kuuya kwaVari. Unofanira kusangana naVo. Maona?

¹³⁰ Nokuti (Sei?) Vakataura Shoko, ndokuisa murairo neShoko iroro. Zvino murairo wacho murairo waVo Vomeme, Hupenyu hwaVo Vomene, seri kwaWo. Ndicho chikonzero Vakapika Vomene; hakuna mumwe mukuru anodarika. Maona? Vakanga, vaita mhiko, nokuti hapana sungano inofanira kusimbiswa pasina mhiko. Uye nzira chete yaVakakwanisa, vasati Vazviita, kuitora pachaVo, ivo pachaVo ndokuva Mhiko yacho. Oo, hama! Apo, Mwari vakava munhu ndokuva Mhiko, Vakazviita Mhiko yacho.

¹³¹ Uye nerufu, kuvigwa, nekumuka kwaVo pachaVo, Vakaratidza kuti mirairo yaVo yaive yechokwadi. Vakati, “Paradzai chivakwa ichi, Ndichachimutsa zvakare mumazuva 3.” “Ini,” chisazitasingwi, “Ndichachimutsa zvakare mumazuva 3. Ndichaisimudza. Ingoiparadzai, uye muone zvinoitika.” Nokuti, Aiziva murairo waMwari. Aiziva zvawaiva. Aiziva kuti waifanira kushanda maererano neShoko. Aiziva kuti Shoko raMwari rakanga rataurwa kubudikidza nemuporofita, ndokuti, “Handizoregi iYe Mutsvene waNgu kuti aone kuora.” Zvakagadzirisa nyaya yacho. Zvakagadzirisa nyaya yacho.

¹³² Zvino, murairo waMwari unofanira kushanda kubudikidza neShoko iroro. Tiri kuuya kuchinhu chikuru muchinguvana. Maona? Maona? Apo, murairo weShoko raMwari, Murairo waMwari, uri pamwe neShoko raVo.

¹³³ Zvino, kana dare rikanyora shoko, “Chinhu *chakati-chakati*, chirango, kuita *zvakati nezvakati*.” Zvakanaka. Zvino, ndiro shoko redare, uye murairo wedare unomanikidzira shoko redare.

¹³⁴ Uye Mwari vakataura chimwe chinhu, zvino iwoyo murairo. Uye Mweya Mutsvene uri pano kuti umanikidzire murairo iwoyo, ameni, kumutendi. Unofanira kuve wakagadzwa kuti udaro, uye zvinotora mutendi. Unofanira kuva nebheji re “mutendi.” Mumwe munhu anoti, “Une simba here?” Kwete. Asi tine mvumo. Ndizvozvo. Kwete simba; asi mvumo. Hatina simba rakakwana rekuita chinhu.

¹³⁵ Sezvandakataura imwe nguva yakapfuura, mupurisa mudiki muno muLouisville, akamirapo. Ainge ari muduku kudarika ini; muchinda mudiki-diki. Ngowani yake yakadzikira zvokuvhara nzeve dzake. Zvino motokari. . . Oo, yunifomu yake yakaita seyakaremba paari. Akafamba achienda kunze ikoko mumugwagwa. Kavhorovhoro kadiki, kudai, kari padivi pake, kamuti kadiki kari muruoko rwake, kapembe kadiki. Akafamba achienda kunze uko, akapfeka magirovhosi machena. Naidzo—idzo motokari, dzimwe dzacho dzine simba ramabhiza 350, dzichimhanya nemugwagwa iwoyo, se—semheni, dzichingoti zumu, zumu. Zvino, muchinda mudiki uya anonzwisa hurombo aisakwanisa kumisa. . . Haaikwanisa kumisa bhiza remujawo, kubva pasimba rake. Zvirokwazvo kwete. Asi akafamba achinopinda mumugwagwa, bheji riya guru richipenya, akaridza pembe iya, ndokusimudza ruoko irworwo. Hama, simba remabhiza 300, mota dzesimba remabhiza, dzakaridza mabhureki, nezvimwe zvose. Rakanga risiri simba remunhu. Yaiva mvumo yaaive nayo. Ndizvozvo.

¹³⁶ Ndiyo Chechi. Inogona kuva boka re “vaumburuki vatsvene,” sezvavanodaidzwa kudaro, kana chero zvaungada kuvadaidza, asi mvumo. Uh-huh, uh-huh. Imvumo iri shure kwayo. Ndiyo inozviita. Zvisinei nemamiriro ezvinhu, murairo waMwari unoshanda neShoko raVo. Zvino,

haushande nechitendwa chako. Unoshanda neShoko. Hongu. Unongoshanda neShoko, ndizvo zvoga, zvino, zvisinei nemamiriro ezvinhu.

¹³⁷ Abrahama, sezvatarava nguva yapfuura murugwaro rweedu, mudzimai waAbrahama aifanira kudzoreredzwa. Sei? Mwari vakapa vimbiso kuna Abrahama, zvino pano mambo akanga amutora, kuti aroore, kuti ave mudzimai wake.

¹³⁸ Zvino, angadai akaita sei? Akauraya Abrahama, pakarepo. Ndizvo zvakataurwa naAbrahama. “Ndinokukumbira hako, taura kuti. . .” Mushure mekuona kuti—kuti Abhimereki akanga amubata, mambo uyu wevaFiristia. Akati, “Zvino, iwe—iwe, ndinokukumbira, kuti uti ndiri hanzvadzi yako. Nokuti kana. . .uri mudzimai ane runako.” Uye akati, “Zvino, kana akakuona kuti une runako, zvino ndinozo—ndinozo—ndinozo—ndinozouraiwa, nokuti achakutora okuroora.” Zvino saka Abhimereki ndokumutora, zvino munhu wake ndokumupinza mukati.

¹³⁹ Aiva mudzimai akanaka pachiso. Uye, gara zviya, aingova nemakore 100 ekuberekwa. Uye iye—iye. . .Mwari vakanga vachangobva kuratidza zvaVachaita kwatiri tose, kubudikidza navo. Munoziva, ndakataura zvose izvozvo, muchidzidzo changu uye nepamatepi, nezvimwe zvakadaro, ndichiratidza izvozvo neShoko raMwari. Ndizvozvo chaizvo. Vakataura, kubudikidza naAbrahama naSara, zvaVaizoita kurudzi rrowse. Ndizvozvo.

¹⁴⁰ Zvino, hapo paakanga ari, uye saka Abhimereki ndokumutora kuti ave mudzimai wake. Abhimereki, uye saka akanga agadzirira zvino, kuti amutore kuti ave mudzimai wake. Uye (chii?) Mwari vakanga vati kuna Abrahama, “Kubudikidza naSara uchava nemwana uyu,” zvino hepanoi paive nejaya rakanga romutora. Heunoi Abrahama, ari kuma- . . .makore angangoita 100 okuzvarwa zvino, zvakare, kunze ikoko.

¹⁴¹ Asi, naizvozvo, cherechedzai zvakataurwa naMwari ipapo. “Hongu, ndinoziva kutendeseka kwemoyo wako. Ndicho chikonzero ndakakudzivisa kuti urege kuNditadzira. Asi iwe dzorera mudzimai iyeye; nokuti murume wake muporofita. Ngaakunyengerere. Kana ukasadaro, Ndichangokutsvaira kubva panyika.” Hezvoka izvo.

¹⁴² Chii? Shoko raMwari rinofanira kumira. Hapana munhu aigona kubata Sara. Mwari vakanga vaita vimbiso.

¹⁴³ Sara, mufananidzo weKereke, Kereke yechokwadi, Kereke yakasununguka, mudzimai akasununguka ane Mwana akasununguka, mufananidzo weChechi yakazvarwa patsva ine vimbiso. Ngavataure zvavanoda; voidaidza kuti “muumburuki mutsvene, kupengereka.” Vakaedza kuImisa kubvira paPentekosti, uye havafe vakazviita. Kwete, changamire. Kuchengeta. . .Chingobvisa maoko ako paIri. Ndizvo zvoga. Mwari vachaitora voita chimwe chinhu naYo, zvechokwadi

sekungomira kwandakaita pano. Tiri kuuya tichidzika nemuzera razvo, zvino, mumaminetsi mashoma. Mwari vandibatsire, ndichazviratidza kwamuri, pachopatiri. Ndizvozvo. Uri... Havasi kuzoiparadza. Haikwanise kuparadzwa. Ndizvozvo.

¹⁴⁴ “Bvisa maoko ako paari.” Sei? Kwakauya mbeu yepanyama. Mbeu yepanyama yakatouya. Kana dai yakanga... Dai Sara akaroorana nemumwe murume uyu, mbeu yepanyama ingadai isina kumbozvarwa.

¹⁴⁵ Saka kana Mwari vakachengetedza nzira yembeu yepanyama, ko kuzoti Mbeu yepamweya, yeHumambo, Vakaichengetedza zvakadii!

¹⁴⁶ Satani, vadosere. Vasunungure. Hausi kuvavharira kunze uko mumasangano nezvimwe. Vanhu vakasununguka. Iwe varegedze vakadaro. Hongu. Vasunungure, Mbeu yeHumambo.

¹⁴⁷ Zvino, Mwari vari kutaura nezvekudzoreredza, zvino, muno muna Joere, Vari kutaura nezve... Ndakaparidza pamusoro peizvi, imwe nguva kumashure... ndikazvitora neimwe nzira. Nezve... Handina kuzombonyatsozvipedza, sezvandiri kuda kuita nhasi, uye handizove nenguva yekuzviita pazvinofanira kuitwa.

¹⁴⁸ Asi Mwari vari kutaura pano, muna Joere, nezve... Mwari vari kutaura nezveMuti waVo wemichero waVakadyara. Mwari vakadyara Muti wemichero. VakaUdyara neZuva rePentekosti, uye Vakaunza Muti iwoyo ipapo nechinangwa. Vaida kuti Ubereke Shoko reMUCHERO waVo, Shoko raMwari. Vaida Chechi yaizochengeta Shoko raVo. Zvichidzika nemuzera rose, Evha akanga atadza kuRichengeta, maJudha akatadza kuRichengeta, murairo wakanga wakundikana, zvose zvakanga zvakundika, saka Mwari vakaZvisimira Muti. Muti!

¹⁴⁹ Zvino rangerirai, kwaiva nemiti 2 mubindu reEdheni. Tinozviziva. Idaidzei nechero zvamunoda. Ndine pfungwa yangu. Asi, zvakadaro, mumwe wacho wakanga uri muti wakasvibiswa; wakasvibiswa. Uye Mumwe wacho wakanga usina kusvibiswa; Muti weHupenyu iwoyo wakabva kuna Mwari, kubva Kudenga. Akati, “Madzibaba enyu akadya mana, uye vakafa. Asi Muti uyu, mukaudya, uye munorarama nekusingaperi.” Zvino Mutumwa akachengetedza Muti iwoyo weHupenyu, kubva mubindu reEdheni, akaUchengeta muEdheni. Muti weHupenyu iwoyo uri muEdheni, zvino, tichitaura pamweya zvino. Cherechedzai.

¹⁵⁰ Zvino, Muti uyu wakadyarwa naMwari, Waifanira kubereka michero 9 yakasiyana, mhando 9 dzakasiyana; zvinoreva izvo, zvipo 9 zvemweya, zvibereko 9 zveMweya kuti zvfambirane nezvipo 9 zvemweya. Waiva Muti waMwari. VakaUdyara panyika neZuva rePentekosti.

¹⁵¹ Zvino ngatimirei. Nguva dzose tinopererwa nenguva. Ndichacharika zasi apa Magwaro mashoma, ndodzika zasi kuno

kuna Mapisarema, 1. Dhavhidhi akaona Muti uyu, kare-kare. Uye pakunyora kwake nziyo dzechimwe chinhu chinofadza, ndicho chinhu chekutanga chaakanyora nezvacho. Akaona Muti uyu, uye Waive “wakasimwa panzizi dzeMvura.” Muti uyu! Iye!

Zvino achava *semuti*, muti waMwari, *wakasimwa* (papi?) panzizi, nzizi (zhinji), nzizi *dzemvura* (imwe) . . .

¹⁵² Kwete Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, mamwe akadaro. Kwete, kwete. Uh-uh. Nzizi dzeMvura imwe chete; zvipo zvomweya 9 noMweya mumwe chete. Zvibereko 9 zveMweya zvichibva mugwara rimwe chete.

. . . *achafanana nomuti wakasimwa panzizi dzemvura.*

¹⁵³ Sekuona kwakaita Dhavhidhi, uye akataura. Akati, “Akaropafadzwa munhu iyeye.” Uye cherechedzai, akati haaigona kufa. “Mashizha ake akanga asingazosvavi.” Kwete, kwete. Zvisinei nezvavanoita, havafe vakauraya Muti iwoyo. Sei? Ndeapo pawakasimwa. Ndipo panozviita. Ndeapo pawakasimwa. “Wakasimwa panzizi dzeMvura.” Zvino cherechedzai. Dhavhidhi akati, “Midzi yake—yake haingafi.”

¹⁵⁴ Munoziva, ukatora muti, muti mukuru wakare. Ini, pandakanga ndichiri mukomana, ndaisibuda, uye tai, isu vakomana, taibuda, uye taiva nemuti mukuru wekare wataigara pasi pawo, muti mukuru wakare wemubeech. Zvino mhengo dzaihvuhuta. Zvino handizive, zvaiita sekunge chinhu ichocho, chakakura kwazvo kumusoro, zvaiita sekunge yaizofuridzira chi—chinhu chacho pasi. Asi, munoziva, pese mhengo painovhuhuta pamuti, inozunguza muti, uye unosunungura midzi, kuitira kuti igochera ichidzika zasi uye igonyatsobatirira zviri nani.

¹⁵⁵ Uye ndizvo zviri, kunyomba, kuseka, kuita dambe neMukristu. Zvazvinoita, ndezvekuti, kutambudzwa kunozunguza Mukristu, kwomuita kuti awedzere kunamata, adzike, abatirire zviri nani, kuti akwanise kumira mudutu.

¹⁵⁶ Zvino, ko kana munhu akadyarwa muchinhu chakadaro se “parwizi,” uko zvisipiti, zvisipiti 9 zvakasiyana zvinoyerera zvichipinda maari? Oo, ini zvangu! Kusimbiswa kwakadii—kwakadii kwaainako. Uye munhu akadyarwa parwizi, nzizi dzeMvura; Mvura imwe, Mweya mumwe, “Kune zvipo zvokupodza, Mweya mumwe chete; zvipo zvekuporofita, Mweya mumwe chete; Mweya mumwe chete, asi zvipo vzizhinji.” Mupi mumwe chete.

¹⁵⁷ Zvino, Dhavhidha akamuona, zvino aive akasimwa pane Muti uyu. Zvino, akanga asingagoni kufa. Zvino cherechedzai kuti nei. Aiva neHupenyu mumidzi. Midzi iripiko, kana kuti, hupenyu hwomuti? Hunogara mumidzi. Zvirokwazvo. Hunosimuka hwobereka zvibereko zvawo. Zvakanaka.

158 Tarirai. Midzi yake yaive neHupenyu mairi, kuti ibereke muchero waKe mumwaka. Zvino rangarirai, Muti uyu haudonhedze muchero waWo.

159 Zvino, tora muti wouisa kure nemvura. Chinhu chekutanga munoziva, unova nemaapurosi akare madiki. Ese ane mapfundo uye akadyiwa nemakonye. Asi unodonhedza michero yawo—yavo—yavo.

160 Ndiro dambudziko nemachechi nhasi. Makabva paRwizi irworwo, makabva pazvipo zveMweya izvozvo. Vanongova nechechi yepanyama. Uye vakabva pazvipo zvemweya nezvinhu zvemweya, uye vanorasa zvibereko zvavo. Vanoitei? Vatendi vavo—vavo vanorarama pamwe nyenika, vanoita senyika, vanoba, vanobiridzira, vanonyepa, vanoputa, vanonwa, vanobheja, vanoita mapati enjori muchechi, kubhadhara muparidzi, nezvimwe zvose, svusvuro dzemuto, madhanzi. Maona? Vanodonhedza michero yavo. Zvakangofanana nyenika.

161 Zvino asingatendi anotarisa oti, “Hapana musiyano pamunhu uyo neni.”

162 Ndizvo zvakaita kuti communism isimuke muRussia. Ndicho chikonzero vakapisa chechi yeKatorike mu . . .

163 Zasi kuMexico, pandakanga ndiriko ndikaona makomba aye elime, uko idzo, uye nenzvimbo idzo dzavaipisira vacheche vaye, uko kwaive nemasisita vainge vaita vana ava. Kunyange mitumbi yevanhu, mutumbi wemunhu mukuru wainge wakarara imomo, mumakomba elime. Chii chavakaita? Vakadonhedza chibereko chavo, munoona, uye Mwari ndokuvazunza kubva pamuti. Ndizvo zvoga. Maona?

164 Asi munhu akadyarwa, kwete akadzimikirwa, asi akadyarwa pahova dzeMvura, achabereka zvibereko zvaKe (tarisai) mune wake . . . Zvibereko zvake mumwaka wake. Muri kuzviverenga here? Mapisarema 1.

Akakomborerwa munhu uyo . . . asingagari panogara vadadi, asingamiri munzira yevatadzi.

. . . achava somuti wakasimwa panzizi dzemvura, achabereka michero yake mumwaka wake; . . . uye chinhu chipi nechipi chaanoita chichaendeka.

165 Maona? Cherechedzai, “Vasina humwari havana kudaro; uye haangamiri naye pakutonga.” Maona?

166 Zvino, “Achabereka muchero waKe mumwaka wake.” Tarisai “wake” wega-wega, chisazitasingwi ipapo. Muchero waKe, muchero waMwari, mumwaka uyo mu—muporofita ari kuuunza. Uchange uri mumwaka wemuporofita. Muchero waMwari, munguva yaMwari, nemwaka wemuporofita. Maona? “Achabereka muchero waKe mumwaka wake.” Onai kana pasina ana “wake” 2 ipapo. “Anobereka waKe, muchero waMwari, munoona, mumwaka uyo mutumwa akagadzwa kuti

auye.” Achabereka iyoyo. Zvino rangarirai izvozvo. Mutumwa anonunza muchero waMwari, achauunza mumwaka waMwari, mumwaka wemuunzi. Maona? “Achabereka muchero waKe mumwaka wake.” Uye haUgoni kusvava. Sei? Ane muchero wakafanotemerwa imomo. Haukwanise kuUparadza, nokuti Wakatemerwa.

¹⁶⁷ Zvino, VaEfeso :5, 1:5, waro. Yakati, “Kugara pamwe chete munzvimbo dzekuMatenga muna Kristu Jesu.” Chii chakaitika? Akati, “Mwari, nokufanoziva kwaVo, vakafanotitemera kuti tigadzwe sevana vaMwari, kubudikidza naJesu Kristu.” Mwari, nokufanoziva kwaVo, vakafanogadza zvose zvaizoitika mukudzika nemutsara. Nekufanoziva kwaVo, Vakafanoziona. Naizvozvo, kubva kumavambo, Vaikwanisa kuziva magumo.

¹⁶⁸ Naizvozvo, waive muchero wakafanotemerwa mumu—mudzi weMuti uyu. Zvino Muti uyu hawaikwanisa kusvava, nokuti Wakanga wakabata muchero wakafanotemerwa. Zvino, ndiwo Muti wakataurwa nezvawo naJoere apa. Maona? Haugoni kufa. Makonye akaUdya, asi haUna kufa. Mumudzi waWo, Waiva neChokwadi chakafanotemerwa. Waiva neShoko raMwari, Muti uyu waiva. Uye Muti uyu ndiwo—ndiwo Muti iwoyo, nzira chete, iWo—iWo wakaiswa mubindu reEdheni.

¹⁶⁹ Miti yose, kubudikidza nomudzimai, inofa. Tose tinofa, kubudikidza nemudzimai. Nekuzvarwa, tose tinofa. Asi kubudikidza nemudzimai rufu rwakauya, nekuti kuberekwa uku kunouya nemudzimai. Zvakana. Zvino, *uyu* unofanira kufa, nokuda kwechivi.

¹⁷⁰ Asi Kuberekwa, Kuberekwa patsva kunouya naKristu, hakugoni kufa. Ndiwo Muti wacho, nemumwewo muti. Maona? Uye Muti uyu, kunyangwe Wakatambudzwa, ukasekwa, kubva pakutanga kwebindu reEdheni, haUkwanise kufa. Wakafanotemerwa. Wakadhonorwa nekurohwa, uye, ini zvangu, zvose zvakaikwa kwaUri. Zvino chii chakaitika? HaUgoni kufa. Wake. . . haangafi. Haakwanisi, nokuti akabata maari Shoko raMwari rakafanotemerwa. Unofanira kuuya, nokuti chibereko chaKe chiri mumwaka wake iye, mwaka wakafanotemerwa. Wokuti, hazvinei. . .

¹⁷¹ Joeri akaona mumwe nemumwe wayo, wakadyiwa kusvika kuzasi. Asi Vakati, “Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha,” nokuti kufanotemera kwaMwari kuri mumidzi yeMuti. Unofanira kuuya, nokuti Wakabata Shoko rakafanotemerwa raMwari. Hmm! Oo, Muti wakadini! Ini zvangu!

¹⁷² Muti iwoyo, Wakatanga kukura kumashure ikoko muEdheni. Chii chakaitika? Paiva neboka rakauya, revana vaKaini, zvimwe zvimbuyu zvakauya ndokuUdya kusvika pachigutswa. Zvino Mwari vakatora mbeu kubva paUri, ndokuIisa muareka ndokuUpfuudza. Ndizvozvo. Nzira yose zvichidzika, zvange

zviri nenzira imwe chete, zvichidzika nemumitsara yekutongwa; Israeri, zvichienda zvichidzika.

¹⁷³ Zvino ipapo paPentekosti, apo Chechi yeMuti weMwenga, Va—Vakaisa muhurongwa, paPentekosti, Muti wakanga wakafanotemerwa kubereka muchero waVo mumwaka. Zvino, zviri kuita zvakanaka, michero iyi iri kuita zvakanaka. Wakatumbuka paZuva rePentekosti. Ngationei zvakaitika paZuva rePentekosti. Jesu akati, “Mabasa aNdinoita muchaaitawo.” Vakapodza varwere. Zvino, paZuva . . . ngationei kuti zvakatanga sei. PaZuva rePentekosti, mazuva mashoma mushure merumuko, mazuva 50 mushure meEsta, kwakauya—kwakauya Mhepo ino—inovhuvhuta zvine simba, kubva Kudenga.

¹⁷⁴ Zvino, nhasi, tinozviita zvakasiyana. Mushumiri anosimuka uye otera, achiti, “Ndichaisa zita rako mubhuku.” Maona? Kana rimwe jaya rine kora yakapindurudzwa, rakati, “Huyai kuno mutore chingwa chekosha. Kuti, zvino, unobva wava nhengo yechechi.” Hazvishamisi here? Mushumiri anoti, “Huya ujoinhe boka redu.” Handiti, vose vakarasika.

¹⁷⁵ “PaZuva rePentekosti, kwakauya kubva Kudenga,” (kwete kubva papurupiti, kumusoro kwenzira) “kubva Kudenga, a” (Chii? Muprisita here? Kwete. Mushumiri here? Kwete. Chaiva chii?) “ruzha seMhepo inovhuvhuta nesimba, uye Yakazadza imba yose mavakanga vagere. Ndimi dzakaparadzana dzakagara pavari.” Vachindandama, vaisagona kutaura, vakanga vakazara kwazvo nekubwinya. Mweya Mutsvene wakavazadza. Vakabuda vachienda mumigwagwa, vachiwawata. Vachingo, nekuita se . . .

¹⁷⁶ Kunyange unganano ine chiremerera yakamira kunze ikoko ikati, “Zvinoka, varume ava vaguta newaini itsva. Vese vakadhakwa. Tarisai varume nemadzimai acho, kuti vari kudzedzereka sei nekuenderera.”

¹⁷⁷ Zvino, iZVANZI NEMWEYA. Ndiro Gwaro. Ndiwo marongerwo akaitwa Chechi; kwete kuitwa sangano, asi kufanogadzwa. Musiyano wakawandisa mumashoko 2 aya. Cherechedzai. Hapo pavaive.

¹⁷⁸ Zvino, uye munoziva chii, imi vanhu vechiKatorike? Mhandara yakaropafadzwa Maria yakanga inavo. Hongu. Zvino, kana Mwari vaisabvumira kuti Maria auye Kudenga asina kugamuchira Mweya Mutsvene, ko muchasvika sei Ikoko, mukange musinaWo? Zvino chimbofungai nezvazvo. Ndizvozvo. Maria akanga ari pakati pavo. Uye akatomirira ari kumusoro ikoko kusvikira arasikirwa nechiremerera chake chose nekuzvikudza, akazadzwa neMweya.

¹⁷⁹ Zvino hevanoi vachiuya, vachiita sevianhu vakadhakwa. Bhaibheri rakati vakadaro. Vakati, “Varume ava vaguta waini itsva.”

180 Asi, Petro, mutauri, mushumiri muboka racho, akasimuka ndokuti, “Ava havana kuzara newaini itsva, sezvamunofunga, muchiona kuti ingori awa yechitatu yezuva. Asi izvi ndizvo zviya zvakataurwa namuporofita Joere.” Uyo wandiri kuverenga kubva maari nhasi. “Zvino zvichaitika kuti nemazuva okupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose; uye vanakomana navanasikana venyu vachaporofita. Uye ndicharatidza zvimhamiso kumatenga kumusoro, napanyika, zviratidzo. Zvino zvichaitika, kuti ani naani anodana paZita raShe achaponeswa.”

181 Zvino, Petro akaparidza paPentekosti, pane muporofita mumwe chete uyo wandiri kuparidza nezvake nhasi: kudyara Muti uyu. Uye ndipo paakaUdyara. Oo, Wakaita zvakana. Vakabuda uye vakava nezvipo zvemweya. Vakapodza vanorwara. Vakaparidza. Vakakandwa mujeri. Vakanga vakazvipira kutambudzika nokuda kweShoko.

182 Kana ukaenda kune imwe nyika semunhu akangoita zinyekenyeke, haungaite munhu wemuAmerica akanaka, kana uri wazoenda ikoko. Kana uri waizoenda zvino kuJapan, woverevedza kuseri kwemutsara, woti, “Teerera, hama. Ndiri kudivi renyu. Munozivei? Ndiri kudivi renyu, asi ndiri hangu kune rimwe divi.” Iwe, mutenges, unofanira kupfurwa. Ndizvozvo. Uri mutenges. Chokwadi.

183 Uye zvakare ndiyo nzira imwe chete yazviri, munhu anoziva Shoko raMwari, uye orerutsa paRiri nokuti rimwe sangano rinomuudza kuti anofanira kuzviita nenzira iyoyo. Iyeye mutenges. Ndizvozvo.

184 Asi varume ava vakanga vasiri vatenges. Vakanga vasina basa kuti zvakadii, zvino, kuti vaiita sei, kuti tsika dzavo dzechechi dzaive dzakadii: kuzhamba, nekuchema, nekudanidzira, uye—uye vachiwawata mitauro zvichiita sokunge vari kutaurirana asi vasinganzwisisi. Varume ivavo kunze uko muungano yedzimwe nyika nedzimwe ndimi vakatanga kunzwa zvavaitaura. Havaiziva zvavaitaura; vakanga vachiwawata. Asi vamwe vanhu kunze ikoko vakazvinzwisisa. Ivo ndokuti, “Zvirokwasvo vanhu ava vakadhakwa.”

185 Asi Petro akati, “Havana kudhakwa, asi vakadzwa noMweya.”

186 Saka, zvokuti, mumwe nomumwe wavo akafira chitendero, kunze kwaJohane, uye akapiswa, maawa 24 ari mumugomo wemafuta, uye havana kutombokwanisa kana kupisa Mweya kubva maari. Uye zvakare akafa rufu rwemazuva ese, iye oga, Johane muzaruri. Zvino, ndizvozvo.

187 Cherechedzai zvino zvakaitika. Pane izvi, Mwari vakadyara Muti, kuti uunze zvipo 9 zvemweya, zvipo zveMweya waVo. Mweya mumwe chete waiva muna Kristu wakaburukira pamusoro peChechi, ikava neHupenyu Husingaperi. Zvino,

zvipo zveMweya zvakanga zviriri muChechi, uye Yakanga ichikura, ichibereka zvbereko, kwese. Havana kuzvifunga ivo pachavo. Havana sangano ravakaita. Vakangopfuurira mberi uye vaive hama. Vakanga vasina . . .

¹⁸⁸ Ndinofara kuti chinhu chidiki ichocho chaivepo, “Pasina chitendwa kunze kwaKristu, pasina murairo kunze kwerudo, pasina bhuku kunze kweBhaibheri.” Ndizvo zvandinotenda. Maona? Uye ndizvo zvavakaita. Pasi rose ndiro nzvimbo yedu yekuparidzira, munoono, kwese hako.

¹⁸⁹ Saka, cherechedzai, varume ava pavakanga vachiita izvozvo, kereke iyoyo yaibwinya kwazvo. Uye Mwari vaiva navo, Bhaibheri rakadaro. Zvino Jesu akasangana navo Asati akwira kumusoro. Akati, “Endai munyika yose, muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; muZita raNgu . . .” Zvino, “Zviratidzo *izvi*.”

¹⁹⁰ Zvino, nhasi, imhandoi yechiratidzo chatinodaidza kuti mutendi? Anokwazisana maoko namufundisi. Anopinda chechi. Ane zita rake mubhuku nekuti amai vake vaive nezita, kana kuti baba vake vaive nezita mubhuku. Asi handizvo zvakataurwa naJesu. Jesu akati, “Zviratidzo *izvi*.” Iyoyo ichечи, yepanyama.

¹⁹¹ Tiri kutaura nezveChechi, yepamweya. Tiri kutaura nezveMuti wepamweya, kwete muti wepanyama. Tiri kusvika kune miti 2 iyoyo mune, mushure mechinguva. Maona? Muti wepamweya! Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vakaremba paMuti uyu. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vari kuwana Hupenyu hwavo kubva muMuti *uyu*. MuZita raNgu vachadzinga madhimoni; vachataura nendimi itsva. Kana vakabata nyoka, kana kunwa zvinhu zvinouraya, hazvingavakuvadzi. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.”

¹⁹² Heyo mhando yezviratidzo zvaAkati zvichatevera mutendi. Zviripi nhasi? Akapa nyika muenzaniso wezvaizove chiratidzo chemu—mutendi. Uye Akati, “Zvaiva nani kwazvo kuti guyo risungirirwe pamutsipa wako, uye wonyudzwa pakadzika—dzika pegungwa, pane kuunza chigumbuso kune mumwe wavo, nokuti Ngirozi dzavo dzinogara dzakatarira chiso chaBaba vaNgu vari Kudenga.” Ngirozi!

¹⁹³ Cherechedzai zvino. Hapo pavaive. Zvino Muti iwoyo wakasimwa. Yakanga ichiita basa guru. Tinoziva kuti vakafamba, kwose. Ishe . . . Handiti, neZuva rePentekosti, mweya 3,000 yakawedzerwa, ikabhabhatidzwa, uye ikapinda muChechi. Uye vaiva neruwadzano rukuru sei! Uye, munhu wese, pakanga pasina munhu aishaiwa chinhu. Munhu wese aiva nemutsa, aine moyo wakanaka. Uye, mumwe nomumwe, vose vakanga vari mhuri imwe huru. Zvinoshamisa!

¹⁹⁴ Zvino kwakauyako, kachimbuyu kadiki, kakare, kakashata, kane meno anokara kanorarama muzvinhanano 4 zvakasiyana,

sezvakakaonekwa naJoere. Chipembenene ichi chemuzvinhano 4, muparadzi, chakauya kuzoparadza iwoyo Muti waMwari wakaisvonaka. Pafungei. Zvino ndichaverenga kubva mune zvimwe zvaJoere, zvaakataura. Joere, chitsauko 1. Chinhu chekutanga. . . Zvino, pane zvimbuyu 4 zvakasiyana ipapo zvino, asi ipapo, chaizvoizvo chimbuyu chimwe chete. Chimbuyu chimwe chete mumatanho 4 akasiyana. Zvino tarisai. Chimbuyu chidiki ichi, chakare chakauyapo, kune Che- . . . kune uyu Muti mukuru, wakanaka waMwari. Tichaudaidza kuti Muti, waiva Chechi.

¹⁹⁵ Chokutanga chaive muteteni. Ndicho chinhu chidiki, chipembenene chidiki-diki chaive gonye. Rakaita sei, muteteni iyeye? Rakauya kuzoparadza muchero weMuti. Ndicho chinhu chekutanga.

¹⁹⁶ Zvino ngatidzokerei munhoroondo uye tione kuti chinhu chekutanga chaive chii: raiva bo—boka rine chiremera rakapinda pakati pevanhuwo zvavo. Ivo ndokuti, “Zvinoka, izvi zvakanaka kuti munogona kupodza vanorwara, uye munogona kuita zvinhu izvi. Zvakaisvonaka. Saka, munoziva zvatnofanira kuita? Tinofanirwa kuita sokuzviburitsa uko kune boka guru revanhu rinozvinzwisisa, boka riri nani: meya, va—vatongi, nevamwe vakadaro, uye va—va—varemekedzwa vemuguta. Uye chero imi mese muchienderera sezvamuri kuita, havambofi vakauya kwamuri. Maona? Vanokutyai.”

¹⁹⁷ [Imwe hama inoti, “Vachiri.”—Mupepeti] Mumwe munhu ati, “Vachiri.” Ndinodaira kuti ichokwadi chaicho. Saka, ndizvozvo. Vanotywa Mweya Mutsvene. Ndiregerereiwo.

¹⁹⁸ Ndaisimboimba karwiyo kadiki:

Ndechiya chekare. . .

Makambonzwa here *Chinamoto Chenguva Yekare?* Pane akambonzwa rwiyo irworwo here?

Ndechiya chinamoto chenguva yekare. . .

Ndaisiimba karwiyo kadiki seaka, makore akapfuura, ndakati:

Ndeuya Mweya Mutsvene wenguva yekare,
Uye dhiabhore haaswederi pedyo naWo;
Ndicho chikonzero vanhu vachiUtya,
Asi Wakatondinakira chaizvo.

Wakanaka kwazvo handidi mumwe,
Nokuti Unondiita kuti ndide hama yangu;
Uye Unobuditsa zvinhu kubva
pazvakavanzwa,
Saka Wakatondinakira chaizvo. (Ndizvozvo.)

Uchakuita kuti urege kureva nhema kwako;
Uchakuponesa kana wava kufa;
Uchaita kuti dhiyahbhore atize,

Uye Wakatondinakira chaizvo.

¹⁹⁹ Ndizvozvo. Ndicho chikonzero vanhu vasingaUdi. Zvino—zvino, NdiMwari.

²⁰⁰ Vakanga vasingadi Jesu. Vakati, “Murume uyu?” Chechi, chechi huru ine chiremema, yakati, “Wauya kuzotiudza kuti tiri vanaani? Tinoda kuti uzive kuti, isu tiri vanaChiremba Ph.D., L.L., Q.U.S., ne,” zvangu, “zvese izvi.” Kana kuti, “Handiti, ndini muprisita mukuru. Ndiri *ichi*, *icho*, kana *chimwe*. Zvino unondiudzei? Handiti, wakazvarirwa muchivi. Hapana zvauri kunze kwekuva mwana wehupombwe. Amai vako vaifanira kunge, vakava newe, iwe nababa vako musati... baba vacho vasati vamboroora.”

²⁰¹ Akati, “Ndiani angaNdipomera mhosva yechivi?” Maona? “Ndiani angaNdipomera mhosva?” Zvakanaka. *Chivi* ndiko “kusatenda Shoko raMwari.” Nemamwe mazwi, Akati, “Ndiratidzei paNdisiri kuzadzisa Shoko, zvi—zvi—zvizere, chaipo paRinofanira kunge riri. Ndiratidzei Gwaro, apo pane zuva raNgu. Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, naizvozvo musaNditenda.” Ndokuti, “Zvino, unozviti uri izvozvo. Zvino ngationeka uchizviita.” Oo, ini zvangu!

²⁰² “Kubva panguva iyoyo havana kuMubvunza chinhu.” Maona? VakaMurega akadaro. Sa, dhiyabhore akabhururukira maAri. Ndakataura kuti, akafunga kuti aizongosvetukiramo, zvakadaro. Asi, akaona kuti, maive nemiriyoni volts muWaya iyoyo. Akasvetuka kubva pane iYoyo, nokukasika chaiko, munoono, nokuti aisakwanisa kuIbata. Uye ndicho chaiva chinhu chechokwadi.

²⁰³ Saka muteteni muduku uyu wakauya, kuzobvisa michero. Ndine mapeji 2 e “michero.” Ndinongoda kuverenga mimwe yacho. Chekutanga, muchero wekutanga wawakabvisa, rwaiva rudo rwehama. Ndizvozvo. Ndicho chimwe chezvinhu zvinouraya chechi ipapo chaipo, kana rudo rwehama... Hongu, changamire. Zvino, muchero wakatevera wawakabvisa paMuti... Munorangarira, rudo ndirwo muchero wekutanga paMuti. “Rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, hunaku, hunyoro, kutenda, kutsungirira,” ndizvozvo, “muMweya Mutsvene.” Zvino, zvipo 9 zvemweya, nemichero 9 yeMuti, nezvimwe zvakadaro. Zvakanaka. Zvino, chokutanga, wakatanga kudya muchero weMuti.

²⁰⁴ Zvino ngatitorei mufananidzo weMuti mukuru, weMuti waMwari. Uri kubereka zvipo zvemweya 9. Vari kupodza varwere. Vari kutaura nendimi. Vari kudzinga madhimoni. Vari kuita mabasa makuru, uye vachiparidza Shoko raMwari risina kusvibiswa. Pasina sanganano rinovasungirira pasi; vakasununguka, vachiita basa guru.

²⁰⁵ Saka, kwakapinda dhiyabhore muduku wekare uyu, agere aine nyanga dzake 2 dziri pamberi, semhashu, munoziva,

nemazino ake madiki akare anokara. Ndiye wokutanga wake, muteteni, wakauya kuzodya rudo rwehama. Akati, “Munoziva, *Nhingi-nhingi* akaita *zvakati nezvakati*, uko kuchechi ya *Nhingi-nhingi*. Handingambotenda boka iroro revanhu.” Maona? Hapoka pauri, chinhu chokutanga.

²⁰⁶ Tevere, aida kudya muchero wekutenda, kutenda muShoko. “Zvino tarirai. Ko unoziva sei kuti iro iShoko? Rakaturikirwa kakawanda!” Kadhiyabhore ikako kachiri kudya. Ndizvozvo. “Shoko iroro rakaturikirwa kakawanda kwazvo! Ndiye *ichi, icho*, kana *chimwewo*. Oo, ndiye zvese *izvi*.” Maona?

²⁰⁷ Zvino, ndiwo mumwe muchero waunodya kubva pauri: mufaro weruponeso. “Shhh! Imi vanhu munoita ruzha rwakanyanyisa. Oo, ini zvangu! Ini zvangu!”

²⁰⁸ “Oo, mungaparidza sei, Hama Branham?” mumwe mudzimai akataura kwandiri, imwe nguva. Kwete, akanga asiri. Aiva murume. Ndinotenda kuti ari... Ndinovimba ari pano. Anopinda imwe chechi. Asi akataura kwandiri, akati, “Ndakanga ndauya kuti ndikunzwei, rimwe zuva, uye handina kana kukunzwei, nokuda kwevanhu vaichema.”

Ndakati, “Kana ivo . . .”

Akati, “Mungaparidza chirudzii chaizvo?”

²⁰⁹ Ndakati, “Dai vaisanakidzwa nazvo, ndingadai ndisiri kuparidza ikoko.” Ndizvozvo. Ndaisimbove . . . imi . . .

²¹⁰ Imwe shamwari yangu, Jim Poole, neni, taimbova neimbwa yakare. Takaitumidza kuti Fritz. Uye saka imbwa yakare iyi, yai—yaiendera chero chinhu chayainge yatandanisira mumuti, kusara kwechidembo. Yaitya chidembo, nokuti chainhuwa zvikuru. Saka, ndaiiwanira chidembo chaive pasi pechikwenzi, chinhu chega chandaizongoita kwaive kungoibhabhadzira zvishoma, ndoti, “Saa! Saa, chikomana!” Yaienda kunotora chidembo ichocho, munoona, nokuti ndaiibhabhadzira, ndichiti, “Saa!”

²¹¹ Zvino, ndizvo zvazvingoriwo kana isu...Kureva kuti, chinonhuwa zvakanyanyisa chandinoziva, ndidhiyabhore. Saka, kana ndichiunza Shoko iri, uye mumwe munhu oti, “Ameni,” ndiko kuti, “Saa, mukomana!” Uye isu—tichawana—tichamuendesa mumuti.

²¹² Saka, tinoona kuti akabvisa mufaro. Munoziva, Dhavhidha, imwe nguva, akarasikirwa nemufaro weruponeso rwake. Haana kurasikirwa neruponeso rwake, asi akarasikirwa nemufaro warwo. Akangochema kuti, “Ishe, ndidzoreredzei mufaro woruponeso rwangu.” Maona? Mufaro!

²¹³ Saka muteteni mudiki wekare uyu wakatanga kudya muchero iwoyo wemufaro. “Zvino, tarisai pano. Imi vanhu munoita ruzha rwakanyanyisa. Ndinokuudzai, kuchema kwose uku, kutaura uku kwekuti ‘ameni,’ nekudaudzira uku, hazvina

maturo. Hapana zviripo kwazviri.” Maona? Chinhu chekutanga unoziva, ugere mumochari huru, munoziva, ugere ipapo, vose zvavo vakafa. Mimwe yemishonga iyi inoiswa muzvitunha *yeyinonzi* Dzidziso, yezvitendwa yakapomberwa mutsinga dzavo apo Mweya waMwari unofanirwa kunge uchishanda, apo chitendwa chekare chechechi chakatopomberwa imomo. Ndosaka vachitonhora sechando uye vakafa. Themomita yepaMweya, 90 pasi pe 0. Hongu. Mumwe munhu akati, “ameni,” munhu wese anorebesa mutsipa wake seimwe mhandu yehanzi kana chimwe chinhu, kuda kuziva kuti chii chataura izvozvo. Zvinonyadzisa. Apo, Mweya waMwari unofanira kuva mufaro, rugare, rudo. Asi chipukanana chidiki ichi chakatanga kudya pauri. Chakadya mufaro wese zvawo.

214 Uye, zvekare, muchero unotevera paMuti rugare, rugare rwemupfungwa, uchiziva kuti wakaponeswa.

215 Vanokuudza, “Saka, zvino, kana ukadzokorora chitendwa *chedu*, waponeswa. Kana ukajoinha chechi *yangu*, waponeswa.” “Saka, zvino,” uyu anoti, “hauna kuponeswa kana ukaenda *ikoko*. Unofanira kujoinha chechi *yedu*, kuti uponeswe. Unofanira kuti, ‘Kwaziwai Maria.’ Unofanira kuva nezita rako pabhuku *iri*. Unofanira kuva ne...” Oo, ini zvangu! Izvozvo zvaizobuditsa mufaro wose kunze. Asi iwoyo hausi Muti waMwari; unoziva pauri. Iwoyo masanganiswa, nguva dzose.

216 Munoziva nyaya yangu yezvenyurusi. Iro nderemasanganiswa. Harizive kuti baba varo, amai, kana mumwe wavo, aive ani. Maona? Iro nderemasanganiswa. Asi, oo, bhiza rakanaka repamavambo, rinoziva kuti baba naamai varo vaiva ani, zvichidzika nemuzvizvarwa.

217 Uye zvino, Mukristu akanaka wemazvirokwazvowo, zvakare, ane Mweya Mutsvene, anoziva kuti Wakawa paZuva rePentekosti. Anoziva zvaari. Anokwanisa kuronda zvizvarwa zvake zvichidzokera shure chaiko, madzinza ake, kusvika kwekutanga kwazvakatangira. Petro akanga ainaWo. Zvichidzika nemunyika, kana kuti nemumarudzi, vakanga vainaWo, zvichienda zvichidzika. Mukristu akanaka wemazvirokwazvo anoziva kwaUnobva.

218 Woti, “Zvinoka, ndiri muLutherani.” “Huh! Ndiri muPresbyteriani.” Oo, iwe masanganiswa! “Sei usiri? Sei usiri?”

219 “Zvino,” unoti, “ko uri—ko uri chii?” Wakazvarwa patsva. “Wakazvarwa patsva, nei?” NeMweya waMwari.

220 Ndicho chikonzero usiri masanganiswa. Wakazvarwa nenzira chaiyo. Kwete neimwe dzidziso yechechi, asi neMweya waMwari. Mwari vanogara mauri.

221 Zvino cherechedzai. Chipembenene chidiki ichi chekare chakatanga kudya. Saka, chakadya runyararo rwese rwemupfungwa, oo, zvichienda, zvichienda, zvichienda, uye

oo, zvichienda zvichidzika. Ndine peji razvo pano, michero yose, zvachakaita.

222 Zvino muchinda mudiki uyu akafa, akabva ava mhashu. Ndiro raive danho rakatevera, raive mhashu. Zvino, mhashu inoitei? Mhashu inodya mashizha. Ndizvozvo. Mhashu inodya pamashizha. Zvakasiwa nemuteteni, wakasiya mashizha; wakadya michero yose yeMuti. Zvino chii chakapinda? Mhashu yakauya kuzodya, kudya zvakasiwa nomuteteni. Zvino, chii chayakaita? Chii chakaitwa nemuteteni uyu? Wakaparadza mashizha. Mashizha ndeeyi? Kuparadza ruwadzano rwaMwari. Ndizvozvo.

223 “Zvino, iye—iye—iye muPresbyteriani. Hatizovi nechokuita naye. Iye muNazarene. Iye muPentekosti. Ndiye *ichi*, *icho*, kana *chimwewo*. Hatizovi kana nechokuita naye, nokuti haasi weboka redu. Mune here musangano pano, wekunamatira vanorwara? Huh! Chechi yedu haitombotendi mazviri.” Maona? Hezvoka izvo. Iyo, ko mhashu diki yakare iya yakaita sei? Yakagura kuyanana kwese, ndizvozvo, yakabvisa kuyanana kwese.

224 Kuyanana chii? Mashizha anoita sei? Anoita kuti kutonhorere, apo shiri dzinobhururuka dzichipinda pasi pemashizha, “hu-huh,” dzotonhodzwa. Hoyu muti wako zvakare. “Uye achava soMuti wakasimwa.” Maona? Zvakanaka. Apo vanhu vanogona kuuya vogara pasi vari pasi peruwadzano rweMweya Mutsvene, vombotonhodzwa zvishoma. Wakavhiringidzika, uye usingazive zvakaitika; uye kuti unofa here, uye kuti wakaponeswa here kana kuti kwete. Uye hauzive kuti chechi *iyi* ndiyo iri raiti here, kana kuti *iyu* ndiyo iri raiti. Chingoenda pazasi peMuti une mashizha paUri. Gara pasi ipapo. Rega Mhepo dzinobva Kudenga dzitange kuvhuvhuta, seMhepo inovhuvhuta zvine simba, nemumashizha, munoziva, zvichienda zvakadaro. Unotanga. . . Zvino unotanga kutonhorerwa zvishoma.

225 Woti, “Oo, ndiri kuenda zasi kunoudza boka revaumburuki vatsvene zvandinofunga.”

226 Ingogara pasi kwechinguva uye unotonhorerwa. Ndizvozvo. Haugone kuzviita mune rako. Nokuti, dambudziko nderei? Mhashu yapedza kuadya ose, chokwadi, yadya mashizha ose kubva pauri. Zvino, ndizvo, wotogogara hako kunze uko muzuva. Kutu, iwe, hapana—hapana kutonhorerwa ipapo. Zvakanaka. Zvino, saka kune. . .

227 Asi unoziva zvatnofanira kuita. Bhaibheri rakataura, kuti, “Chechi yakafanotemerwa, vanakomana vakafanotemerwa muna Mwari,” (vanoita sei?) “vakagara munzvimbo dzeKumatenga.” Chii ichocho? Kutonhorera, kudekara, kunzwa wakasununguka. Amen.

228 Uko munhu wese akapfeka tuxedo, uye—uye munhu anotevera nenzira *iyi*, uye—uye vamwe vavo, vanoti, “Humph!

Tarisai. Haana kumboisa pemu muhvuizi rake. Ndizvo, haataridzike zvakashata here? Haatomborina kana rokwe refu repaEsta.” Zvino, saka, iro, chero zvaringava, akapfeka, munoziva. Chero, hazvo...Hongu. “Rokwe refu repaEsta,” ndizvozvo hazvo, munoono. Vakagara kumashure uko, uye vachiti, “Humph!” Maona? “Haatomborina yeEsta...Handiti, zvinoka, mutarisei, sutu iya imwe cheteyo yekare yaakapfeka gore rapfuura! Zvinoka, chii chaunoziva pamusoro pazvo?” Haunzwi zvakanaka, ipapo.

²²⁹ Ndakati kune mumwe mudzimai mudiki, rimwe zuva. Mudzimai mudiki anonzvisa urombo, aipinda chechi huru, yakatsiga zasi...Akati...Ari kufa, nekenza. Ndakadzika kunomunamatira. Hama Roy Roberson vari pano, mumwe wematirastii, vakandituma zasi ikoko. Zvino munhu mudiki anonzvisa urombo akagara ipapo, achifa nekenza. Iye ndokuti...

Ndakati, “Muno...Muri Mukristu here?”

²³⁰ Akati, “Changamire, ini—ini handizivi zvekutaura.” Akati, “Ndakaenda kune *imwe* chechi.” Ndokuti...Zvino akabva atanga kuchema.

Ndakati, “Chii chiri kunetsa?”

²³¹ Akati, “Ndaisakwanisa kupfeka zvakanaka.” Akati, “Vakanditarisira pasi.” Huh! Oo, hezvoka izvo. Maona? Hauna—hauna kusununguka. Maona?

²³² Asi Bhaibheri rakataura kuti tinofanira kuti “tiungane pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga.” Oo, ini zvangu! Chii? Vose vakafanana. Manje, ndichakuudza kuti izvi zvichaita sei. Zvichaita kuti...Zvichaita kuti hovhorosi nesutu yetuxedo vambundirane uye vodaidzana kuti hama. Chokwadi zvichadaro. Zvichaita kuti dhirezi rekare rekariko rimbundire resiriki, resatini zvino oti, “Sisi, makadii mangwanani ano? Mwari ngavarumbidzwe!” Ndizvozvo. Zvichadaro. Mufaro, rugare, rudo, kutenda muShoko, mwoyo murefu, hunyoro, kutsungirira. Makagara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, muchimbotonhorerwa kwechinguvana. Maona? Ndizvo zvakaithwa nemashizha.

²³³ Asi chii chakaitwa nemhashu yakare, yakauya, ikadya ikapedza mashizha iwayo, ikati, “Uri wekwedu kana kuti hausu wemumwe munhu.” Saka yakabvisa kutonhorera kwose kweMweya. Maona? Ikazvigadzirira chitendwa. Zvakanaka. Zvino tinofanira kuenderera mberi. Tingagona kugara nguva refu pamhashu iyoyo yekare.

²³⁴ Asi danho rechitatu racho raive gwatakwata. Hmm! Iro rine zita rakaipa, pakutanga kwacho, gwatakwata. Ko gwatakwata rinoitei? Rinopinda mumakwati. Ndiyo nzira yehupenyu, ipapo. Hongu, changamire. Rinopinda mumakwati uye rinoparadza chifukidzo chemuti. Chifukidzo!

Chinamoto chii? Chifukidzo. Ndizvo zvinoreva izwi rekuti *chinamoto*, “chifukidzo.”

²³⁵ Saka, gwatakuta diki iri, mushure mokunge rapinda pakati peungano, rakaita kuti vose vange vakatsiga; zvino rakabvisa kuyanana kwose mavari, muchimiro chemhashu; uye zvino anouya otona chinamoto chavo chaicho obva aita dzidziso kubva machiri, ndizvozvo, ogadzira mashoko asiri echokwadi. Ozvumbira chinamoto, ounganidza boka revarume zvino voisa chitendwa zasi ikoko. Anotora chinamoto chaicho, ochibvisa paMuti waMwari, gwati racho chairi rinotakura muto unokwira maUri, anoribvisa. Gwatakuta! Muri kuona here chipembenene ichocho? Ndizvozvo chaizvo. Gwatakuta iroro, raive Roma mukereke yekutanga iya.

²³⁶ Chinhu chekutanga, boka remaPentekosti; kwete masangano ePentekosti. Kwete, changamire. Chinhu chose chinoita sangano chakafa. Ndichazviratidza izvozvo muchinguvana, neMagwaro. Maona? Asi kana riri... Asi, chiitiko chePentekosti, ndechaani? Ndeche muKatorike. Naanizve? MuMethodisti, muBaptisti, muPresbyteriani, chero ani hake anochida. Asi unoda, unofanirwa kunge uri kuchida. Haujoinhi kupinda maUri.

²³⁷ Ndanga ndiri mumhuri yekwaBranham kwemakore 53, uye handina kumbobvira ndakajoinha mhuri iyi. Sei? Ndiri wekwaBranham, pakutanga kwacho. Ndakazvarwa ndiri Branham.

²³⁸ Ndizvo zvatiri Makristu. Kwete nekuti takabatanidzwa mune chimwe chinhu; isangano. Tinozvarwa, tiri Makristu, nekuvandudzwa patsva neMweya Mutsvene. Cherechedzai zvino.

²³⁹ Zvino, gwakuta diki iri rikatanga kuboora richizvipinza mumakwati. Rakaiti? Rikatanga kubvisa chinamoto chawo, chifukidzo chawo, Dzidziso yawo kubva pauri. Chinamoto idzidziso, chifukidzo chinofukidza chero chinhu zvacho. Ndicho chikonzero chinamoto chedu ndecheRopa, Ropa. Hupenyu huri muRopa rinofukidza Shoko. Zvino Hupenyu ndihwo... Huri muRopa. Ropa chinamoto, uye Hupenyu huri muRopa ndihwo hunounza zvibereko. Nhai, mazviona here? Maonaka?

²⁴⁰ Hauna kufukidzwa nemashizha emuonde. Adhamu naEvha vakambozvedza pane imwe nguva. Kaini akaita zvimwe chetezvo. Makacherechedza here izvozvo? Kaini akaunza humwe hupenyu hwezvinomera, zvakare. Maona? Asi hazvina kushanda. Hazvina kushanda naAdhamu naEvha. Uye hazvishande nhasi. Mwari pavakazviramba pakutanga, zvakarambwa neKusingaperi. Zvitendwa zvakagadzirwa nevanhu nemifungo hazvimbofi zvakazvitora.

²⁴¹ IShoko raMwari, rinofanira kuzviita. Uye Shoko rinouya neRopa, chibayiro chaKristu. Ndizvozvo.

242 “Vanhu,” sezvataura hama mangwanani ano, “vachidhonza minzwa munyama.” Zvino, munoziva, pane zvipikiri 19 zvakasiyana munyika nhasi, zvakabatwa nemasangano akasiyana, uye anogona kutaura kuti, “Chipikiri chepamavambo, chaiva mumaoko aKe.” Zvinobatsirei, kana chaive chiri icho? Handingadi kuva nechekuita nacho. Zvirokwazvo.

243 Mwari havana kumbosiya chero zvinhu zvekare zvenhorondo nezviratidzo. Vakatumira Mweya Mutsvene, Chimwe chinhu chipenyu, chisingakwanisi kuparadzwa. Chipikiri chingandibatsirei? Ko muchinjikwa wepakutanga waAkaremba pauri, waizondibatsirei? Kwete nepadiki zvapo. Kwete kuziva chipikiri, kuziva muchinjikwa, asi, “KuMuziva ndihwo Hupenyu.” Maona?

244 Zvino, saka takabatirira pazvipikiri, takabatirira pane zvinhu zvakasara zvekare, uye takabatirira panzvimbo. Uye nhasi vanhu vanofamba vachikwira nekudzika, muguta reJerusarema, uye—uye kukwira nekudzika munzvimbo dzakasiyana, uye vakabatirira kuzvinhu zvekare zvakasara nezvimwe. Izvozvo hazvinei chekuita nazvo, kana nepadiki zvapo. Chinhu chacho chakarambwa, chakaora, uye chakaparara.

245 Ndakaenda kune imwe chechi mu—muRome. Imomo ivo—ivo vano, vaprisita vose ava vanofa, vanovaviga mubindu, zasi pasi peikoko, uye vorega nyama ichidonha kubva pamapfupa. Uye—uye vanobva vatora mapfupa vogadzirisa zvigadziko zvemwenje, uye voisa matehenya avo ipapo. Uye vanhu vanouya imomo, vanokwiza madehenya iwayo, kuti vawane maropafadzo, kusvikira madehenya acho achenya uye asakara. Paunopinda muSaint Peter’s Cathedral imomo, imwe tsoka yaPetro, yavanoti ikoko, chivezwa, yakatsvodwa ikapera, ka 9 kana ka 10 panguva dzakasiyana; vanotozoumba imwe tsoka pachiri. Matakanana akadaro! Kutenda zvemweya-mweya, ndizvo zvoga zvazviri, zvitendwa zvedzidziso yakagadzirwa nevanhu.

246 Mwari vakatumira Mweya Mutsvene, Hupenyu hwaMwari, kuti huve mauri, kwete muchivezwa. Ndiwe munhu wacho uyo Mwari vanoda kugara maari; kwete chivezwa, asi mauri. Vanhu vanodaizwa kuti, “zvivezwa zvitsvene.” Hakuna zvivezwa zvitsvene. Ndiwe chivezwa chitsvene chaMwari. Bhaibheri rakataura kudaro. Ndizvozvo. “MakaNdigadzirira Mutumbi.”

247 Zvino, muchinda mudiki uyu akatanga kuparadza. Kuparadza chii? Gwatakwata rakapinda mumakwati. Tarisai zvarakaita. Rakatanga kuparadza mumakwati. Rakaitai? Rakagadzira chechi yepanyama pane Chechi yepamweya. Hongu, changamire. Rakabvisa chechokwadi ndokuipa chenhema. Zvino, rangarirai. Shizha . . .

²⁴⁸ Muchero, muteteni wakadya. Shizha, mhashu yakadya. Zvino, gwati, chifukidzo, chinamoto, Dzidziso; Dzidziso, gwatakwata ndokutora.

²⁴⁹ Dzidziso yekutanga iyoyo yakabva kupi, kunze kweBhaibheri? Imi vanyori venhoroondo, munoziva kwayakabva. Yakabva kuRome, chaiko kwayakatangira, ikoko ndiko kwavakatanga kugamuchira dzidziso.

²⁵⁰ Ndizvo zvakaita Irenaeus, Mutsvene Martin, Polycarp, vose zvavo...mushure merufu rwaJohane. Nokuda kwekuturikira Shoko raMwari, akanga ari kunze pachitsuwa chePatimosi. Vakamupisa mumafuta kwemaawa 24, akadzoka, uye zvakadaro akatonyora Bhaibheri. Mwari vakanga vakatsunga kuti Bhaibheri iri raizonyorwa. Ndiro Shoko raMwari. Hatikwanise kubvisa kwaRiri kana kuwedzera kwaRiri. Riri kufanira kungogara riri sezvaRiri, Shoko.

²⁵¹ Cherechedzai pavakadzoka, vatsvene vaMwari ava pavakaedza kusimudzira Shoko iroro, Roma yakapinda, ndokugamuchira dzidziso, panzvimbo pachu. Zvino ngationei zvayakaita, dzimwe dzedzidziso dzayo dzenhema, zvayakaita.

²⁵² Rubhabhatidzo rwemumvura. Apo pavakatumba...Petro akati, neZuva rePentekosti, pasi pesimba reMweya Mutsvene, Shoko raMwari, "Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu."

²⁵³ Roma yakaita sei nazvo? Yakazvitendeudza, ndokuti, "Bhabhatidzwai muzita ra 'Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,'" vachizviita chitendwa, kwete Dzidziso yeBhaibheri. Chii charakaita? Ndiro gwatakwata riya, richidya. "Kusasa mvura," pachinzvimbo chokunyudza, "muzita raBaba..."

²⁵⁴ "Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene" harisi zita. Hakuna chinhu chakadaro. "Baba" harisi zita, "Mwanakomana" harisi zita, uye "Mweya Mutsvene" harisi zita.

²⁵⁵ Jesu paakati, "Vabhabhatidzei muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene," ndi, "Ishe Jesu Kristu." Chaizvo zvakaitwa naPetro nevamwe, nevose, munhu wose ari muBhaibheri, akadaro. Pakanga pasina munhu...

²⁵⁶ Ndinodenha chero ani zvake kuti andiunzire chidimbu chimwe cheGwaro, kana chidimbu chimwe chenhoroondo, apo chero ani zvake akambobhabhatidzwa neimwe nzira kunze kweZita ra "Jesu Kristu," kusvikira chechi yeRoma Katorike. Ita izvozvo. Uye rangarirai, tepi ino inotenderera pasi rose. Uh-huh. Ndakaita unganano yevashumiri, nemazana avo, nemabhishopi nezvose, ndikati, "Mira netsoka dzako, kana kuti wouya pano neBhaibheri rako, kana kuti nyarara nokusingaperi." Vanonyarara kusvikira vapota seri shure kwako, zvino vobva vatanga kukunyeya; vasina kana hushingi hwokumira pamberi pechiso chako, hunhu hwakanaka hwekumira uye vokuudza vari

pamberi pako. Vanotywa kuzviita. Vanoziva kuti handizvo. Asi ndizvo zvakatanga kudyiwa negwatakwata, munoono, richidya Chinhu ichocho chechokwadi.

²⁵⁷ Zvino, unoti, “Hazvina basa. Hongu. Chero nzira yandinobhabhatidzwa nayo yakangonaka.” Ndzivo here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti]

²⁵⁸ Pauro akati, Mabasa 19, apo, “Iye, Pauro, akapfuura nokumhenderekedzo dzokumusoro kweEfeso.” Bhaibheri rakati, “Akawana vamwe vadzidzi.” Ivavo vateveri. Aporosi, muparidzi weBaptisti, ari pasi paJohane Mubhabhatidzi, aivadzidzisa Shoko. Uye vaiva nemufaro mukuru. Zvino Pauro akangoendako kundovaona, zvino akati, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvamakatenda?”

“Oo,” ndokuti, “ndiri mutendi.”

²⁵⁹ “Asi handizvo zvandiri kubvunza. Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvamakatenda?”

Vakati, “Hatizivi kuti kune Mweya Mutsvene here.”

²⁶⁰ Akati, “Zvino makabhabhatidzwa chirudzii?” Maona? Nerimwe shoko, “Makabhabhatidzwa sei?”

Vakati, “Takabhabhatidzwa.”

Akati, “Sei?”

²⁶¹ Akati, “NaJohane,” akati, “murume mumwe chete ye akabhabhatidza Jesu. Hazvingavi zvakanaka here?”

²⁶² Pauro akati, “Kwete. Kwete zvino. Kwete.” Akati, “Munofanira kubhabhatidzwazve, zvakare.” Zvino Pauro akavabhabhatidzazve, zvakare, muZita raIshe Jesu Kristu. Akaisa maoko ake pamusoro pavo, zvino Mweya Mutsvene ndokuuya pamusoro pavo.

²⁶³ Zvino Pauro akati, “Kana Mutumwa anobva Kudenga,” ndoda zvake mumwe muparidzi; “kana Mutumwa,” ndoda zvaro gwatakwata iri, uh-huh; “kana Mutumwa anobva Kudenga akaparidza chimwe chinhu chisiri *iRi*, kwamuri, ngaave akatukwa.” Ndzivozvo.

²⁶⁴ Saka munoono kuti chaive chii, gwatakwata rakatanga kudya. Rakadya rubhabhatidzo rwemumvura muZita raJesu Kristu.

²⁶⁵ Chinhu chinotevera chakaitwa negwatakwata, rakabvisa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Nokuti, chero bedzi uchizova neMweya Mutsvene iwoyo, Uchajekesa chiyedza paShoko iroro, chero bedzi ukaita izvozo. Saka ivo vakatozo—tozozviita zvakasiyana.

²⁶⁶ Zvino, chimbofunga kuti vangani maLutherani, maProtestanti, vangani maKatorike, mangwanani ano, vakasimbiswa, zvanozvidaidza, kutora chirairo chekutanga. Zvino vanodaidza izvozo kuti “Yukaristi Tsvene,” zvinoreva

kuti, izwi rechiLatin, “Mweya Mutsvene.” Makamboona here muKatorike achipfuura nepedyo nechechi obva aita kakukotamira saizvozvo? Sei? “NdiMwari vari muchechi imomo.” Ko Mwari chii? “Chimedu chiya chechingwa chidiki.” Chimedu chidiki ichocho chechingwa, chedenderedzwa, chakaitwa samwari wezuva wavanonamata, chiri paartari apo makonzo nemapete zvinochitakura, pahusiku. Handiye Mwari wangu, ndichakuudzai izvozvo zvino. “Chirairo chekutanga, chakasimbiswa kukereke.” Hazvina maturo.

²⁶⁷ Asi ndizvo zvavakaita. Ndzivo zvakaitwa negwatakwata. Rakabvisa Mweya ndokuvapa chimedu chechingwa, chimwe chingwa chakagadzirwa nemumwe muprisita, kana mumwewo sisita, kana chimwe chinhu. Ndzivo zvavakaita. Ndzivozvova chaizvo. Enda, unobvunza zvino. Enda, uchitarisa kumashure munhorondo, uone kana zvisiri izvo. Zvino iwe worega chinhu ichocho chichipakirwa kudzika nemuhuro mako? Kwete maKatorike iwayo chete, asi imi maProtestanti, vazhinji venyu, zvimwe chete. Zvakanaka. Hezvoka zvavakaita. Zvakanaka.

²⁶⁸ Zvino manje maProtestanti, pachinzvimbo chekuva neMweya Mutsvene, munoziva here zvavanoita? Vanouya vojoinha, vokwazisa ruoko. Pakanga pasina mumwe munhu iyeye akauya nemugwagwa ndokukwazisa ruoko, Zuva rePentekosta parakasvika. “Asi kubva Kudenga kwakauya ruzha rweMhepo inovhuvhuta nesimba, rwukazadza imba yose mavakanga vagere,” ndizvozvo, ndokudzika nemumashizha iwayo pamiti, ndokudururwa pamusoro pemakwati. Ndzivozvova.

²⁶⁹ Zvino, zvino, pachinzvimbo cheKuberekwa patsva uko Jesu akati, munhu anofanira kuzvarwa patsva, vakatora kujoinha chechi yavo, “Huyai mujoinhe.” Pachinzvimbo cheShoko, gwatakwata rakavapa chitendwa. Hamusi kuona here? Honai pano zvariri kuita. Riri kupa chenyama kutsiva chemweya. Muri kuzviona here?

²⁷⁰ Zvino tarirai. Zvino, isu, tiri—tiri pamutsara wechiKatorike pano, asi munoziva here kuti zvakauya nemumaProtestanti zvakare? Ndepapi patine zviratidzo zveMweya Mutsvene mumakereke echiProtestanti nhasi? Ndekupi kwatine kuita kwechiPentekosti pakati pemaProtestanti? Hatina. Munazvo here muLutherani? Kana munazvo, ndinoda kuenda kwazviri. Ndinoda kuenda ikoko ndongonodya uye ndova nenguva yakanaka. Presbyterian? Zviri kupi—zviri kupi—zviri kupi kwacho? Maona? Makatora chimwe chinhu chepanyama.

²⁷¹ Ndiri kugadzirira kuenda, uye munozviva. Maona? Musambofa makarega iZvi zvichibuda mumoyo menyu.

²⁷² Musatora zvepanyama. Rufu irworwo. Munhu wenyama yu rufu. Chero chipi chaanoita, rufu. Ari pasi uye ari pano kuti angofa. “Mweya ndiwo unoramisa,” munoona, Mweya unopa Hupenyu, unohumutsa. NdiMweya.

273 Saka, munoono, vakatora . . . Tarisai zvavakaita. Vakabvisa rubhabhatidzo rwemumvura, kubva pakuti “Jesu Kristu,” kunoti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” dunhurirwa, risiri Zita zvachose.

274 Zvino, unoti, “Zvinoita mutsauko wei?” Zvakanaka. Zvino, kana uchizopa . . .

275 Mumwe munhu achakupa cheki yako yemuhoro, Mugovera, mu—mu—munhu wacho anokubhadhara. Pachinzvimbo chekuisa zita rake ipapo, ongoti, “Kubva—kubva kune ‘Mukuru webasa.’” Ndizvo zvazvaka . . . Cheki yako yemuhoro, kungoti, “Bhadharai kuna John Doe bedzi, madhora 150, pabasa revhiki rino. Kubva kune, ‘Mukuru webasa.’” Woiisa, mubhangi, zvino wochiona ichidzokera kwayabva. Hongu. Hongu. Hongu, changamire. Zvirokwazvo ichadaro. Chokwadi.

276 Kana zvisingaite musiyano, sei Pauro akavarayira Makristu iwayo, vairumbidza Mwari uye vachiva nemufaro mukuru, uye vaine zvinhu zvikuru zvaitika kumusoro ikoko, ko sei akavaudza kuti, “Munofanira kudzoka mobhabhatidzwazve, zvakare, muZita raJesu Kristu”? Maona? Tora Shoko, handiti, ingogara naRo. Usataure zvimwe zvakasiyana. Ingotaura zvaRinotaura. Maona? Ndizvo zvatiri kuzotongwa nazvo.

277 Zvino tarirai. Ndizvo zvavakaita. Pachinzvimbo cheKuberekwa patsva, vane zvekujoinha. Pachinzvimbo chekutura Shoko, vane chitendwa. Ndiratidzei muBhaibheri pavakamboti “Kaziwai Maria.” Ndiratidzei muBhaibheri imi maProtestanti pamakambotaura nezveChitendwa cheVaapostora. Ndiudzei kuti Chitendwa cheVaapostora chii, muBhaibheri, “Kuwadzana kwevasande.” Vaizvipikisa. Ndiudzei muBhaibheri pavakambova nerubhabhatidzo rwa “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Hazvimo. Uye zvakadaro munotora izvozvo. Huh?

278 Zvino, zvino, pachinhambo chokuyanana nehukama pakati pehama, vanovapa zvinzvimbo zvehukuru, papa. Uye muna bhishopi, anokuudzai zvamunogona kuita nezvamusingakwanise. Zvino imi maPentekosti mune mukuru wedunhu anokuudzai kuti ndiani wamungava naye. Asi Chechi ina Kristu. Maona?

279 Ndipo apo munouya. Maona? Vanokupai dzidziso idzodzo nezvinhu zvakaitwa nevanhu, pachinzvimbo chazvo, voRibvisa. Ko gwatakwata iroro rakaita sei? RakaRibvisa paMuti, ndokukupai *izvi*. “Ndichabvisa izvozvo kubva paMuti, uye ndichakupa *izvi*, pachinzvimbo. NdichaRibvisa, ndokupai *izvi*.” Maona kwamazosvika?

Unoti, “Zvakanaka, Hama Branham!”

280 Ko mumwe nemumwe, ko kereke yese yeProtestanti, yakabva kupi? Katorike. Ndizvo izvo Zvakazarurwa 13, kana kuti Zvakazarurwa 17, yakataura kuti yaizoita. Akati, “Aiva pfambi,

uye aiva *amai vezvipfeve*,” chinhu chimwe chete. Saka rega . . . Poto haigone kuti kuketero uri mutema, munoziva, saka musadaro. Zvakango . . . Musazviita. Saka, izvozvo, ndizvozvo.

²⁸¹ Hukama; akabvisa hukama. Apo, tichifanira kuva hama, mumwe kune mumwe. Zvakatipatsanura uye zvikaita kuti tive vakasiyana. Zvakanaka.

²⁸² Zvino tarisai. Hechino chakanaka. Ndichatora izvi, ndobva ndazomira, pane vamwe ava. Tarisai.

²⁸³ Bhaibheri rinotiudza, kana taita zvakaipa, kuti tinofanira kuchenesa mweya yedu neMweya Mutsvene. Todzika, torega Mweya Mutsvene utizarurire kuti uri kuita zvakaipa, uye ipapo wogara pamberi paWo kusvikira wafa, tichichenesa mweya yedu.

²⁸⁴ Zvino, vadzokazve, vakakupai purigatorio. Mushure mekunge wafa, zvino muprisita anoita mari yakawanda, yekukunamatira kuti ubude mupurigatorio. Nhai, hazvina maturo! Ndizvo zvakaitwa negwatakwata. Chokwadi. “Kukunamatira kuti ubude mupurigatorio. Zvinotora mazana *akati kuti* emadhora kuti mweya uyu unamatirwe kuti ubude mupurigatorio.” Ndinoda kuti mutsvage “purigatorio” muBhaibheri, chero chakada kuita sayo. Hamuna chinhu chakadaro muBhaibheri. Kwete, changamire. Asi vanovapa purigatorio, munoona, ivo, mushure mokunge wafa. Oo, hongu, ndinoziva.

²⁸⁵ Ivo—ivo—ivo vanoti, “Chokwadi!” Unovanzwa vachiti, “Zvinoka, Musande Boniface akataura *zvakati-nezvakati*.” Handina basa nezvakataura naMusande Boniface. “Zvino, ko *Nhingi-nhingi* haana here kutaura kuti wake, akanamatira murume wake, hanzvadzi huru iya, Musande *Nhingi-nhingi*?” Handina basa nezvaakaita.

²⁸⁶ Iroro ishoko risina mvumo. Rinopesana nevaapostora vakapiwa mvumo. Mwari vakapa vaapostora ivavo, kuti vaise Chechi muhurongwa, uye Yakavakirwa paDzidziso yevaapostora, kwete pana Musande Boniface kana mumwe musande. Zvinopesana neShoko. Handina basa nezvakataura Musande Boniface, nezvakataura nevamwe vasande, nevamwe vasande, naMusande Susie, naMusande Maria, vose ivavo zvavakataura. Hazvina maturo. Hazvina kusiyana nemamwe manyepo ose. Kana zvichipesana neShoko raMwari, inhema. Handitendi mashoko asina mvumo.

²⁸⁷ Ndicho chikonzero ndisingatendi zvitendwa izvi zvemaProtestanti nezvimwe. ChiKatorike chaka—chakanyatsozara. Idzidziso. Mungataura sei maKatorike, uye movaseka kuva nedzidziso, apo imi makazara nazvo, imi pachenyu? Kwete zvakanyanya pano, asi izvi zviru patepi, munonzwisisa, munoona, zvinoenda pasi rose. Cherechedzai. Mungavati vanokanganisa sei, kana imi muchitora zvitendwa

zvakagadzirwa nevanhu zvinopesana neBhaibheri, dzidziso, zvimwe chete zvavakangoita? Sei? Uri musangano riri mwanasikana wechipfeve chekare. Chipfeve chii? Mumwe mudzimai anorarama asina kutendeka kumurume wake. Achizviti ichechi yeChikristu, uye achipa dzidziso isiri iyo, zvinhu zvake pachake, pachinzvimbo chekutora Shoko Dzvene raMwari.

²⁸⁸ Sezvakangoita Evha, akateerera ku—kuna dhiyabhore, uye akakonzera rufu rwose nokusuwa kwakamborova nyika. Zvakauya kubudikidza naEvha, nokuti akaita hupombwe hwepamweya achipesana naMwari, nokusatenda Shoko raVo.

²⁸⁹ Uye ndizvo chaizvo zviri kuitwa nemachechi nhasi, kuita hupombwe hwepamweya vachipesana neShoko raMwari. Uye havazove newe muchechi kana usingabvimirani nedzidziso yavo.

²⁹⁰ Zvino, vanondisainira matsamba, “Kana ukatenda mune *izvi*, uye kana ukati *izvi* zvakanaka, uye ucha . . .”

²⁹¹ Ndakati, “Ini handitongouye.” Kwete, changamire. Ndichaparidza izvo zvinongorehwa neBhaibheri iri, kana kuti kwete zvachose. Maona? Ndizvozvo.

²⁹² Gara paShoko iroro. Ndizvo zvatinfofanira kuita, hama. Gara ipapo. Zvino tave kusvika kumazuva ekupedzisira, uye tinozviziva izvozvo. Nguva yasvika.

²⁹³ Taigona kutaura sei! Oo, vanotaura *izvi*, *izvo*, *nezvimwewo*. Asi chero chinhu chisina mvumo, usachitenda. Handina basa kuti ndiani akazvitaure. Kana chero mumwe munhu!

Pano, imwe hanzvadzi yakauya kwandiri, nguva pfupi yapfuura. Ndokuti . . .

²⁹⁴ Ri—rimwe boka revarume vandakaparidzira, vashumiri, pamusoro perubhabhatidzo muZita raJesu Kristu, uko 300 nevanoraudzira, vashumiri . . . Vanhu vazhinji vagere pano vaive pamusangano wacho, uko kanzuru yose yeChicago Ministerial Association yakasangana neni. Ishe vakandipa chiratidzo, vakandiudza kwavachange vari uye nezvaizoitika. Zvino ndakaenda ikoko chaiko, ndokutaura. Tine tepi yacho pano kana muchida kuinzwa. Maona? Uye ini . . . Mabhishopi ose, navanachiremba, nemakadhinari, nevamwe vose, vakagara ipapo.

²⁹⁵ Ndakati, “Chero ani wenyu anogona kuzvipomera, tora Bhaibheri rako uye pano.” Ndakati, “Ko sei makanyarara kudaro?” Uye hapana kana munhu akataura chinhu. Zvino sei? Munooni, vanotya Shoko iroro. Ndakati, “Zvino, kana usingakwanise, sei uri kunetsana neni? Nyarara. Buda, unoita chimwe chinhu. Uye kana usingakwanise kuzvitsigira neShoko, saka chiramba wakanyarara.”

²⁹⁶ Saka, zvino, boka rimwe chete iroro revarume rakatumira mumwe mudzimai, ndokuti, “Hama Branham, kana Mutumwa waJehovha akakuudzai.” Mutumwa waJehovha, munoziva, mufananidzo waKe—waKe uripo apo, munoono. “Kana Mutumwa waJehovha akakuudzai Izvozvo, zvinoka, tinoZvitenda.”

²⁹⁷ Ndakati, “Chero ani zvake, wekuti boka revashumiri ringave nehutera hwakadaro, ‘Kana Mutumwa waJehovha akataura.’ Kana Mutumwa iyeye akataura chimwe chinhu chinopesana neShoko iri, anenge asiri Mutumwa waJehovha.”

²⁹⁸ Mutumwa waJehovha achasimbisa Shoko. Ndizvo chaizvo zvaAgara achiita nemuzera rega-rega. Achiri kuita zvimwe chetezvo. Anogara neShoko. Uye mushumiri upi zvake akazodzwa neMweya Mutsvene achagara neShoko rimwe chetero, nokuti Bhaibheri rakataura kuti Bhaibheri rose rakanyorwa neMweya Mutsvene.

²⁹⁹ Uye ungava neMweya Mutsvene sei woramba zvinotaurwa neBhaibheri? Mweya wacho chaiwo uri mauri, unopupura kuti hazvina kunaka. Maona? Gwatakwata ranga richidya, ndizvo zvoga, uh-huh, richidya zvinhu zvechokwadi zvaMwari. Hongu, changamire. Shoko risina mvumo rinopesana neDzidziso yevaapostora. Oo, ini zvangu!

³⁰⁰ Iyi ndiyo Dzidziso yevaapostora. Iri ndiro Bhaibheri. Uyu ndiwo Mweya Mutsvene. Shoko rimwe nerimwe riri maRiri nderechokwadi. Iwe chingotenda uye woRigamuchira, uye usarirerutse, uye tarisa vimbiso yose ichizadzikiswa, kuratidzwa kwaMwari vari pano iko zvino.

³⁰¹ Kana Achisiri Mwari zvino sezvaAiva apo vana veIsraeri vakayambuka Gungwa Dzvuku, haAngave ari Mwari. Akasava Mwari mumwe chete akawira paPentekosti Ari zvaari ipo pano, nhasi, haAzi Mwari mumwe chete. Saka, pakange pasina rumuko, kana dai Akanga asiri, kana iYe. . .Oo, Mwari wenhorondo anokubatsira chii, kana Asiri Mwari mumwe chete nhasi? Maona? Zvinobatsirei kutumira vaparidzi kumaseminari, movachochonya sehuku dzemuchirindiriro, uye vofamba-famba saizvozvo, kana kusina chinhu chakadai saMwari?

³⁰² Uri kuitei, kubvisa Shoko raMwari? Simba rako remvumo riri papi? Unoti, “Chechi.” Chechi, kune masanganano 969 akasiyana awo. Nderipi racho paari rinova rechokwadi? Hapana aizoziva zvekuita. Waizove wakavhiringika. Ndizvozvo. Asi Mwari havasi kuzotonga vanhu nechechi.

³⁰³ Vachavatonga naKristu, uye Kristu iShoko. Bhaibheri rakati, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu.” Aizotonga kereke nevanhu neShoko, ndizvozvo, Shoko benyu, rakamuka.

304 Zvino kana shoko benyu iroro, rakamutswa rikataura chero chinhu chinopesana neShoko iri *pano*, zvino harisi iro shoko rakamuka, rakamutswa. Nokuti, iRi, Richapupurira Chokwadi ichi. Haakwanise kutaura chimwe chinhu *apa*, nechimwe chinhu neche *apa*.

305 Ndinogona kutaura chimwe chinhu *apa*, nechimwe chinhu neche *apo*, nokuti ndiri munhu. Unogonawo, zvakare. Unogona kuwana ruzivo rwakawanda pamwe nekunzwisisa.

306 Asi, kwete Mwari; haVana magumo. Maona? Vane... Sarudzo yekutanga, chinhu chaVo chekutanga chaVanotaura, chinofanira kumira Nokusingaperi. Chimwe chete. Havakwanise kutaura chinhu chimwe *pano*, uye chimwe chinhu neche *apa*. Vanofanira kutaura chinhu chimwe chete nguva dzose, kuti vave Mwari.

307 Saka kana Mweya uri pauri, uri waMwari, uchapupurira Shoko *iri* kuti iChokwadi, Shoko rose raRo. Uye ndiRo rimwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndizvo zvinotaura Bhaibheri. Hongu, changamire. Zvakanaka.

Zvino, ngatichimbidzei titore danho rinotevera rechipembenene chidiki ichi.

308 Kutanga, chakanga chiri muteteni. Chii chawakadya kubva paMuti waMwari? Muchero.

309 Danho rakatevera rachakapinda; chakafa mudanho iroro, ndokuuya mune rimwe danho. Chakaitei zvino? Chakauya panguva iyi semhashu. Chikadya mashizha ose. Ndiyo tsika yemhashu.

310 Zvino, chii chinotevera chachakaita? Chakadzoka mune rimwe danho, segwatakwata, ndokupinda mumakwati.

311 Zvino, hechinoi chichiuya se...semupedzachose, danho rechina racho, zvino semupedzachose. Mupedzachose chii? Unosveta; unosveta Hupenyu, Mweya, Hupenyu. Ndizvo zvaunaita, unodzika pasi chaipo, wobata munyepfu, wotanga kusveta. Mupedzachose, heunoi uyu. Tichaudaidza kuti ani? Sangano. Ndiro zita racho chairu remuchinda iyeye. Sei? Muparadzi; anosveta Hupenyu.

312 Nguva dzese idzo Mwari vanotumira kumwe kufamba pakati pevanhu vaVo, nguva dzose, uye voita sangano, ipapo chaipo ndipo pavanofira. Ndinoda mumwe munhu anoziva nhoroondo yechechi, anogona kupomera izvozvo. Ndiratidzei imwe nguva apo sangano rakamboita sangano, rekuti harina kufira ipapo. Gwatakwata rakaibata, rikabvisa chinamoto chayo. Ndokubva chinoveta chauya ndokutora...chikasveta Hupenyu kubva muMuti chaimo.

313 Imhandoi yeHupenyu hwaive maUri? Mweya Mutsvene. Chii chawakaita? Hauna kukwanisa kuchengeta Mweya Mutsvene mukati imomo uyewo zvakare woramba uine dzidziso dzechechi.

Mweya Mutsvene waisakwanisa kugamuchira zvakadaro. Saka chinobvisa Hutsvene, Hupenyu kubva muMuti, chobva chaupa dzidziso yechechi, inoita sangano. “Hatina basa nezvinotaurwa neiRi. Sangano redu rinotaura *izvi*.” Hezvoka izvo. Rangarirai, mushure mekuita sangano, inofa nguva dzose, uye haizombofi yakamuka zvakare.

³¹⁴ Sangano rekutanga raive Katorike; rakafa pakarepo. Nokuti, rakanga iri dzidziso, pakutanga kwacho.

³¹⁵ Kubva imomo makabuda kuvandudzwa kwekutanga, aiva Luther, akaita sangano ndokufa.

Kukatevera Wesley; akaita sangano, akafa.

Kukatevera Pentekosti; ikaita sangano ikafa.

³¹⁶ Presbyteriani, Lutherani, vamwe vose ava, ne—neNazarene, Pilgrim Holiness, nemasangano ose aya akatevera saizvozvo, rimwe nerimwe rakafa. Atarisei. Sei? Vanoita sangano, uye izvozvo zvinovauraya. Chii chavakaita? Vanotora dzidziso idzi.

³¹⁷ Imi maNazarene, kereke inoshamisa, inotevera kuchi—kuchizouya Pentekosti. Yaiva chii? Munotenda mukucheneswa, asi pazvakadzika kusvika pazvipo zveMweya, kutaura nendimi nemasimba makuru aMwari, makaZvidaidza kuti “madhimoni,” zvino ipapo ndipo pamakafira. Ndizvozvo. Iri kupi nhasi? Yakafa. Oo, ine nhengo dzakawanda, asi iri kupi? Iyo chitunha.

³¹⁸ Ndakaiona, humwe husiku, ndizvozvo, chinhu chacho chose. Mufundisi wavo, akarara pamusoro, achitsvoda chitunha, achiita zverudo nacho. Zvikanzi, “Havasisina imwe nguva, zvisinei. Izvi ndizvo zvese.” Saka, ndichazvipa kwamuri, imwe nguva, patepi. Maona? Zvakanaka.

³¹⁹ Mwari vakadyara Muti waVo, kuti ubereke zvbereko zvemweya, zvbereko zveMweya. Ndizvo here? Asi munhu akaita sei? Munhu nguva dzose akaedza kuUita chimiro chakagadzirwa nevanhu. Akazviita, kumashure uko; anozviita nazvino. Zvino, izvi, ngatichifambei zvakasimba zvino, nekukasika. Munhu akagara achiedza kutora Chechi yemweya nekuiita chimiro chekugadzira.

³²⁰ Luther aive neChechi yemweya. Chii chakaitika? Luther paakangofa, vakaiita chimiro, chekugadzira.

³²¹ Wesley akaita sei? John Wesley, munhu waMwari mukuru! Ndiani angati John Wesley anga asiri munhu waMwari? Akaitei? Pakangofa iye naJohn naCharles, vakaiita sangano. Payakadaro, yakabva yafa. Ndizvozvo.

³²² Zvimwe chetezvo zvichidzika nemuzera, nguva dzose, pane mumwe nemumwe. Vanoita zvekunyepera zvakagadzirwa nevanhu, mabasa akanaka, ungoro hurusa, vanhu vakatsvinda kudarika vose. “Vakakurumbira vemuguta vanoda kutijoinha isu.”

233 Ndizvo chaizvo zvakaitika kwamuri imi boka remaPentekosti zvakare. Ndizvozo chaizvo. Ma—makaderedza chiyero. Makabva paMweya. Maida zvivakwa zvikuru, nezvishongo, nezvose zvakadaro, uye mukawana vafundisi vakadzikama. Chii chamakaita? Imi vanaamai makaendesa vanakomana venyu kune mamwe emaseminari aya kunze kuno uku, kuti vave vafundisi. Vakatanga kuvadzidzisa chii? Dzidziso yebhaibheri nemhando dzose dzezvinhu zvakagadzirwa nevanhu. Uye nhasi zviripi? Vakadzoka, vari boka raanaRicky naanaElvis. Ndizvozo chaizvo. Chii chamunacho nhasi? Boka rematakanana, “Chimiro chehumwari.”

234 Bhaibheri rakati, “Mumazuva ekupedzisira vachava nechimiro chehumwari, asi vachizoramba Simba racho, Hupenyu hwacho.” Sei? Mupedzachose akaHusveta. Ndizvozo. Sangano rakaHubvisa. Timotio Wokutanga 3, Pauro akati, “Zivai izvi, mumazuva ekupedzisira, kuti nguva dzine njodzi dzichasvika. Vanhu vachava vanozvida pachavo, vanodada, vanozvikudza, vanomhura, vasingateereri, vasingavongi, vasina hutsvene, vasina rudo chairwo, vasingazvidzori, vanozvidza avo vakanaka, vatengesi, vanokarira zvepamusoro, vane mufananidzo wehumwari, uye vachizoramba Simba racho.” Mupedzachose wakarisveta. Gwatakwata rakauya pauri, karekare. Tichakuunzirai Muti uyu, wose, munguva diki-diki, Ishe vachitendera.

235 “Nzvimbo hurusa.” Oo, chokwadi. “Zvino, munoziva, chechi yedu gore rakapera yakaunganidza yakawanda kudai.” Oo, chokwadi.

236 Katorike yakakukundai nemamaira miriyoni. Chokwadi yakadaro. Yakatosvika pakuva neyakawandisa muRussia kusvikira vakaidzinga ndokuisa, vakavamba communism. Vakaita zvimwe chetezvo muMexico. Uye vanofanira kuzviita pasi rose, kwese kwairi. Ndizvozo.

237 Musambotya communism. Communism kufamba kusina Mwari. Asi unonzwa vamwe vevaparidzi ava, vachimira papurupiti, vachitsiura, “Communism! Communism!” Iniwo handitendi mairi futi. Asi regai. . . Uye voudza chechi yavo, “Oo, isu tose tichamedzwa. Pasi rose richave rechicommunist.” Zvinonyatsopesana neShoko raMwari. Hakuna nzvimbo muBhaibheri inotaura kuti zvichava saizvozo.

238 Asi Bhaibheri rinoti chiRoma, kereke yeKatorike, ichatora pasi rose. Torai Dhanieri mugoona. Musoro wendarama, Mambo Nebhukadhinezari, humambo hweBhabhironi; vaMedhia navaPeresi vakave hushe hwakamutevera; Humambo hwechiGiriki hukatevera ihwohwo; zvino Roma yakaenda kunosvika kumagumo. Zviguwe 10 izvozo zvinopinda muhumambo hwose huri pasi penyika. Musa. . .

329 Pane chidzitiro chedare. Pane chidzitiro chemushenjere. Pane chidzitiro chepepuro. Hama, imi, musatya zvimwe zvacho zvese izvozvi, asi tarisai chidzitiro chepepuro ichocho.

330 Chakagara imo muno pachigaro chehumambo, nhasi, munyika ino. Rangarirai, sezvakaita Ahabhu, naJezebheri ari shure kwake. Ndizvo...Bhaibheri rinodaidza kereke yeKatorike kuti “Jezebheri; pfambi.” Zvino Ahabhu akanga asiri muchinda akaipa. Handitauri kuti VaKennedy havasi murume akanaka. Ini hapana chandinoziva nezvavo. Ivo munhu. Ndizvo zvoga zvandinoziva. Ndivo Purezidendi. Ndinotenda kuti vachaita Purezidendi akanaka. Havasi ivo; hurongwa ihwohwo huri shure kwavo. Mirirai kusvikira apinzwa muhurumende, uye nekweise kwaanokwanisa, ipapo mozoona zvichaitika. Tarisai zvayakaita mune dzimwe nyika. Tarisai zvayakagara ichiita.

331 Uye Bhaibheri haritauri here, muna Zvakazarurwa 13? Nyika iyi inhamba 13. Ine mitsara 13 nenyeredzi 13 pamureza. Mitsara 13 pamureza. 13, zvose zviri mairi i 13; matunhu 13, zvinhu zvose 13. Uye inowanikwa muchitsauko 13 chaZvakazarurwa.

332 Uye Bhaibheri rakataura, kuti, “Yakauya segwayana duku,” rusununguko rwekunamata; “nyanga 2 duku,” zvevanhu nezvechechi. Uye mushure mechinguva, vakabatana, “Zvino yakataura sezvakaita shato, uye ikaita zvose zvakaitwa neshato kumashure kwayo.” Zvino Bhaibheri rakati, “Vakaitira chikara mufananidzo,” mubatanidzwa wechechi, izvo zvavapinda mazviri iko zvino, muno muNew York City. Uye ikoko mochari iya huru kwazvo kumusoro uko! Uye imi mose maMethodisti, maBaptisti, nemaPentekosti, nomumwe nomumwe wenyu, mune zvemari. . . vanhu vemumachechi kunze kuno, muchiedza kuita zvinhu zvakadaro seizvozvo, nokutengesa hudangwe hwenyu, kuti mujoinhe boka iroro reBhabhironi. Dambudziko renyu nderei? Chokwadi. Kutengesa hudangwe hwenyu, sezvakaitwa naEsau, nekuda kwendiro yemuto. Ndizvo zvega zvamuchawana. Ndizvo zvoga.

333 “Akaumba mufananidzo wechikara.” Ndizvozvo. Musatye communism. Ityai chiKatorike. Oo, Akati, “Yaizopinda nekubata kumeso, segwayana. Asi,” akati, “itarisei.” Kumashure kwayo, imhumhi. Munyengeri. Itarisei. Hongu, changamire. Nokuti, zvinopesana neShoko. Zvinotaurwa neShoko zvinofanira kuitika.

334 Communism haisi kuita chimwe chinhu kunze kwekushanda iri mumaoko aMwari. Ndizvozvo chaizvo. Uye sei vachifanira kudaro? Mwari vakatotendera communism, kuitira kuti iite izvi, Shoko raVo, rizadzikiswe. Chokwadi. Ndizvo... Makazvicherechedza here izvozvo? Makambofunga nezvavo here? Mwari vanofanira kuita kuti Shoko ravo rizadzikiswe.

³³⁵ Tarisai. Paiva nevaporofita 400 vakamira kunze uko, pamberi, paAhabhu naJehoshafati, rimwe zuva. Jehoshafati, murume akarurama. Akati, “Asi, tisati takwira kuenda kuRamoti Gireadhi,” akati, “hatifaniri here kubvunza Jehovha?”

³³⁶ Ahabhu akati, “Hongu. Chokwadi.” Maona? Jezebheri ari seri kwazvo zvose, munoziva. Akati, “Ticha—ticha. . .Ndine vaporofita 400 pano. Tichavaunza pano.”

³³⁷ Vese vari vanhu vakanaka. Akavaunzapo. Vose vakaporofita, vakati, “Endai zvenyu kumusoro. Ishe vanemi.”

³³⁸ Hazvina kunzwicka sezvakanaka, kumurume aive nehumwari uyu. Mambo weIsraeri, kana kuti mambo weIsraeri kumusoro ikoko. . .Hazvina kunzwicka sezvakanyatsonaka kwaari. Akati, “Hakuna here mumwezve?”

³³⁹ “Vaparidzi 400, vatove muhumwe, vachiti, ‘Endai zvenyu kumusoro. Jehovha vatotaura nesu uye vakati, “Endai zvenyu kumusoro.””

Akati, “Asi panofanira kunge paine mumwezve pane imwe nzvimbo.”

³⁴⁰ Akati, “Ndine mumwe, asi ndinomuvenga.” Chokwadi, zvirokwazvo. Hongu. Akati, “Anogara achingonditsiura. Anogara achitaura zvakaipa pamusoro pangu.” Ko aigoita chimwezve chinhu sei, apo Shoko raMwari raipesana naye?

³⁴¹ Naizvozvo vakatumira ndokundatora Mikaya. Mikaya akati, “Endai zvenyu kumusoro. Hongu. Ndizvozvo. Asi ndakaona Israeri yakapararira, semakwai asina mufudzi.”

³⁴² Zvino iye, manjeka, muparidzi mukuru uya akauya, bhishopi, ndokumuwatsura pamuromo. Akati, “Mweya waMwari waenda kupi paWabuda mandiri?”

³⁴³ Akabva ati, “Wanga usitombori mauri, pakutanga kwacho.” Saka zvino—saka akabva ati, “Muchazviona, rimwe remazuva ano.” Akati—akati—akati. . .

³⁴⁴ Ahabhu akati, “Musei mujeri romukati-kati. Mupei chingwa chekusuwana ne—nemvura yekusuwa.” Akati, “Kana ndadzoka murugare, ndichashanda nemuchinda uyu.”

³⁴⁵ Akati, “Kana ukadzoka zvachose, ipapo Shoko raMwari harina kutaura kwandiri.” Sei? Sei? Akanga ari pamwe chaipo neShoko, pamwe chaipo neShoko.

³⁴⁶ Chero chiporofita chisingagari neShoko iroro. . .Ndizvozvo chaizvo. Ndicho chikonzero ndichiti nhasi; zvisinei kuti chinoratidzika zvakanaka sei, kuti vaparidzi vangani vari kutaura *izvi*, *izvo*, kana *zvimwe*, “Communism ichatora nyika yoikandira pasi.” Musamboedza kurwisa communism. Rwisai chiRoma. Nokuti, iZVANZI NAJEHOVHA. Ishe vakati chiRoma ndicho chichatonga, kwete communism. Inongori chimbwasungata.

³⁴⁷ Asi, munoona, aitofanira kuzviita. Jehovha vakati kuna Mikaya, “Ndinofanira kutumira Ahabhu kunze ikoko. Ndoita kuti vaparidzi ivavo vataure izvozvo, kuti vatumire Ahabhu kunze uko, kuitira kuti mashoko aEria aitike.”

³⁴⁸ Mwari vakatotendera kuti communism isimuke. Vanoitei? Vanofambisa mamochari ose aya pano pamwe chete, uye vakaita mubatanidzwa wemakereke, ndokubatana, mukugadzira mufananidzo wechikara, zvakataurwa chaizvo neShoko raVo kuti zvaizoitika. Musanetseka nazvo. Imi tarisai chinhu chachiri kuumbika chiri pasi pachoko. Ndizvozvo. Hmm!

³⁴⁹ Ndiri...kufungidzira kuti ndiri kukunetesai, asi... [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Asi ichokwadi. Handizivi pandinozogona kutaura nemi zvakare. Ndinogona kuzotadza. Hatizivi. Tinogona kusazombosangana zvakare, asi ndinoda kuti muzive izvo zvinova Chokwadi.

³⁵⁰ Tarisai Shoko iri. Ichokwadi; kwete ini. Shoko iRi, ndiRo Racho. Kana shoko rangu richipesana neiRi, saka musanditenda. Imi tendai iRoRo. Zvino, kana mukati, “Zvakanaka, tinaRo, uye muri kuparidza zvinopesana naRo,” zvino ibasa renyu kuuya kwandiri. Ndizvozvo. Ibaso renyu kuuya kwandiri. Maona? Chingouyai, uye tione kuti Shoko chii, zvino.

³⁵¹ Zvino, naizvozvo, tinoona kuti zvaiva...icommunism yakaunganidzwa pamwe chete. Mwari vakati, “Gogi naMagogi, ikoko, vachaungana pamwe chete,” chokwadi, “kuunza hondo.” Ichokwadi chaicho, nekuti zvichaunza masimba aya pamwe chete. Inofanira kuuya. Bhaibheri rakati ichauya.

Mwari vakadyara Muti uyu, kuti ubereke muchero waVo wepamweya.

³⁵² Uye munhu akagara achiedza kuuita chimiro chekugadzira, “Kuva nechimiro chehumwari.” Zvivakwa zvikurusa muguta, chokwadi, mamiriyoni emadhora! Ini zvangu, nhai vedu! Apa vanhu vachiparidza kuti Jesu ari kuuya, uye voshandisa madhora 6 ne 8 miriyoni pachivakwa pane imwe nzvimbo. Uye, mamishinari, ndinoziva mamishinari ari mumunda wekuvhangeri, ari kuparidza Evhangeri, asina kupfeka shangu, achidya ka 2 pavhiki. Munokwanisa here kuona kuti sei, hama, isu...Chii chanetsa nevanhu? Handitendi chaizvo kuti vanotenda kuti Ari kuuya. Mashoko ako—ako—ako—ako anotaura...Zvino, hupenyu hwako—hwako hunotaura zvinonzwika kupfuura mashoko ako. Iwe...Maona? Uye ndiYe...

³⁵³ Mamishinari aye maduku, kwandinouya mumusanganano wangu saizvozvo, vasina kupfeka shangu; nemudhebhe mudiki wakasungirirwa paari, saizvozvo; vachigara kunze uko nenhata, neameba, netsikidzi, nemhando dzose dzehurwere, nezvimwe zvose kunze uko; maoko madiki akare akadyiwa, uye akadyiwa

neameba nezvimwe zvose. Vakamira ipapo, voti, “Ndimi Hama Branham here?”

Ndoti, “Hongu.”

Vakati, “Oo, ropafadzwai! Ndinogara ndichikunamatirai.”

³⁵⁴ Ndakafunga kuti, “Oo Mwari, itai kuti murume iyeye andinamatire. Hongu. Ndiye munhu wacho. Ndiye wacho.”

³⁵⁵ “Ndiri . . . nda—nda—ndakaverenga zvinyorwa zvenyu, Hama Branham. Chokwadi muri kutaura Chokwadi. Tinemi chaizvo.” Oo, hama, ndiye—ndiye muchinda wacho. Ndiye wacho; muchinda anonzwisa urombo.

Wonzwa mumwe munhu achiti, “Unoziva kuti ndiani?”

“Oo,” oti, “haasi wesangano redu.”

“Ndizvo here? Iye ndiani?”

“Handiti, haasi pamwe nesu.”

“Zvinoka, ndiani?”

“Oo, aka—akazvimiririra.”

“Oo, akazvimiririra? Uh-huh. Zvakanaka, anoitei?”

“Oo, ane basa diki kunze uko. Iye—iye haabatani nesu.”

“Zvinoka, ndinoda kuziva nezvake.”

³⁵⁶ Munoziva, pandakanga ndichiri mukomana mudiki, ndichivhima maapurosi mubindu remuapurosi, ndaigarowana muti uye waiva nemhonya dzose pasi pawo, munoziva. Wakarohwa chaizvo—chaizvo uye zvakasimba, ndipo paiva nemaapurosi akanaka.

Vanoti, “Asika, anongova muumburuki mutsvene.”

³⁵⁷ Unoziva, unogara wakaisa chidukununu pane muti wakanaka. Dhiyabhore anoita zvimwe chetezvo, kukutyisidzira kuti ubve paRiri. Usanetseka. Nyatsoenda hako kuseri kwechidukununu ichocho.

³⁵⁸ Ndaitarisa pinga rimwe zuva, richidya bhata bhinzi dzandaidyara. Pese pandaidyara mutsara webhata bhinzi, muchinda mudiki iyeye aibuda, odzidya. Ndakafunga kuti, “Ndichanyatsorivhundutsira chaizvo.” Saka ndakatora chibhegi chebepa. Uye ndiri mudhirowi chaiye; dai makandiona. Ndakadhirowa wandaifunga kuti waiva mufananidzo unotyisa. Oo, waityisawo, zvakare, ndokunge ndaudhirowa. Zvino ndakauisa pachibhegi, ini ndokuisa bhata bhinzi imomo, ndokuchiturika pachimuti. Zvino mhupo payaivhuvhuta, chaizunguzika sekudai.

³⁵⁹ Kubva mumwena makabuda kapinga, munoziva. Zvino kaimhanya kachidzika neimomo, kachidya bhata bhinzi, kakamhanya kakananga chibhegi ichi. Kakadududza. Kachiritarisa, kakanyatsochitarisisa saizvozvo. Ndokubva kati, “fiyuu,” kakachisvetukira, zvino, oo, chibhegi

chakaramba chakamira. Kakachitarisa zvakare, munoziva, ndokunyatsochipenengura chese, zvakare. Kakacheuka ndokuona bhata bhinzi dziya dzichidzika nemutsara. Uye dzaive dzakanaka, munoziva. Saka kakatarisa, chidukununu chiya chaive munzira yako. Saka kakafamba kachiuya, ndokuramba kachiswadera pedyo, *saizvozvo*, kachiedza kuchivhundutsira, asi chaisafamba. Usanetseke; chakafa. Ndizvo zviru madukununu ose. Saka iko—saka iko kakango . . .

³⁶⁰ Zvakakaita, kakatora katsoka kako ndokurova tsaga riya, zvino rikangoti ngwere-ngwere, ngwere-ngwere. Kakasvetukira kumashure ndokuritarisa, *saizvozvo*. Kakarirova zvakare, ngwere-ngwere, ngwere-ngwere. Ndizvo zvoga zvariri, kungoti ngwere-ngwere. Sezizi rechiIrish, rakangokura neminhenga, pasina kana zviripo, munoziva. Saka kakangorirova *saizvozvo*, ndokuti ngwere-ngwere ka 4 kana ka 5 *saizvozvo*. Munoziva zvakakaita here? Kakatenderera kuseri chaiko kwechibhegi ndokuenderera mberi nekudya bhata bhinzi dzangu. Kaiziva zvakanaka nezvazvo, zviru nani kupfuura zvandaita. Maona? Chaiva chii? Munooni, kakange kasiri kutendera kuti chidukununu chikamise. Pane chimwe chinhu chakanaka kuseri kwechidukununu.

³⁶¹ Pavanoti, “Oo, vaumburuki vatsvene,” ingoenderera mberi uchipoterera seri kwechityiso ichocho wopfuurira mberi uchipinda. Maona? Enda mberi uye uzvitende. Maona? Panogona kunge paine Mweya Mutsvene ipapo, zvakare, munooni. Haugone kuziva. Maona? Zvakanaka.

³⁶² Oh, iro sanga-...ngatitarisei mupedzachose wesangano uyu ari kushanda. Chechi yepanyama; Chechi yepamweya. Tarisai mupedzachose wakare uyu zvino, kuti unoiita sangano sei. Chakatopedza kudya makwati, uye michero yakapera kudyiwa kubva pauri, uye, oo, hama, zvose zvapera. Zvipo zvose zveMweya zvaenda; hapana kupodza kwaMwari, hapana kutaura nendimi, hapana chiporofita, hapana, havatendi mune—kutenda muvaporofita. Havatendi muzvinhu izvi. Havazivi. Zvose, zvakanagadzirwa nevanhu! Zvese zvavanazvo zvakanagadzirwa nevanhu, ndezvekugadzira. Maona? Zvakanaka. Chechi yepanyama, kune chechi yepanyama. Ndiyo yakagadzirwa nemunhu. Chechi yepamweya . . .

³⁶³ Munoziva, Bhaibheri rinotaura here izvozvo? Hongu, changamire. Church yepanyama; uye neChechi yepamweya. Zvino Bhaibheri rinoti, “Dzinga murandakadzi nomwana wake:” (Hagari) “nokuti haangavi mudyi wenhaka pamwe nomudzimai akasununguka nomwana wake.” Maona?

³⁶⁴ Saka, chechi yepanyama, ichagara nhaka ye (Chii?) kusungwa kwezvisote, kusungwa kwezvitsumbu, kuti zvipiswe. “Uye haasi kuzodya nhaka, kuve mudyi wenhaka, pamwe chete nemudzimai akasununguka.” Kana murandakadzi

ari muhusungwa nevana vake vesangano, haangavi mudyi wenhaka pamwe chete nomudzimai akasununguka, nokuti vana vomudzimai akasununguka vachaenda muKubvutwa. Uye vana vemurandakadzi vachamira muKutongwa, munoona, vodzingirwa kunze. Hongu. Vemweya vakasununguka. Hongu, changamire.

³⁶⁵ Mupedzachose, vanaEsau vemasangano. Zvino, Esau. Pana Esau naJakobho, vose vari mapatya, vose vari vanonamata. Esau akanga ari munhu wenyama. Akanga ari murume akanaka. Haana kuti, saka, zvino. . . Haana kuenda kunoba, kunwa, kana chimwe chinhu ikoko. Akanga ari munhu anonamata. Asi akafunga, “Zvino, chero bedzi ndichinamata, zvinoita mutsauko wei?”

³⁶⁶ Asi, Jakobho mudiki wekare, akanga asina basa kuti aizohuwana sei, hudangwe ihwohwo ndihwo hwaaida. Zvisinei nekuti aihuwana sei, chero bedzi angohuwana! Kana aifanira kudzika paartari, ozhambatata nekuchema, nekubowa nekubuda madzihwa. Ndiregerereiwo. Kana kuti, munoziva, kubudisa mvura muziso rake. Ndanga ndisingareveri kutaura izvozvo. Uye saka. . . Ndiregerereiwo. Saka, odzika kuartari ochema kusvikira ahuwana, handiti, ahuwana. Maona? Akanga asina basa kuti ahuwana sei, chero bedzi angohuwana.

³⁶⁷ Vamwe vavo vanoti, “Ini. . . Hama Branham, vanhu ivavo vari zasi uko, vanobowa paartari iyo, uye vachichema, nokuchema. Handihudi nenzira iyoyo.” Zvakanaka, hauhuwani.

³⁶⁸ Mutana wechitema, hama yechitema, zasi kuMaodzanyemba, imwe nguva, yaigara ichifara. Zvino iye, mukuru wake webasa akati, “Chii—chii chinoita kuti unge uchifara kwazvo nguva dzese, mukomana?”

Akati, “Ndine chinamato chinonzwikwa mumwoyo.”

Akati, “Hakuna chinhu chakadaro.”

³⁶⁹ Akati, “Maita mhosho imwe chete. ‘Sekuziva kwenyu, hakuna chinhu chakadaro.’” Aiziva zvakasiyana. Akati, “‘Sekuziva kwamunoita.’ Manga muchifanira kunge mazvitaure saizvozvo.”

Rimwe, zuva akati, “Ndinoda kuwanawo chimwe chechinamato ichocho chinonzwikwa mumwoyo.”

Akati, “Munochida rinhi?”

Akati, “Izvozvi.”

Akati, “Zvakanaka, handei tinochitora.”

³⁷⁰ Vakabuda. Akati, “Heino nzvimbo yepamusoro pedanga inochengeterwa uswa. Yakanaka.” Uye akati, “Hongu, mudzimai wangu haandinzwe, uye chero chinhu kunze kuno uku,” akadaro. Ndiyo nzira iyo vanhu vanochida, munoziva; kuchitambidza kwavari, mundiro. Akati, “Tichapfugama pano.”

Hama mutana yakati, “Hamuchiwani pano.”

371 Saka, changamire, akaenda kudanga. Akati, “Tichachiwana pano here?”

Akati, “Kwete.”

Akati, “Tichaenda kudura rechibage.”

Akati, “Kwete.”

Akati, “Unochiwanira kupi?”

372 Akati, “Nditeverei.” Akakwiridzira makumbo emudhebhe wake, ndokupinda mudanga renguruve, nesimba raaigona naro, mumadhaka, akati, “Huyai kunze kuno. Pano ndipo pamunochiwana.”

Akati, “Handidi kuuya kunze ikoko.”

Akati, “Hamusati mava kuchida, mukuru. Hamusi kuchida.”

373 Munoziva, Naamani akafungawo izvozvo, zvakare. Naamani, Naamani akati, “Zvino, ndinoda kubvisa maperembudzi angu.”

374 Eria akati, “Dzika uko kuJorodhani rine madhaka, kwarinodira muMediterranean imomo.” Uye akati, “Rine madhaka asingabviri. Zvinyudze zasi imomo kanomwe.”

375 “Oo,” Naamani akati, “ini zvangu, nhai vedu! Mvura hadzisi nani here, kumusoro kuDhamasiko nekumusoro uko? Oooo, dzakanaka uye dzakajeka kumusoro uko.” Ini zvangu, takaona pano humwe husiku, pafirimu, pano, munoziva. Akati, “Oo,” akati, “handiti, handiti, hatidi kuenda zasi ikoko. Handikwanise kudzika zasi ikoko. Uye munoziva here kuti ndini ani? Ndiri mukuru wevarindi. Ndiri mukuru wehondo.”

376 “Zvinoka, kana uchida kubvisa maperembudzi ako, enda zasi ikoko. Asi kana uchida kugara nawo, enda hako kumusoro ikoko. Akati, ‘Zvinyudze.’”

377 Uye ndiri kumuona achifamba achipinda mumvura imomo. Ungafungidzira here? Oo, zvakavhiringa chiremerera chake. Ndiri kumuona, munoziva, achifamba nezvidodoma sezvizvi; akabata mhino, munoziva.

378 Ndiyo nzira iyo vamwe vanhu vanoedza kuuya kuna Kristu, “Ndinoda kupodzwa, ndinoda, munoziva, kuenda Kudenga, asi, oo ini zvangu, handizivi kana vamwe vose vachizofanira kuti vanditarise?” Uh-huh. Iwe munyengeri. Haufe wakazviwana, zvakadaro. Ndizvozvo. Maona? Haufe wakazviwana, zvakadaro. Usanetseke zvako. Hausati wava kuzvida zvakakwana. Ndizvozvo. Hausi kuzvida zvakakwana. Ndizvo chaizvo. Kana wagadzirira kuzviwana, uchazviwana, zvakana. Mwari vachazvipa kwauri kana wagadzirira. Zvakanaka.

379 Zvino, vose, vanamupedzachose vemasangano, vakadya chinhu chacho chose. Cherechedzai chipembenene chimwe

nechimwe, chimwe nechimwe chezvipembenene izvi, pachanga chichishanda paMuti, chakagadzirira chimwe chacho chaizochitevera nzira. Oo, iyeye muchinda akangwara. Hongu, changamire. Maona? Chakabvisa michero, munoono, Mweya, kuti (Chii?) chibvise kuyanana, munoono, mashizha.

³⁸⁰ Saka rimwe divi rakauya uye chikazviraramisa, chikabvisa mashizha. Sei chakaita izvozvo? Chakabvisa mashizha kuti pasave nekutonhorera uye nedonhodzo, kuitira kuti vamwe vanhu vaone, kuti chigone kupinda mumakwati. Maona?

³⁸¹ Chaipinda mumakwati, chobvoora chichipinda muburi, uye chobvisa Dzidziso kubva kwavari, munoono, chinhu chacho chaicho chinotsigira Hupenyu.

³⁸² Uye zvakare, pachakangoboora maburi imomo, chakava, nedanho rakatevera, kukauya mupedzachose wekare unosveta, wakatora sangano, ndokurivsveta uye ndokuriita sangano kuti urege kuHuwana.

³⁸³ Zvino Hupenyu hwakaitei? Hwakaenda zasi chaiko mumidzi. Ndizvozvo chaizvo. KuHuendesa zasi chaiko mumidzi. Zvakanaka.

³⁸⁴ Zvino, chipuka chimwe chete chakaboora kusvika pamoyo, kusvikira chasvika kuHupenyu. Chakaramba chichiuya nemumuchero, nemumashizha, nemumakwati, kusvikira chasvika pamwoyo chaipo, panopa Hupenyu. Zvakanaka.

³⁸⁵ Zvino ngatitarisei muparadzi ari pabasa. Wokutanga... Ndichafanira kusvetuka zvimwe zveizvi pano, ndinotenda kudaro; kwete, handisi. Chinhu che—chekutanga chakaitwa nemuchinda uyu, pachakangopinda mumoyo weMuti... Ngatichitarisei, kumashure mudanho racho rekutanga, chisati chambotanga zvakanakisa. Ngatichitarisei. Zvino ngatichitarisei chiri pabasa. Chinhu chekutanga chachakapomera, kwaive kuparadza Muti wemuchero chaiwo wekutanga, unokosha uyo Mwari vaiva nawo panyika.

³⁸⁶ Zvino, kana mukakwanisa kutsungirira neni kwemamwe maminetsi mashoma. Ndinoda kuti imi—ndinoda kuti mubate izvi zvino. Rega... Iyi ndiyo Mharidzo yenyu yeEsta, iri kuuya izvozvi. Uh-huh, uh-huh, uh-huh.

³⁸⁷ Chinhu chekutanga chachakaita, chakaparadza Muti waMwari wekutanga, wakakosha wemuchero, Kristu. Akanga ari Muti iwoyo kubva mubindu reEdheni. Ndizvozvo. Muti wemuchero wekutanga, chakaUparadza. Wekutanga Wacho uyo Mwari vakadyara pano panyika, waive Kristu. Chakaparadza Muti iwoyo wakanga uchibereka muchero waKe. Zvino, vakava nemhando dzose dzemasangano, uye chaingova nawo mumaoko acho. Asi pachakasvika paMuti waibereka muchero chaiwo, chipembenene ichocho cheRoma chakapinda Imomo, munoono, chikaparadza Muti wacho.

388 Muti? Hongu. Jesu akati, “Kana Ndikaita...” Muna Mutsvene Johane, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, kana kusava nezvibereko zvaBaba vaNgu, musaNditenda.” Akanga ari kubereka muchero waMwari. Akabereka muchero wemhandoi? Imhando ipi yemuchero?

389 NgatiMutarisei kwemaminetsi mashoma. Takapfuura nemazviri nguva dzakawanda. Ngatitorei kanhangaruvanze kamwe, kune vanhu vagere pano, vakamirira kwechinguvana, kuti vanamatirwe.

390 Ndechipi chinhu chekutanga chavaiziva, chekuti vaizo, Muziva kuti ndiye Mesiya? Petro paakatanga kuuya kwaAri, naAndreyu akanga amuunza, zvino Akatarisa Petro ndokuti, “Zita rako ndiSimoni, uye uri mwanakomana waJonasi.” Akabva aziva ipapo, maererano neGwaro, kuti iyeye aive Mesiya. Kwakambovepo. . .

391 Munoziva here kuti pakambova nevazhinji vakasimuka izvi zvisati zvaitika, maererano nenhorooondo, uye vakazviti vanaMesiya? Asi hapana kana mumwe wavo akakwanisa kuita izvi. Uh-huh. Nekuti, “Mesiya,” Mosesi akati (Shoko raMwari, risingagoni kukundika, rakataurwa naMosesi.), akati, “Mesiya wenyu achava Muporofita akafanana neni.”

392 Zvino saka mutorwa uyu paakafamba pamberi paJesu, uye Jesu akati, “Tarira, zita rako ndiSimoni, uye uri mwanakomana waJonasi,” Petro akabva aziva kuti Aiva Ani. Akaziva kuti aive iYe.

393 Natanieri paakaenda ndokunotora Firipi, kana kuti. . . Firipi akaenda, akanotora Natanieri, waro, ndokumuunza ikoko. Uye Natanieri, munhu mukuru, munoona, munhu mukuru, murume munamati. Uye—uye Firipi achimuudza pamusoro pazvo, munzira vachiuya, zvaAkanga aita kuna Simoni. Zvino Natanieri paakauya muHupo hwaJesu, Jesu akati kudii? Akati, “Tarirai muIsraeri, asina kunyengererwa maari.”

Akati, “Rabhi, Makandiziva rinhi?”

394 Akati, “Firipi asati akudana, pawanga uri pasi pemuti, Ndakakuona.”

395 Akati, “Rabhi! Rabhi, ndiMi Mwanakomana waMwari; ndiMi Mambo weIsraeri.” Maona?

396 Sei? Ndiwo muchero. “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu. . .” Aiziva mifungo yacho chaiyo yaive mumwoyo yavo.

397 Mumwe mudzimai akabata nguwo yaKe, imwe nguva, ndokuenda hake kunogara pasi muungano. Jesu akatarisatarisa akati, “Ndiani aNdibata?” Vese zvavo vakazviramba. Akaringa-ringa, ndokumuona. Aiva nedambudziko reropa. Akati, “Kutenda kwako kwakuponesa.” Oo, ini zvangu!

Mudzimai mudiki muSamaria. . .

398 Zvino rangarirai, haAna kumboenda kuMarudzi, saizvozvo. Kwete, changamire. Akaudza vadzidzi vaKe kuti vasaenda kwavari. Ndisu. Rino ndiro zuva redu. Akaenda muchimiro cheMweya Mutsvene, kwatiri, sezvaAkataura kuti Aizova.

399 Asi paAkaenda kwavari, chii chakaitika? PaAkaenda kumudzimai wekuSamaria, mudzimai akati... Akati kwaari, “UngaNdiigirewo mvura yokunwa.”

400 Iye ndokuti, “Haisi tsika kuti iMi, muri muJudha, kuti mundikumbire ini, muSamaria.”

401 Vaiva nerusarura neruvara rwavo nezvimwe zvakadaro. Akavazivisa ipapo-ipapo, pakanga pasina misiyo, tose takabva pamuti mumwe chete. Tese tiri vanakomana nevanasikana vaMwari. Tese tiri, munoona. Zvino Akati... .

402 Mudzimai kati, “Zvinoka, tinonamata. Baba vedu, Jakobho...” Munooona, uye ndiye aive baba vemaJudha, zvakare. Maona? “Baba vedu, Jakobho, ndivo vakachera tsime iri, uye iWe unoti uri mukuru kwavari?”

403 Zvino Akati, “Mvura dzandinokupai ndihwo Hupenyu husingaperi.” Maona? Akati... .

“Isu, manje, tinonamata mugomo iri, uye iMi muJerusarema.”

Akati, “Enda unotora murume wako muuye pano. Zvichagadzirisa nyaya yacho.”

Iye akati, “Handina murume.”

404 Akati, “Wataura zvakanaka.” Akati, “Wakave neva 5; uye wauinaye zvino haasi murume wako.”

405 Akati, “Changamire, Munoziva, patova nemakore 400 kubva patakava nemuporofita, asi Munofanira kunge muri muporofita. Ko Maza sei kuti ndaive nevarume 5?” Akati, “Zvino, tinoziva kuti... Yasvika nguva yokuti Mesiya ave pano, anonzi, ‘Kristu.’ Uye paAnouya, Achatitaurira mhando yezvinhu izvi.” Oo, hezvoka zvibereko zvaKe.

Iye ndokuti, “Ndini iYe.”

406 Akasiya chirongo, chirongo chemvura chekare chesangano. Ndokupinda muguta. Hazvinei nekuti Jakobho, aive netsime rakakura sei, aive awana Chitubu chitsva. Ndokupinda muguta, akati, “Huyai, muone Murume Andiudza chinhu chandakaita: ko uyu haAzi iye Mesiya wacho chaiye here? Hachisicho chibereko chacho here iChi? Handicho chiratidzo here chekuti Uyu ndiye Mesiya?”

407 MaJudha havana kuZvinzwisisa. Vakati, “Iye muwuki, Bherizebhabhu.”

408 Jesu akati, “Ndinokuregererai, imi. Asi, imwe nguva, Mweya Mutsvene uri kuuya kuzoita zvimwe chetezvo; zvino, ukataura zvinopesana naWo, haufe wakazviregererwa.” Maona?

409 Zvino, “Kana Ndisingaiti mabasa aBaba vaNgu, tendai. . . musaNditenda.” Asi Muti wemuchero iwoyo wakanga uchibereka michero.

410 Zvino chii? Chii chaAkataura? Zvino imhando ipi—ipi yeChechi yaAkavamba? Zvino, imi maKatorike munoda kutaura kuti Jesu akatanga chechi, imhando ipi yeChechi yaAkavamba?

411 Akambotaura here nezvesangano, chitendwa? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Aigara achipesana nazvo. Akati, “Imi madziro machena. Imi mapfupa evanhu vakafa.” Akavadaidza zvese zvaAigona kuvadaidza. Ndizvozvo. Aipikisana nazvo. Ndicho chaiva chibereko chaMwari. Zvino, unogona kuita svomhu dzako, wobuda neanza yako, kana uchida. Zvakanaka. Aipesana nechingu chacho, sangano, achipesana nedzidziso dzepfungwa dzavo. Akavadaidza kuti, “Vanyengeri, nyoka muhuswa,” uye akati vaive “madhimoni.” Akati, “Muri vababa venyu dhiyabhore, uye mabasa ake muchaaaita. Ndiani wamadzibaba enyu asina kutambudza vaporofita vaNdakatumama mberi kwaNgu?” Maona? Akati, “Zvino munovaka makuva avo.” Akati, “Muri imi vacho vakavaisa imomo.” Oo, hama, HaAna kana kumbodzora tsvimbo pavari. Ndizvozvo.

412 Ndicho chaiva chibereko chaMwari. Chaiva chii? Kugara neShoko raMwari, kuita kuti Shoko raMwari riratidzwe.

413 Akati, neimwe nzira, “Magwaro akati iNi Mesiya ndaizoita sei kana Ndauya? Zvino, kana Ndikasabereka muchero iwoyo weShoko iroro, zvadaro handisi Mesiya. Asi kana ndikabereka muchero weShoko iroro uyo Mesiya aifanirwa kuita, saka Ndini iYe.” Amen. “Zvino, ndiani wenyu angaNdipomera mhosva yechivi?” Akadar. Hezvoka izvo. “Nderipi remasangano enyu anoita chinhu chimwe chete ichochi?” Hezvoka izvo. “Mesiya ndiye aifanira kuita izvi. Mesiya anofanira kunge ari muporofita. Zvino ngationei vamwe venyu mose,” Akati, “nemazano enyu ese ezvepamusoro, ngatikuonei muchizviita.” Zvino, vakanyarara. Zvakanaka. Chaiva chii? Akabereka muchero waMwari. Mweya Mutsvene waive maAri. Akabereka muchero waMwari. Aiva chii? Iye. . .

414 Zvino nyatsoteererai. Ndichakasira nekukasira kwandinogona, kuti ndirege kukunonotsai pasvusvuro yenyu yeEsta. Tarisai. Asi, svusvuro yenyu—enyu yeEsta inofanira kuva rumuko. Maona?

415 Asi chii? Aive Muti weMuporofita waMwari wakakwana, Muti wemuenzaniso, Muti weChikomba. Amen. Girori! Ndiri kuzotaura chimwe chinhu chakananga: Kana Ari Muti weChikomba (Munozvitenda here? Kubva mubindu reEdheni?), zvino Muti weChikomba, usina Mudzimai, haubereki muchero, saka Anofanira kuva neMuti weMwenga. Anofanira kuberekwa nechingu chimwe chete, Shoko rakaitwa nyama muMuti. Ndinovimba mazvibata. Hutori Hupenyu humwe chete muMuti

wechidzimai uyu, Chikomba, sezvaHuri muMwenga. “Mabasa aNdinoita muchaaitawo.” Ndizvo here? Akanga ari Chikomba, rangarirai.

⁴¹⁶ Munoti, “Izvozvo hazvisi muMagwaro.” Oo, zviri. Ndazvibata izvozvo zvino. Maona? Tiri kugadzirira kuve nemusangano wekunamatira vanorwara muchinguvana. Ndazvibata izvozvo. Akanga ari.

⁴¹⁷ Munoda humbowo hwazvo here? Akati, “Ndiri Muzambiringa, imi muri matavi.” Mutsvene Johane achizviture: “Ndiri Muzambiringa, muri matavi; munobereka muchero.” Maona? Uye muti wechirume nomuti wechidzimai unogadzira mukume, mumwe kune mumwe, zvounza muchero. Uye bazi nedzinde zvinoita chinhu chimwe chete. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

⁴¹⁸ Saka Akati, zvino, Muti wekutanga uyu waiva Muti weMuporofita, Muti wakakwana, Mwari wevaporofita. Wakanga uri Muti mukuru. Aive Muti weMuporofita waMwari wakakwana. Sei? Akanga ari Shoko. Zvino, vamwe vaive vaporofita vadiki. “Shoko raiuya kuvaporofita.” Asi Aiva Shoko, pachaKe, ari muchimiro cheMuporofita. Amen.

⁴¹⁹ Zvino tave kusvika pamwe panhu. Zvino nyatsoteererai chaizvo. Uye musapotsa izvi zvino. Zvanga zvakanaka kwazvo, ndangozvinyora pasi apa. Uh-hum. Amen.

⁴²⁰ [Bhero remotokari rinonzwika—Mupepeti] Mumwe munhu ari kudanzidzira, achiita kuti bhero rake riite ruzha, kunze uko. Uh-huh, kungoti, oo, ndinovimba muri kuva nenguva yakanaka kunze uko. Isu tiri, mukati muno. Zvakanaka.

⁴²¹ Zvino, Akanga ari Muti weMuporofita waMwari. Sei? Akaparidza Shoko rose raMwari rakakwana, nokuti Aiva Shoko raMwari rakaradidzwa. Aive Muti weMuporofita wakakwana wakaparidza Shoko reMuporofita rakakwana, rakabereka muchero weMuporofita wakakwana neShoko raMwari rakakwana. Oo, hama, taurai nezveMuti! Muti, Akanga ari Muti weHupenyu iwoyo uyo Mutumwa akadzivisa Evha naAdhama pauri, aine maKerubhi anorinda, kuti vagarire kure neMuti iwoyo. Zvino maKerubhi mamwe chete ari kuedza kuvapinza maUri, nokuti pane nzira yavakagadzirirwa. Maona? Zvino ava kudzosera; oo, vanhu. Hmm!

Zvino, akaparidza Shoko rose, haAna kugurira *apa* kana *apo*.

⁴²² Satani paakauya kwaAri, mudzidzi mukuru webhaibheri iyeye, uye akati, “Zvakanyorwa . . .”

Jesu akati, “Hongu, uye zvakanyorwawo zvakare . . .” Uh-huh.

“Asi zvakanyorwa . . .”

Uye Akati, “Uye zvakanyorwawo zvakare . . .”

423 Muti weMuporofita wakakwana achiparidza Shoko reMuporofita rakakwana, rine zviratidzo zvakakwana zveMuporofita, zvibereko zvakakwana zveMuporofita, zvibereko zveMweya zvakakwana.

424 Uye mukunyomba...Ndicha—ndichapfuura nemune izvi nekukurumidza zvino. Nokuti, nokuda kwekunyomba, vakaMuroverera pa...Aiva Shoko, munoziva. VakaMaturika, Muti weShoko; Muti weShoko, vakaMaturika pamuti wechiRoma wakagadzirwa nevanhu. Hum! Hama, ndinovimba kuti zvanzwisisika. Iye, ari Muti wepamweya waMwari wakakwana, vakaMaturika pamuti wechiRoma wakagadzirwa nevanhu. Amen.

425 Zvimwe chete zvino. Vari kuedza kutora Muti waMwari wakakwana, Shoko, voRisanganisa, uye voRiturika kumusoro pane imwe mhando yechitendwa. Rufu neHupenyu hazvisangani. Jesu haana kumbobvira akaenda kushumiro yemariro; Aimutsa vakafa. Sei? Rufu neHupenyu hazvigoni kugara pamwe chete. Zvinopesana, chimwe kune chimwe. Haana mariro aakaparidza. Akangovamutsa. Amen. Hongu. Sei? Hupenyu; nerufu.

426 Zvino tarirai. VakaMaturika pamuti. Ndizvo here? “Akaturwa uyo anoremba pamuti.” Ndizvo here? Bhaibheri rakati, “Akaturwa uyo anoremba pamuti upi noupi wakagadzirwa nevanhu.”

427 Saka kana, nhasi, uri kuedza kuremba pane imwe mhando yemuti wakagadzirwa nevanhu, uregedze. Uye usaurega uchikusungirira ipapo, zvakare. Nokuti, iyoyo inzvimbo yevakafa, sangano rakagadzirwa nevanhu raLuther, Baptisti, Presbyteriani, Pentekosti, ndizvozvo, mumwe muti wakagadzirwa nevanhu. Usaremba ipapo. Usaurega uchikusungirira ipapo, zvakare. Vachakusungirira ipapo kana vachikwanisa, kusvikira Hupenyu hwese hwabuda mauri, kusvikira wacherechedza dzidziso yavo. Ndizvozvo.

428 Asi ndipo pavakaturika Muti wakakwana uyu. Muti wemuchero waMwari wakakwana wakaturikwa pamuti wechiRoma wakagadzirwa nemunhu. Ndizvo. Chakanga chiri chituko kuremba pane chero muti wakagadzirwa nomunhu. Kuitirei? Kuti vaMubvise pameso avo, shure kwekunge Abereka zvibereko zvose.

429 Mushure mokunge Maria Magadharini, zvakanzi nenhorondo, akamhanya pamberi pavo uye akati, “Chii chaAkaita? Chii chakaipa chaAkaita?” Akamisa mudungwe, ndokuti, “Chii chaAkaita chaive chakaipa? Pane chaAkaita here kunze kwekuparidza Evhangeri kuvarombo? Pane chaAkaita here kunze kwekupodza vanorwara, kumutsa vakafa? Uye zviratidzo zvaMwari mupenyu zvirira maAri. Ko mungaMupomera sei?”

430 Zvino vakamuwatsura pamuromo, ndokuti, “Mungateerera mukadzi iyeye ane mbiri yakaipa pachinzvimbo chemuprisita wenyu here,” hezvoka izvo, “bhishopi wenyu?” Uh-huh. Hezvoka izvo. Zvimwe chete nhasi. Ndizvozvo. Uh-huh. Hongu.

431 Zvino, paAkaita zvose izvi, uye akaZviratidza, zvaAiva, akazviisa kwavari uye akati, “Kana iNi ndisiri iYe, zvino imi ndimi vanaani?” Uh-hum, uh-hum. “Kana mukagona kuNdipa mhosva pamusoro pechivi, kana Ndiine chero pandakakanganisa muShoko, Ndiratidzei. Zvino regai Ndikuratidzei pamuri kukanganisa.” Maona? *Chivi* ndiko “kusatenda.” Tinozviziva izvozvo.

432 Zvino, kuti vaMubvise pamberi pavo! VaiMuvenga zvakanyanya, nokuti Akatsemura masangano avo ose. Kuti vaMubvise pamberi pavo, vakaMuviga. Uye vakakungurutsira dombo guru resangano pamusuwo, kuti Ave nechokwadi chekusazomuka zvakare. Maona? Oo, ini zvangu!

433 Fungai nezveMuti wakakwana iwoyo! Dhavidha akatarisa kumashure akaUona. Akati, “Wakamira panzizi dzeMvura. Unobuditsa mashizha aWo mumwaka waWo, mumuchero waWo; haungaraswi, iwo—iwo hauzosvavi. Chipi nechipi chaAnoita chichabudirira.” Aive Mwanakomana webudiriro.

434 Josefa aive mufananidzo waKe. Akanga ari chaifananidzirwa chacho naJosefa. Kwose kwaienda Josefa, kwaibudirira.

435 Zvimwe chetezvo naJesu, Shoko raKe. “Shoko raNgu richabudirira, uye harizodzokeri kwaNdiri risina charabata. Richaita izvo zvaNdakaRirongera.” Maona? Akanga ari Shoko. Shoko rakatumwa panyika, naMwari, uye Richaita chaizvo izvo Mwari vakaRitumira.

436 Zvino, nyatsoteererai zvino. Izvi zvapakufuma, zvine ruomba pamusoro pazvo. Zvino cherechedzai.

437 Heunoi Achiuya, zvino, uye ivo...nokuda kwemabasa chaiwo iwayo aMwari, paAkamira akavabvunza. Akati, “Kana Ndikasaita mabasa akataurwa naMwari kuti Ndiite, saka haNdisi iYe; musaNditenda. Asi kana Ndikazviita, zvino tendai mabasa. Kana musingaNditendi, ndiri Munhu ari kuita izvi, zvino chitendai mabasa aNdinoita. Anopupura nezvaNgu. Anotaura zvinonzwika kupfuura zvingataurwa neinzwi raNgu.” Ndizvozvo.

Uye chinhu chimwe chete chaizoshanda chero nguva. Hongu, changamire. Chokwadi chaizodaro.

438 Zvino cherechedzai. “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, saka musa...musaNditenda, musaNditenda. Zvino, kana Ndikaita mabasa, Nditendei.”

439 Zvino vakaita sei? Vakatora Muti iwoyo wakakosha, vakaUtema, ndokuUrembedza pamuti wakagadzirwa nevanhu.

Ndizvozvo, ndokugura Hupenyu kubva maUri, ndokurembera pamuti wakagadzirwa nevanhu, kuti vanyombe.

⁴⁴⁰ Zvino, havana kuzvifarira. Vanhu vakawanda kwazvo vakamirapo, vachichema nokuda kwaWo, saka vakaMubvisa. Vakati, “Tichasimbisa sangano redu zvakanyanya zvekuti havazombowana vaumburuki vatsvene ivavo mukati muno.” Zvino vakaMukandira mugomba raJosefa weArimatia, ndokukungurutsa dombo guru kwazvo. Zvakatora varume zana kuti varikungurutsire ipapo.

⁴⁴¹ Makamboona—ona here, humwe husiku, pamufananidzo, nzira huru yavakakungurutsira dombo pairi? Rinorema matani.

⁴⁴² Vakakungurutsira dombo ravo guru resangano kumusoro ikoko, kuitira kuti Asakwanise kumuka. Asi izvozvo zvakaMutadzisa here? Kwete.

⁴⁴³ “Asi Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Ngatisvikei pagwaro iroro zvino, tonyatsoritsanangura. “Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha. NdichaMudzoreredza mumazuva 3. NdichaMumutsa ogodzoka zvakare.” Havana kukwanisa kuMuvanza mudombo iroro. Havana kukwanisa kuMuvanza kubva pamberi pavo. Havana kukwanisa kuMubvisa paruoko. “NdichaMudzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Zvino mumazuva 3 Akamuka, adzoreredzwa.

⁴⁴⁴ Mushure meEsta, kumuka kwaKe, Akati, “Endai munyika yose, uye Ndichaenda nemi. SaBaba vapenyu vakaNdituma, uye Vari maNdiri, naizvozvowo Ndinokutumai uye ndichava mamuri. Ndinemi, kusvika kumagumo enyika. Mabasa, zvimwe chete zvaNdakaita, kuratidza kuti ndiNi, muchaita zvinhu zvimwe chete kuratidza kuti ndimi.” Ndinozvifarira izvozvo.

⁴⁴⁵ “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanova vatendi,” kwete vatendi vekabanga, asi vatendi. Maona? “Zvinhu izvi zvaNdinoita, muchazviita uye nokusimbisa kuti muri mutendi. Zvimwe chetezvo nemabasa andakaita, nokuti Baba vapenyu vanogara maNdiri. HandiziNi ndinoita basa; ndiBaba vaNgu. Uye hazove iwe uchiita mabasa; achange ari iNi mauri, ndichiita mabasa.” Maona? “Zvino, endai munyika yose.”

⁴⁴⁶ Neimwe nzira, “Muchaumba uyo anozivikanwa, kwaNdiri, seMwenga.” Maona? Zvakanaka. “Ndichaenda nemi. Uye iNi. . . Muchava chikamu chaNgu. Muchava Mwenga waNgu. Hupenyu hwaNgu huchange huri muMutumbi wenyu. Sezvakangoita murume nemudzimai munhu mumwe chete, imi neNi tichava Mumwe. Nezuva iroro muchaziva kuti Ndiri muna Baba, naBaba vari maNdiri, neNi mamuri, uye nemi maNdiri.” Hmm! Ndinongozvida izvozvo. Satani anongonyatsoshatiriswa nazvo. Munooni Humwe hwaMwari? Zvose zvaiva Mwari, Vakazvidurura muna Kristu; uye zvose zvakanga zviru Kristu,

Akazvidurura muChechi. Hezvoka izvo. Zvinoita kuti vose vave Mumwe.

⁴⁴⁷ Zvino tarirai. Zvino, Mwenga uzori Muti mumwe chete weHupenyu. Nemamwe mashoko, semurume nemudzimai vari mumwe, Kristu neMwenga waKe vari Mumwe: chinhu chimwe chete, Mweya mumwe chete, mabasa mamwe chete, zviratidzo zvimwe chete, nezvimwe zvose. “Nekuti mabasa aNdinoita imi muchaaaitawo.” Kusvika kupi? “Nyika yese.” Zvakadini? “Kuzvisikwa zvose.” Ndizvo here?

Oo, nyatsoteererai zvino, ndichapfura nembumburu huru.

⁴⁴⁸ Mupedzachose wechiRoma wakatanga kudya paMuti weMwenga iwoyo kusvika waUsvitsa kumidzi chaiko. Muti mumwe chete wechiRoma uyo...Muti rudzii wakatemera Kristu pasi? [Ungano inoti, “wechiRoma.”—Mupepeti] Imhandoi yemuti wakatemera Mwenga waKristu pasi? [“wechiRoma.”] Chirudzii? Nekutsivanisa nechimwe chinhu chisiri Shoko. Saka, munoona, chechi yechiProtestanti isingatore Shoko raMwari mwanasikana wekereke yeRoma. Mwari havana, panguva ipi zvayo, pavakamboita chechi ive sangano. Kereke yeRoma Katorike ndiyo yaive sangano rekutanga. Uye mamwe ose zvawo vanasikana, vayo, vakaita sangano.

⁴⁴⁹ Vanofa pamwe nayo. Bhaibheri rakataura, kuti, “Achazopisa vana vayo nemoto.” Vangani vanozviziva? Bhaibheri rakataura kudaro. Zvino, Bhaibheri rakataura kuti gorosi nemasawi zvaizokurirana pamwe chete kusvikira pazuva rokupedzisira, zvino Aizosunga masawi (ndizvo here?), kutanga, oapisa. Uye gorosi raizoenda kudura. Ndizvo here? Masawi ari kuzvisunga pamwe chete musangano, Mubatanidzwa Wemakereke, kuti apiswe nebhomba reatomiki. Ndizvozvo chaizvo. Asi Chechi iri kugadzirira kuenda kudura, zvingori zvechokwadi sezviri nyika, muKubvutwa, nekuti mudzimai akasununguka haangavi mudyi wenhaka pamwe chete nemurandakadzi. Oooo, Hama Anthony!

Oo, takatarisira kuuya kwezuva iroro rinofadza reMireniyamu,

Apo Ishe wedu akaropafadzwa achauya kuzobvuta Mwenga waKe wakamirira;

Oo! Mweya wangu wakazadzwa nekubvutwa apo ndichishanda, ndakarindira nekunamata,

Nokuti Ishe vedu vari kudzoka panyika zvakare.

⁴⁵⁰ Hareruya! Hongu, changamire. Oo, Vachapisa masawi. Uye gorosi, Vachaendesa kudura.

⁴⁵¹ Mupedzachose wechiRoma wakatanga kudya paMuti iwoyo, mumazuva aPauro. Akati, “Ndinoziva,” Rugwaro pano, “kuti, mushure mekunge ndaenda, pane varume vachasimuka pakati penyu, hama, vakapfeka sematehwe amakwai pamusoro

pavo, vari mhumhi mukati, uye vachakwevera vazhinji kuti vavatevere. Nekuti mweya waantikristu, wamakanzwa kuti waizouya panyika, watova panyika zvino, uchishanda muvana ve” (chii?) “kusateerera.” Kusateerera ku (chii?) Shoko. Hezvoka izvo. Sangano rakatanga kuvamba.

⁴⁵² Muri kuona zvandiri kureva, shamwari? Vese vanoona izvozvo, itai kuti, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

⁴⁵³ Kutanga kudya! Chii chawakaita? Mupedzachose wekare iwoyo wakatanga, gwatakwata rakare iroro. Iro...Joeri akazviona.

Teereraizvino. Tave kusvika pedyo nekupedza.

⁴⁵⁴ Joeri akazviona. Uye akati, “Zvakasiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemhashu; zvakadyiwa nemhashu, ndokubva gwatakwata ratora; zvakasiwa negwatakwata, handiti, mupedzachose wakazvitora.” Ndizvo zvaakataura. Uye ndizvo chaizvo. Ndiwo Muti waMwari. Muti, rakaUtema, gwatakwata iroro. Zvakanaka.

⁴⁵⁵ Mupedzachose wechiRoma wakatanga kudya paMuti weMwenga iwoyo ndokuUtoro wose kusvika kumidzi. KuUcheka wese nzira yose kudzoka kumashure, zvese hazvo! Kucheka Muti uchibva, sezvawakaita Kristu Jesu, Chikomba. Kuchekera Mwenga pasi chaipo, ndokutanga muzvitendwa nemasangano. Chipembenene chimwe chetecho chekare! Asi chii? Oo, kubwinya! Asi mumidzi yaWo maive neMbeu yakafanotemerwa, Mbeu yeHumambo yaAbrahamama. Hayaigona kufa. Shoko rakanga riri mumidzi riine vimbiso, “Ndichadzoredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Chii? “Makore ose akaparadzwa nomupedzachose, zvose zvakadyiwa nemhashu, nezvose zvakadyiwa nezvimwe zvipembenene zvese, NdichaUdzoredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.”

⁴⁵⁶ Zvino enzanisa izvi neSvondo yapfuura, neSvondo iri kuseri kwacho, Mharidzo idzi zvino. Nyatsoteereraizvino, muchisvika pakuvhara. Tarirai.

⁴⁵⁷ “Ndichadzoredza, ndizvo zvinotaura Jehovha, zvose zvakadyiwa nezvipembenene. Ndichadzosa chose zvacho chaWo zvakare.”

⁴⁵⁸ Zvino garai makanyarara kana muchikwanisa, kwemaminetsi mashoma, uye monyatsoteerera. Gadzirira. Uye namata nemoyo wako wose, kuti Mwari vaZvizarurire kwauri.

⁴⁵⁹ Saka, vimbiso yaMwari yakatanga kudzoreredza, nokuti Mwari vakati VaizoUdzoredza. Sekungomutsa kwaVakaita Muti weMwenga iwoyo. . . Muti weChikomba, Vachamutsa Muti weMwenga, nokuti kuchava neMumwe kunze uko, zvechokwadi chaizvo. Chii zvino? Zvakanaka. Saka vimbiso yaMwari

inotanga, “Ndichadzoredza, ndizvo zvinotaura Jehovha, zvose zvakadyiwa nemhashu, mupedzachose.”

Sepanguva yekutanga, paVakavaka Chechi yekutanga.

⁴⁶⁰ Ndave kuenda kune dzimwe Dzidziso zvino. Kana usingadi kuZvitenda, zvakanaka. Asi iwe chingo...Zviri nani uZvitsvakurudze, kutanga. Maona? Cherechedzai.

Ko Vakakudza sei Muti iwoyo, pakutanga kwacho? Oo, ini zvangu!

⁴⁶¹ Izvi zvinondiitira zvakanaka chaizvo. Ndinoziva kuti handinzwiki zvakanyanya semushumiri, ndakamira pano sezvizvi, asi ndi—ndi—ndi—ndinoda zvandiri kutaura nezvazvo. Munoono zvandiri kureva?

⁴⁶² Uye zvino cherechedzai. Senguva yekutanga, paVakatanga Chechi iyoyo yekutanga yakadyiwa nemupedzachose wechiRoma, negwatakwata, zvimwe zvakadaro, Vakatangane kururamiswa nokutenda. Johane Mubhabhatidzi.

⁴⁶³ Muna Mutsvene Johane, 13, kana, chitsauko 17, ndima 17, Jesu akati, “Vachenesi, Baba, kubudikidza neChokwadi: Shoko reNyu iChokwadi.” Basa rechipiri raive kucheneswa, kuChechi. Mushure mekururamiswa kwaive kucheneswa.

⁴⁶⁴ Uye mushure mekunge vacheneswa, Akavakumbira kuti vamirire vari muguta reJerusarema, Ruka 24:49, kusvikira vazadzwa nesimba rinobva Kumusoro. Zvino ipapo Akabereka Muti, Mweya Mutsvene, Pentekosti; kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

⁴⁶⁵ Ndokubva Kristu auya kuzogara maUri, kuti ubereke michero. Amen. Ndizvo here?

Johane akaparidza kururamiswa.

⁴⁶⁶ Zvino tarirai. Mu...Ndizvo zviri kuzvarwa kwepanyama. Kana mudzimai achisununguka mwana (Teerera kune izvi.), chii chinotanga kuitika kumudzimai, chii chinobuda? Icho, chokutanga, imvura. “Tendeukai, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu,” kururamiswa. Chii chechipiri chinoitika kumudzimai? Ropa. Ndizvo here? Ropa; kucheneswa. Zvino chii chinotevera? Hupenyu. Mvura, ropa, mweya.

⁴⁶⁷ Mutsvene Johane, kana, Johane Wokutanga 5:7, 7:5, waro, ndinotenda kuti ndizvo, akati:

...kune 3 vanopupura *kudenga*, *Baba*, *Shoko* (Anova Mwanakomana.), uye *Mweya Mutsvene*:... 3 ava chinhu chimwe.

Uye *kune 3 zvinopupura* panyika, *zvinoti* mvura, ropa, neMweya; uye hazvisi chinhu chimwe, asi zvinotenderana *pachinhu chimwe*.

⁴⁶⁸ Haugoni kuva naBaba usina Mwanakomana; haukwanise kuva neMwanakomana usina Mweya Mutsvene. Asi unogona

kururamiswa usina kucheneswa; unogona kucheneswa usina Mweya Mutsvene.

469 Munoti kudii nazvo izvo, nhai hama yechiNazarene? Vakanga vacheneswa naJesu Kristu, gore nemwedzi 6 Mweya Mutsvene usati watombouya. Ndizvo here? Vakacheneswa naJesu Kristu.

470 Zvino, paAkaunza Muti weMwenga wekutanga wakadyiwa nemhashu nemuteteni ukapera, Ari kudzoreredza Muti wechipiri, achiUunza kubva kumidzi yakafanotemerwa isingafe. Vamire panzizi. Uri kugara mumvura idzi. Hauna kukwanisa kuZviratidza, asi Uripo, zvakadaro.

471 Zvino chiri kutanga, cherechedzai, chipembenene chimwe chete; Achidzoreredza chinhu chimwe chete nenzira imwe cheteyo.

472 Chekutanga, Muti iwoyo pawakatanga kubuda kubva muchiKatorike, aive Martin Luther, akaparidza kururamiswa. Mutumwa wechipiri aive John Wesley, uyo akaparidza kucheneswa. Luther akaparidza kururamiswa, “Vakarurama vachararama nokutenda.” Wesley akaparidza kucheneswa, basa rechipiri chairo renyasha. Zvino kukazouya Mweya Mutsvene. Sokuvaka kwaAkaita Muti, kekutanga, hepapo Ari kudzoreredza zvakare, nenzira imwe cheteyo, kechipiri. Mazviona here?

473 Cherechedzai. Chipembenene chimwe chete, kamambara ikako, chipembenene chimwe chete chakatanga uye chikauraya Muti pakutanga, chakatanga kumashure ikoko kumapazi echiLutherani, asi (chii?) hachikwanise kuUuraya. Hachigoni kuUuraya, nokuti Mwari vakatotaura kare kuti, “Ndichadzorerredza.” Chipembenene ichocho chakatanga pana Luther, kuuraya mapazi ose echiLutherani. Chakanyatsouya kuna Wesley, uye chikauraya mapazi ose aWesley. Asi chikamu chikuru cheMuti chinoramba chichiuya.

474 Zvino cherechedzai. Munguva yekare, Muti pawakauraiwa, Wakauraiwa, ndokuenda kumidzi chaiko pachakaUuraya kumashure ikoko. Asi nguva ino, nokuti Shoko rakafanotemerwa, hapana chichaRimisa. Mwari vakati, “Ndichadzorerredza. Zvisinei nekuti vanoita sangano zvakadii, kuti vanoita *izvi* zvakadii, *izvo*, kana *zvimwe*, ndichaUdzorerredza.” Zvatopedza nyaya yacho. Kuseka kwese, kuita dambe, kunyomba, kudaidza kuti “vaumburuki vatsvene, matakanana,” chese chaunoda. Mwari vakaramba vachiti, “Ndichadzorerredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Sekungomutsa kwaVakaita Jesu kubva muguva, pasi pemazuva 3, pasi pemwaka 3, kana zvikamu 3, Vari kuzosimudza Chechi kusvika pahuzaro hwaYo pamwe nesimba zvakare. “Ndichadzorerredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.”

475 Chii chakaitika? Mupedzachose uya wakatanga kudya nekuva nemhando imwe chete yezvawakakonzero, asi (wakaitei?) wakawana bedzi mapazi echiLutherani. Haana kumbatora Mweya waive seri ikoko, waive naLuther, nokuti Wakaramba uchirarama. Zvino, kwakazouya Wesley. Uye mushure mekufa kwaWesley, muporofita mukuru iyeye, mushure mekufa kwaWesley (vakaitei?), vakaita sangano, uye mapazi ose akafa, asi (Vakaitei?) Chechi yakaramba ichirarama, ikanosvika ichipinda muPentekosti. Pavakaita sangano (chii chakaitika?), mapazi akafa, asi (chii?) Chechi inoramba ichienderera mberi.

476 Chii? Zvimwe chetezvo zvakaitwa nechiPentekosti, maitiro mamwe chete ekare, chitendwa chemasangano chakaUtora pakutanga, kuparadza Muti uri mu—Muti weMwenga, pakutanga, ndiwo maitiro mamwe chetewo akare akaitwa nadhiyabhore paMuti wechipiri uyu, asi (chii?) Mwari vakafanoUtemera. Unofanira kuenderera mberi, zvisinei. Dai kuri kuti. . . Dai zvisina kudaro, Luther paakaita sangano, zvingadai zvakazvigadzirisa ipapo; yakangodzokera shure sezvakangoitawo imwe; ingadai iri chechi yechipiri yeKatorike, chechi yeRoma Katorike. Maona?

477 Asi, Mwari vakanga vakatsunga kudaro. Vakatotaura Shoko raVo. Murairo waVo uchaona kuti Zviitike. Hazvinei kuti Une mazaya echando akawanda zvakadii, Uchararama, zvakadaro. Tinogona kuva nemhepo dzinotonhora nemusiyano wemasangano, nezvose, asi Muti iwoyo uchararama sezvingori chokwadi chekuti kuna Mwari mupenyu anoita kuti Urarame. Hongu, changamire. Vakati, “Ndichadzoredza.”

478 Ndinoziva kuti tine pfumvudza yave kunopera, mwaka weEsta wave kunopera uri kuuya. “Ishe vari kunonotsa Kuuya kwaVo,” vanodaro, nezvose zvakadaro. Uye mhengo dzinotonhora dzakauraya mapazi mazhinji emasangano iwayo, asi hadzikwanise kuuraya Hupenyu ihwohwo hwakafanotemerwa.

479 “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizopfuuri.” “Vose vaVakafanoziva, Vakavadana: avo vaVakadana, Vakavaruramisa: avo vaVakanga varuramisa, Vakatovabwinyisa kare.” Hareruya! Zvakanyorwa muBhuku, Bhuku reHupenyu reGwayana, uye havangafi.

480 Zvese zvi—zvese zvipembenene izvo gehena rinogona kusunungurira paIri hazvizomboImisa. Hapana communism, chiKatorike, hapana chimwezve chingaImisa. “Ndichadzoredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Miti yose yechiRoma yakagadzirwa nevanhu haizomboIturika ipapo. Makuva ose haamboIchengeta imomo. Matombo ose makuru emasangano akaiswa pamusuwo haamboIchengeta iri imomo. “Ndichadzoredza, ndizvo zvinotaura Jehovha. Kuchava neEsta. Ndichaunza Chechi imwe chete iyoyo musimba raYo

rimwe chete. Ndichabuditsa Mwenga iwoyo sezvaWaiva kumashure ikoko, nezviratidzo zvimwe chete, muchero mumwe chete, zvimwe chete zvavakaita. NdichaUdzosa zvakare. Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha,” (chii?) “kudzoreredza zvose zvakadyiwa nemasangano, kudzoreredza zvose zvakadyiwa nesangano rechechi. Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha, zvose hazvo.”

⁴⁸¹ Zvino, unoti, “Ko zvinhu zviya zvakabva zvichienda kunopinda, musangano?”

⁴⁸² Mwari Murimi akanaka. Vakachekerera Muti wacho, ndizvo zvoga, vakagura mapazi ose akafa. Chii chaVari kuzoitwa? Kuapisa, kumusoro uko. Ndizvozvoko. Mwari ndivo Murimi we—weMuti uyu. VanoUchengeta. Vanorindira Nhaka yaVo. Ivo... Nhaka yaVo chii? Shoko raVo pachaVo. Vanorindira Shoko raVo, kuRisimbisa; kuRirindira; voona kwaVanogona kuRiisa. Vari kuzodzoreredza. Saka kana machechi aya akatanga kuita sangano, nezvimwe zvakadaro, Vanongoachekerera achibva, uye Chechi yoenderera zvayo mberi.

⁴⁸³ Apo ma—apo maLutherani paakati, “Tiri kuzova sangano. Tichange takakura seKatorike.” Zvakanaka. Vakangochekerera davi racho richibva. Uye Wesley akaenderera mberi naWo, ndokusimudza mumwe muporofita. Zvadaro, Wesley paakangozviita... Zvino, Wesley akafa, muporofita mukuru. Chii chavakaita? Vakaita sangano. Ndokuzouya Pentekosti. Payakangofa, Vakaigura. Uri kukwira kumusoro chaiko. Maona? Vari kuzodzoreredza.

⁴⁸⁴ Michero inokurira kupi? Haitangire pasi apa kuzasi. Inotangira kumusoro. Zuva rinotanga kurova Muti papi? Ah, kubwinya! MuChiedza chemanheru, pamusoro peMuti. Amenii. Kwete pazasi pamatavi epasi, asi kumusoro uko pamusoro peMuti ndipo panoibvira muchero.

Amenii!

UnoMuda here? Amenii!

UchaMushumira here? Amenii!

UnoMutenda here? Amenii!

Chokwadi ndinoMutenda, nomwoyo wangu wose.

⁴⁸⁵ Zvino, chii? Ari kuzochekerera madzinde akare akafa iwayo paUri kuenda kumusoro, madzinde ose iwayo esangano, kusvikira Wasvika kumusoro chaiko kweMuti. Ndiko uko kwaVachazowana muchero waVo. Zvino cherechedzai. Mwari vanoUchekerera. Zvakanaka. Vakafa, uye havapindi muhu—Hupo hwaMwari, havauye murumuko rwekutanga. Asi kuva ne... Muchero weMuzambiringa wekutanga wesanga... Muzambiringa waMwari. Vachapinda muboka resangano, asi havauyi nemuchero weMuzambiringa.

⁴⁸⁶ Zvino tarirai. Mwari havana kubvira vakaunza sangano. Chechi inoisa zvekupfekedzera imomo, sangano, zvino Mwari

vanoridimbura, vodimbura parinowana napo hupenyu. Rinobereka zvbereko zvesangano.

⁴⁸⁷ Asi Muzambiringa iwoyo ukabuditsa davi rinobva muMuzambiringa, Rinobereka zvimwe chete sezvakaitwa neRiya. Saka, munoono, rekutanga raive rakadaro. Zvino Roma yakatumira zvimbuyu zvayo ikoko ndokuUdya, asi Mwari vachadyara Mumwe wakareba kwazvo zvokuti hachikwanise kuUbata. Uchaenda kumusoro. Amen. Ini. . .Handeyi. Muti waCho unobva pane imwe nzvimbo uchienda pane imwe, kubva pane mumwe mwaka uchienda kune mumwe mwaka. Kubva pana Luther, Wakaenda pana Wesley; kubva pana Wesley, ndokuenda kuPentekosti; kubva kuPentekosti, Unoenda kuShoko.

⁴⁸⁸ Yave Esta zvakare kuvatendi vechokwadi veShoko raVo risingambofi rakakundika. IEsta. Rumuko. Mwari vane vanhu kwese-kwese. IEsta kwavari. Sei? Vakamuka, ameni, vakamuka kubva pazvitendwa izvozvo nesangano. Vakauya vachikwira nemazviri. Yave Esta zvakare. Mbeu yeHumambo yange yakavigwa mumidzi, Shoko, yakavigwa kumashure uku muShoko iri, kwemakore, nemakore, nemakore, uye zvino yatanga kuzarurwa. Inguva yeEsta. Yakatemerwa kubva pamavambo enyika, Chechi ino yave kutanga kumira. Cherechedzai kuti Mwari vakafanotemera sei, pamavambo. Ndine. . .

Manje, ndichazvitauro, zvakadaro. Zvakanaka.

⁴⁸⁹ Cherechedzai pano, kuti, kudzoreredza Muti wekutanga wakakwana mumazuva 3 mushure mekufa kwaWo. Mushure mekufa kweMuti wekutanga, Vakaudzoreredza mumazuva 3. Ndizvo here? Kuudzoreredza zvakare! Zvino Muti weMwenga uchadzoreredzwawo zvakare mumazera 3, matanho 3, waro. Matanho 3, Uchadzoreredzwa. Zvino tarirai. Chii? Kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; 1, 2, 3.

⁴⁹⁰ Zvino cherechedzai. Mushure memazuva 3, Muti wekutanga wakadzoreredzwa sepakutanga, uine zviratidzo zvimwe chete, zvishamiso zvimwe chete. Jesu akadzoka, Jesu mumwe chete, achiita zvimwe chete. Pakupera kwezuya rechitatu, zviratidzo zvakaonekwa, kwete pakupera kwezuya rokutanga. Oo, hama! Ndinovimba muri kuzvibata. Pazuva rechitatu ndipo pakaziviswa kuratidzwa kwechokwadi kwaKristu, pakupera kwezuya retatu. Maona? Cherechedzai. Muri kuzvibata here? [Ungano inoti, "Amen."—Mupepeti]

⁴⁹¹ Kwete nezuya rokutanga, chimiro chakafa; pazuva rechipiri, pakava nerunyerekupe, munoono, kana kuti, zuva rechipiri, wakanga uchiri wakafa; Luther, Wesley. Pakutanga kwezuya rechitatu, pakava nerunyerekupe rwakatenderera. Hapana pazuva rokutanga, Luther; hapana pazuva rechipiri.

Zvino muzuva retatu, mwaka weMweya Mutsvene, pakave nerunyerekupe rwakatenderera, kuti, “Akanga ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

⁴⁹² Asi *pakupera* kwezuya rechitatu, ndipo paAkaZvizivisa, akauya pakati pavo chaipo, akauya pakati pevanhu vaKe akati, “Nditarisei. Ndini Mumwe cheteye.”

⁴⁹³ Zvimiro zvakafa zvakaenderera mberi kusvikira vasvika paPentekosti, ndokubva vatanga kutaura runyerekupe, kuti, “Aivepo.”

⁴⁹⁴ Zvino, pano muzuva rokupedzisira, heunoi Ari pakati pedu, achifamba pakati pedu chaipo. *Pakupera* kwezuya rechitatu, Akazviratidza uye akavaratidza vose chiratidzo chaKe chorumuko, kuti Akanga achirama, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, zvibereko zvipenyu zveHupo hwaKe. Zvibereko zvipenyu zveHupo hwaKe! Muri kuzvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakaratidzwa pakupera kwezuya, paAkazviratidza kwavari vose, Chechi yaKe. Ameni. Sei? Vose vakaungana pamwe chete, oo, ameni, pakupera kwezuya rechitatu.

⁴⁹⁵ “Zviyedza zvemanheru,” Bhaibheri rakati, “zvaizopenya mumazuva okupedzisira.” Chiedza chemanheru ndicho Chiedza chimwe chete kuMadokero, ndicho Chiedza chimwe chete changa chiru kuMabvazuva. Uye Chiedza chimwe chete chakapenya kuMabvazuva, chakaunza Chechi yekutanga yakatemerwa pasi nevaRoma nekunamata kwavo—kwavo kwechihedheni nezvimwe zvakadaro, muChiedza chemanheru ndicho Chiedza chimwe chete. Zvino cherechedzai, Chiedza chimwe chete!

⁴⁹⁶ Uye Chiedza chemanheru chinobudirei? Chiedza chemanheru ndechei? Kudzoreredza. Fiyuu! Mazvinzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Chiedza chemanheru ndechechinangwa chimwe chete chaive cheChiedza chemangwanani, kudzoreredza zvakatemwa nemaZera eRima, kubudikidza neRoma. Mwari vari kuzodzoreredza, nekuvhenekera Chiedza chemanheru (chii?), kudzoreredza Shoko rose raMwari zvakare, kuratidzwa kuzere kwaKristu muChechi yaKe. Zvose zvaAkaita, nenzira chaiyo yaAkaita nayo, zvaizova zvakare muChiedza chemanheru. Munoono zvandiri kureva? Oo, hazvina kunakisa here? [“Ameni.”] Uye kuziva kuti tiri kurarama kuno chaiko kwatinoChiona zvino, Chiedza chemanheru, chaizvo maererano nechiporofita. Chiedza chemanheru chakauya kuzodzoreredza chii? Kudzoreredza zvakangwa zvadyiwa nezvipembenene.

⁴⁹⁷ Wakatanga kukura, ndokubva wazoita sei? Wakaita sangano, saka Mwari vakavagura vachibva, vakavasunga, vakavaisa kumashure, vakavarega vachienderera mberi nekuita sangano. Zvino anotevera akauya; Vakavasunga, vakavaisa parutivi. Muti

wakaenderera mberi. Ndokubva Vavasunga, vakavaisa parutivi, vakati, “Zvino, rimwe remazuva ano vachapiswa.” Vasungei musangano ravo.

⁴⁹⁸ Asi zvino chii? Kumusoro chaiko kweMuti ndiko kunotangira muchero kuibva, ndizvozvo, kumusoro chaiko kweMuti. Saka kumusoro kweMuti, kuno, kunoona Chiedza chemanheru.

⁴⁹⁹ Zvino, Noa akanga aine makamuri 3 muareka yake. Imwe kamuri yaive yezvinokambaira. Maona? Kamuri yechipiri yaiva yeshiri. Asi kamuri repamusoro ndimo maiva nechiedza. Chiedza chakapenya, kutanga, hachina kumbouya pakamuri yekutanga, yechipiri, asi pakamuri yepamusoro.

⁵⁰⁰ Muti hautange kubereka muchero wawo kuzasi, pechipiri, saizvozvo. Zvose zvakachekererwa zvichibva, musangano.

⁵⁰¹ Asi zviri muchikamu chepamusoro, apo, “Ndichadzoredza, ndizvo zvinotaura Jehovha. Ndichatumira Chiedza chemanheru. Chichadzosa, kudzosa Shoko, choriita kuti Riratidzwe. Ndichadzoredza zvose zvaNdakavimbisa. Zvose zvaNdakavimbisa, Mweya Mutsvene mumwe chete uchaunza, uchatakura zviratidzo zvimwe chete. Ndichava neEsta, rumuko rweMwenga, rwumwe chete serwaNdakangoitira Chikomba.” Maona? Zviedza zve manheru zvinobuda kuti zvipenye, zvimwe chete semangwanani, zviratidzo zvimwe chete, zvinhu zvimwe chete. Chiedza chimwe chete chichabereka muchero mumwe chete wavaiva nawo ipapo, kana Chiri kupenya paMuti mumwe chete. Amen. Zvinoratidza kuti Shoko raVo razadziswa zvino, “Ndichadzoredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.”

⁵⁰² Zvino nyatsoteererai. Zvino, paiva... Teererai zvino. Musapotsa Izvi zvino. Paive nenhume 4 dzerufu.

⁵⁰³ Kana kuti, mungada here kuti tingovhara zvedu? Mungada here kuti isu—kuti isu tongokurumidza kuenda? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti]

⁵⁰⁴ Nyatsoteererai zvino. Tarisai. Paiva ne 4. Nhume 4 dzerufu dzakauraya Muti iwoyo. Ndizvo here? Chaiva chii? Muteteni, mhashu, gwatakwata, mupedzachose. Ndizvo here? Nhume 4 dzemadhimoni echiRoma, dzidziso, dzakauraya Muti iwoyo. Imwe yakatora michero yaWo; imwe ikatora makwati aWo, kana, kutora mashizha aWo; imwe yakatora makwati aWo; imwe yakatora Hupenyu. Ndizvo here? Nhume 4 dzedzidziso dzakauraya Muti, wose kunze kwemidzi.

⁵⁰⁵ Uye kana nhume 4 dzerufu dzakauraya Muti, nhume 4 dzeHupenyu dzinodzoredza Muti. Muri kuzvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Amen. Nokuti Mwari vakati, “NdichaUdzoredza.” Vari kuzoUdzoredza. Sei? Nenhume 4 dzerufu, dzakaUraya, zvino nhume 4 dzeHupenyu dzichaUdzoredza. Yokutanga yaiva chii? Martin Luther, kururamiswa. Yechipiri yaiva chii? John Wesley, nekucheneswa.

Yechitatu yaiva chii? Pentekosti, ine kudzoreredzwa kwezvipo, Mweya Mutsvene, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Yechina yaiva chii? Shoko. Chii? Shoko. Paiva nevaporofita vakuru 4.

⁵⁰⁶ Mumwe wavo, Martin Luther, akatanga kuvheneka Chiedza. Paive neChiedza chidiki, chingori nesimba diki kwazvo, rekururamiswa.

Ndokubva kwauya Wesley, chakawedzera kusimba, kucheneswa.

⁵⁰⁷ Mushure maWesley, kwakauya chine simba kumupfuura, Pentekosti, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mune mumwe muporofita mukuru. Maona?

⁵⁰⁸ Asi mumazuva okupedzisira, aMaraki 4, Eria anofanira kuuya neShoko racho chairo. “Shoko raShe rakauya kumuporofita.” MuZviedza zvemanheru, zvichauya, kuzodzoreredza pamwe nekudzosa. Chii? “Kudzorera mwoyo yevana ichidzokera paKutenda kwaMwari.” Chiedza chechina!

⁵⁰⁹ Vaurayi 4 vakaUtora. Nhume 4 dzakaUparadza. Nhume 4 dzerufu dzakaUbvisa, mudzidziso.

Nhume 4 dzekururama dzinoUdzoreredza zvakare.

⁵¹⁰ “Porofita, mwanakomana wemunhu. Mapfupa aya anogona kurarama here?” Ndinoshuva dai taive nenguva. Ndinazvo zvakanorwa zasi pano, asi ndinofanira kuzvisiya. “Porofita. Mapfupa aya anogona kurarama here?” Ndeapi matanho 4 ekuuya kweChechi iyoyo? Ndeapi matanho 4 emapfupa akaoma aEzekieri achiuya? Asi Hupenyu hwakauya chete, kwete apo ganda remarunda rakanga rava paari, asi mhupo payakavhuvhuta paari. Ndipo pakazodzoka Mharidzo iyoyo yechina yeHupenyu.

⁵¹¹ “Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Hareruya! Kubwinya! Mwari ngavarumbidzwe. Chiedza chechina chichauya, chichaunza zviratidzo zimwe chete. Tarisai. Kururamiswa kwakadzosa munyepfu.

Kucheneswa kwakadzosa makwati, dzidziso yehutsvene.

⁵¹² Chii chakadzosa shizha? MaPentekosti. Chii ichocho? MaPentekosti, mashizha, anoombera maoko awo, mufaro, kupembera, muPentekosti.

⁵¹³ Chii? Rechina rakanga riri Shoko, pachaRo. Shoko rakaitwa nyama, zvbereko zveumboo hwechiratidzo cherumuko kuti Kristu azopedzisira, mushure mekururamiswa kwadyarwa, kucheneswa kwadyarwa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Masangano akafa. Uye Kristu zvakare akazviisa pachaKe pakati sechiruvi chiya chepiramidhi. Mutsara wekutanga, kururamiswa; kucheneswa; rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; tevere kuuya kweChiruvi.

514 Chii ichocho? Boka iroro reMweya Mutsvene riri kutesvwa kuitira kuti ripindirane nemhando imwe cheteyo yeshumiro yaAiva nayo paAkaenda, kuti, paAnodzoka, zvichabata chinhu chacho chose muKubvutwa, kune vakaruramiswa, vakacheneswa, uye nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Piramidhi iyoyo ichamira zvakare. Imba yaMwari ichararamazve. Muti weHupenyu uri kukura zvakare.

Ndudzi dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,
Zviratidzo zvakafanotaurwa nevaporofita;
Mazuva eMarudzi ave kupera, akaremerwa
nenhamo zhinji;
“Dzokai, O vakapararira, kwenyu.”

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,
Moyo yeparume iri kukundika nekutya;
Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu
akagadzirwa uye akajeka,
Tarisai kudenga! Rudzikinuro rwenyu rwave
pedyo.

Vaporofita venhema vari kunyepa, Zvokwadi
yaMwari voiramba,
Kuti Jesu Kristu ndiye Mwari wedu; (Ameni.)
Asi tichafamba pakafambwa nevaapostora.

Nokuti zuva rorudzikinuro rava pedyo,
Moyo yeparume iri kukundika nekutya;
(Maatomiki nezvimwe zvese.)
Asi ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu
akagadzirwa uye akajeka,
Tarisai kudenga! Rudzikinuro rwenyu rwave
pedyo.

515 Ameni. Kudzoreredza zviratidzo zvose! Chiratidzo chaRoti panguva yekupedzisira. Takapfuura nemo. Kuti Roti... Mutumwa uyu, waJehovha akaitwa nyama pakati pevanhu, akagara akafuratidza musana waKe kutende ndokuti, “Mudzimai wako Sara aripiko?”

“Mutende riri shure kweNyu.”

516 Akati, “Ndiri kuzokushanyirai.” Uye Sara ndokuseka. Akati, “Ko Sara asekeiko?” Iye ari mutende. Ameni.

517 Jesu akati zvichava zvimwe chete paKuuya. Oo, zvino Chiedza chemanheru, chaMaraki 4, chakauya chichipenya nemurima, ameni, kuunza Chiedza chemanheru paShoko rakafanotemerwa. Hareruya! Mharidzo yechina iyoyo ichava chii? Nhume iyoyo yechina chii? Kuvhenekera Chiedza paShoko. Shoko rakafanotemerwa. Rinofanira kuuya. Chimwe chinhu chinofanira kuzviita, nokuti Mwari vakati, “Ndichadzorerredza, ndizvo zvinotaura Jehovha. Ndichadzorerredza.” Ndizvozvvo.

Zviedza zvemanheru zvakauya zvichipenya, paShoko iroro rakafanotemerwa. Hongu, changamire.

Oo, kuchava neChiedza panguva yemanheru,
Nzira yemuKubwinya uchaiwana
zvechokwadi;
Nemunzira yemumvura, ndimo mune Chiedza
nhasi,
Wakavigwa muZita rinokosha raJesu.
Vaduku navakuru, tendeukai pazvivi zvenyu
zvose,
Mweya Mutsvene uchapinda zvirokwazvo;
Nokuti Zviedza zvemanheru zvasvika,
Ichokwadi kuti Mwari naKristu Mumwe.

⁵¹⁸ Havoka Avo, Mumwe, pamwe chete; Mumwe, matiri. Zviratidzo zvimwe chete izvo vanhu vasingagoni kuita, zvirira kuzviratidza, kwobuda, Shoko, kuunza Shoko raMwari rakafanotemerwa, kubva mumidzi yeMuti kumashure uko, iro masangano ose akaramba, nokuramba, nokuramba. Asi kuchauya Chiedza. Kuchauya Chiedza, chichabuda.

⁵¹⁹ Kupi kwacho, muJerusarema here? Kwete, changamire. Zviedza zvemanheru hazvizobudi muJerusarema. Zviedza zvemanheru zvinoenda (kupi?) Kumadokero. Vakava nezuva ravo ndokuChiramba.

⁵²⁰ Asi Chiedza chemanheru chichabuda kuMadokero (kuitirei?), kuti chipenye paShoko (chii?), kuibvisa muchero, kuunza Muti weMwenga nezviratidzo zvimwe chete, zvishamiso, nezvibereko zvavaiva nazvo pakutanga. “Kuchava neChiedza panguva yamanheru.” Ndizvo. Oo! Shoko rinobva rabereka zvbereko zvaRo mumwaka waRo. “Harizosvavi, asi Richabereka zvbereko zvaRo,” Dhavhidhi akati, “mumwaka waRo,” ameni, chibereko chimwe chete chaRaiva nacho pakutanga.

⁵²¹ Zvino neShoko raKe mudanho raKe rakafanotemerwa sezvaAva naRo zvino, uye tinoona Mashoko ose aya achiratidzwa. Chii ichochi? Kusimbiswa kwakakwana kwekuti Kuuya kwaShe kwave pedyo, uye nguva yaVakati, “Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha, zvose izvo magwatakwata iwayo, zvose zvakasiwa nemaMethodisti, zvose zvakadyiwa nemupedzachose, zvose izvo ichi chakaita ipapo, kusvikira zvaUparadza. Asi Ndichadzoreredza, munguva yemanheru.” Oo, ini zvangu! Fiyuu!

Ndinotenda kuti ndingatopotsa ndaparidza zvino, chokwadi.

Oo, ndinoda Jesu kwazvo,
Oo, ndinoda Jesu kwazvo,
Oo, ndinoda Jesu kwazvo,
Nokuti ndiYe akatanga kundida.

HandizomboMusiye,
 HandizomboMusiye,
 HandizomboMusiye,
 Nokuti ndiYe akatanga kundida.

522 Ameni. HauMude here? NdinongoMuda nemoyo wangu wese. Tichava nemutsara wekunamatira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

523 Mwari Baba, mumaoko eNyu ndi—ndinokumikidza Mharidzo iyi. Kunyangwe Yange yazogurwa—gurwa, neimwe nzira ndinonamata kuti Mweya Mutsvene uende naYo pamatepi aya, uye nemhiri kune dzimwe nyika. Uye kana ndikazobviswa panyika, dai iRi rikararama, Ishe. IShoko reNyu. Regai Chiedza chemanheru chivheneke, Ishe, chiunze Mwenga waKristu uyu unobwinya. Chiropafadzei, Ishe. NgaChirege kudzokera kwaMuri chisina zvachakabata. Dai Chikazadzisa izvo zvaChakarongerwa. Zviitei, Baba. Kurumbidzwa kwese kuchave kweNyu.

524 Zvino, tinoziva, Baba, zvisinei kuti tingataurei, Richiri Shoko uye tinoRitenda. Asi tinoKushuvai, Ishe, pamangwanani ano eEsta, kuti Muratidze kuungano ino, pamwe vamwe vari pano kekutanga kwavo, kuti Muchiri Jesu, kuti haMusi chinhanu chokuya makafa, kuti Muri Mwari mupenyu, akamuka, zvokuti Munogara pakati pedu nhasi. Zviitei izvozvvo, Baba, uye tichaKurumbidzai, nemuZita raJesu. Ameni.

525 Vangani muno vari kurwara? Ngationei maoko enyu. Ingosimudzai maoko enyu. Oo, ko . . .

526 Ko Billy Paul . . . Awana here . . . Ndinotenda kuti apa makadhi okunamatirwa. Haana here? [Imwe hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Anga ari chii? [“E, 1 kusvika 100.”] E, 1 kusvika 100. Hatikwanise kuatora ese, asi ngatitorei mashoma awo. Ingomirai ipapo, kana mukadaro.

527 Ndiani ane nhamba 1? Ngationei nhamba 1. E, nhamba 1, simudza ruoko rwako. Kadhi rekunamatirwa; tarisa pakadhi rako. Kana uchikwanisa kusimuka, zvakanaka. Nhamba 1.

528 Zvino, mune chokwadi here chekuti mune racho chairo? Zvakanaka. Zvakanaka. Ngatiendei, titangire pane imwe nzvimbo. [Hama Neville vanoti, “Riri apo.”—Mupepeti] Oo, saka, zvakanaka. Kana mariwana, tichatangira ipapo, zvino. Zvakanaka.

529 Nhamba 1, fambai muchiuya kuno chaiko, kana muchigona kufamba. Kana musingakwanise, zvakanaka, tichaitakura. Maona? Zvakanaka. Nhamba 1.

530 Nhamba 2. Simudzai ruoko rwenyu, nekukurumidza chaiko zvino. Nhamba 2, huyai pano chaipo.

Nhamba 3. Pano chaipo, changamire.

Nhamba 4, nhamba 4.

531 Nhamba 5. Zvino, munhu wese imbogarai kwemaminetsi mashoma. Nhamba 5.

532 Nhamba 6. Simudza ruoko rwako nekukurumidza chaiko. Nhamba 6. 6, 6, ngandiione, ndapota. Mumwe munhu ari kunongedzera ruoko rwake. Handi...Oo, kubva...Ari kumashure mukamuri umo. Zvakanaka. Nhamba 6. Zvakanaka. Chimbomirai zvishoma zvino.

7, 7. Zvakanaka, mudzimai kumashure uko. 8.

533 Zvino, kana munhu wose akangochengeta yake...Ndapota, chimbomirai zvishoma zvino. Chingovai makati zii zvino. Zvino, uhu huchava humbowo hwacho. Uhu ndihwo humbowo.

534 6, 7. 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7. Endai kumusoro uko. Zvakanaka. 7. Zvakanaka, changamire, zvakanaka.

535 8. [Hama Neville vanoti, "Ava ndivo 8."—Mupepeti] 8, 8. Zvakanaka, hama. 8, 9, 10. 10, 11, 12.

536 Zvakanaka, munoita sekunge mamira kuuya. Zvino, tichatangira ipapo. Zvakanaka. Zvichida mumaminetsi mashoma...Zvakanaka.

Ngatinamatei zvino.

537 Mwari Baba, Shoko rimwe rinobva kwaMuri richareva zvakananyanya. Itai—itai—itai kuti vanhu vaone, Ishe. Nda—ndaedza kutendeka, ndikaedza kuvaudza Shoko reNyu. Ishe, regererai zvikanganiso zvemuranda weNyu. Ndi—ndinongo, ndi—ndinongoita zvizhinji kwazvo zvazvo, Ishe. Ndi—ndinonamata kuti Murege kutarisa pakukanganisa kwemuranda wenyu, asi Mutarise paShoko reNyu, randiri kuedza kuparidza. Ishe, ndinoKutendai nokuda kwaRo. Ndinofara, nemoyo wangu wese. Ishe, Rinopfuura hupenyu, kwandiri. Ndinopa hupenyu hwangu, chero nguva zvayo, nokuda kwaRo. Ndi—ndinoziva kuti iRo ichokwadi. IShoko reNyu.

538 Uye ndapota regererai nzira dzangu dzehupenzi, Ishe. Nguva zhinji ndi—ndinoita zvekungotamba nekuita jee, zvandisingafaniri kuita. Ndinonyara nazvo, Ishe. Ndakangobva kumhuri yemhando yakadaro. Ingozvikanganwirai henyu, ndapota, Baba, kana Mungadaro. Zvifukidzei neRopa reNyu. Ndzivo zvandinoKukumbirai kuti multe. Ndinozvireurura, chete. Hamugone kuita semusina kuzviona, asi Munogona kundiregerera kana ndazvireurura.

539 Zvino, ndareurura zvivi zvangu. Ndinoreurura zvivi zvevanhu ava. Ndinonamata, Mwari, kuti Muvaregerere, mumwe nomumwe.

540 Uye vanhu, dai vacherechedza kuti hatisi kungoedza kuita zvekuratidzira chimwe chinhu. Ndiwo Mweya Mutsvene mumazuva okupedzisira, uri kupupura nezveShoko raWo, sezvandabva kuRitaura. Asi, Baba, zvisinei, ndinongova munhu. Uye kana ndikaRitaura, vanoti, "Idudziro yake.

Ndizvo zvaanofunga nezvaRo.” Asi, Baba, kana Mukangotaura nekuratidza kuti Riri raiti, zvino vanotofanirwa kuto, vanotofanirwa kudarika nepaMuri, kuti vabudirire paZviri, ipapo, Ishe. Zvino haRizove dudziro yangu; ichave yeNyu. Zviitei, Ishe. Uye kana ndiri muranda weNyu, uye—uye—uye zvivi zvangu zvaregererwa, uye Makandidanira basa iri, zvino taurai kwariri, Ishe. Ndinonamata kuti Mugoziita. Podzai vanorwara nevanotambudzwa kwese, muZita raJesu, ndinonamata.

⁵⁴¹ Uye kana MukangoZvizivisa kwatiri zvino, sezvaMakaita apo paye patsime, nemudzimai uya, paMakataura naye. Makamuudza chimwe chinhu chaive chisina kumira zvakanaka paari. Akave nevarume 5. Zvino, Makavimbisa kuzviita munguva yemanheru. Makavimbisa kuzviita mumazuva ekupedzisira. Makati, “Uye ndizvo, ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana wemunhu. Sezvazvakanga zvakaita pamazuva aRoti, ndizvo zvazvichava,” Mwari vachirarama munyama yemunhu, vachifamba pakati pedu, muchimiro cheChechi yaVo, muMweya Mutsvene, vachiita zviratidzo zvimwe chete. Zviitei, Ishe, nhasi chaiye. HaMungadaro here, Baba? Zvino, ndinonamata kuti Muite kuti vanhu vazvione, uye munhu wose kuti apodzwe uye aponeswe, kuitira kuti Mwari vawane mbiri. Amenii.

⁵⁴² Zvino, ndava kukukumbirai kuti mutarise kuno zvino, kana mukangoremekedza zvakananyanya kwemaminetsi mashoma. Zvino, munhu wose, wakangonyarara sezvaungagona kuva zvino.

⁵⁴³ Mune chokwadi here chekuti muri kuona chinzvimbo chandiri machiri pano zvino? Ndaparidza Shoko pano, Shoko raMwari. Ndati Rose nderechokwadi. Jesu akataura, kuti, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita iye uchaaitawo.”

⁵⁴⁴ Zvino, ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Chenjera kuti iwe—kuti unoti “ameni” kana kuti kwete, zvino. Jesu, pachaKe, haana kumboti akapodza chero munhu. Ichokwadi. Akati, “Handizi iNi ndinoita mabasa. NdiBaba vaNgu vanogara maNdiri.” Ndizvo here? Uye Jesu akati, muna Johane 5:19, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, zvmazvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Mwanakomana pachaKe...” SoMunhu, Aingova Tabhenakeri yaigara Mwari. Maona? Akati, “Mwanakomana haagoni kuita chinhu maari Iye; kunze kwezvaAnoona Baba vachiita, ndizvo zvinoitawo Mwanakomana.” Neimwe nzira, “Baba vanoNdiratidza chiratidzo, chezvokuita, uye Ndinoita sezvaVanongoNdiudza.”

⁵⁴⁵ Zvino, rimwe zuva tinoona kuti paiva, toti, mudzimai mudiki akanga asingakwanisi kupinda mumutsara wekunamatirwa. Aiva nechirwere chekubuda ropa, uye akanga ava nacho kwemakore akawanda. Saka akangobata nguwo yaKe,

achitaura maari...Akanga asiri munhu anokosha; aingova mudzimai anonzwise urombo, mudiki, akura, asina mari. Zvino aisakwanisa kukwira kumusoro ikoko nevaprisita ivavo nevamwe vose vakamira ipapo, vaiva nekodzero dzokumira nezvimwe zvose. Saka haana kukwanisa kumira kumusoro ikoko, saka akangokambaira kusvikira asvika ipapo ndokubata hanzu yaKe. Akati, “Ndinotenda kuti ndiYe chaiye. Ndiye, Anotiunzira Chokwadi, Hupenyu. Ndinotenda kuti ndiYe Shoko raMwari. Zvino kana ndikangoMubata, ndicha—ndichapodzwa.”

546 Unotenda here? Unogona here kutenda zvimwe chete izvo mudzimai akatenda, kuti ndiYe Shoko raMwari? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino, Bhaibheri rinotaura, nhasi, kuti, “Ndiye Muprisita Mukuru, Muprisita wedu Mukuru izvozvi.” Munozvitenda here? “Mushure merumuko rwaKe uye nekukwira kwaKe kumusoro, Akakwira Kumusoro uye akapa zvipo kuvanhu. Uye zvino Agere kuruoko rwerudyi rwaMwari, Mambo vari Kumusoro, uye achireverera pane zvatinopupura.” Ndizvo here? “Uye ndiYe Muprisita Mukuru anogona ku...” Chii? [“Kubatwa.”] “Kubatwa ne...” Chii? “Manzwiro ehutera hwedu.” Zvino, kana Ari... Munotenda kuti ndiYe mumwe chete here?

547 Zvino tarisai, kana ukauya pano, wongondibata, muswere wese, hapana kana mutsauko wazvinoita. Kana ukabata chero hama ipi zvayo, hanzvadzi, hazvina mutsauko wazvinoita; hurongwa bedzi hwekuturika maoko, ndizvo zvoga. Asi kana ukangoMubata chete, ndizvo zvega zvaunofanira kuita.

548 Uye tarisa, kana ukaMubata ne... neimwe mhando yetsika sezvavakaita. Vakati, “Oo, tinotenda Mudzidzisi mukuru uyu. Uyu muporofita.” Zvino, haAna chaakataura.

549 Asi mudzimai mudiki uyu aive nechimwe chinhu chakaMubata: kutenda kwake. Akabata nguwo yaKe, uye Akati, “Ndiani aNdibata?”

550 Hautendi here kuti Bhaibheri rinoti ndiYe Muprisita Mukuru mumwe chete nhasi zvaAiva panguva iyoyo, Iye, uye anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu? Unogona kuMubata kunze uko, kunyangwe uri mumutsara wekunamatirwa uyu kana kuti kwete. Kana uchirwara, kana uine mudikanwi ari kurwara, kana uine chimwe chinhu pamwoyo wako, chingouya neruremekedzo pamberi paMwari woti, “Mwari, handizivi nezvemurume uyo amire apo. Murume mudiki ane mhanza. Iye, haasi chinhu, asi ndinotenda kuti zvaaparidza iChokwadi. Uye ndinotenda kuti ataura chinhu chakanaka, kuti Muri Muprisita Mukuru. Zvino ndinoda kuKubatai. Uye kana andiudza Chokwadi, zvino iMi shandisai miromo yake kutaura muchindiudza, sezvaMakaita kumudzimai kumashure uko.” Wochiona kana Ari mumwe chete zuro nekusingaperi. Itai

izvozvo. Hazvisi zvinongoMuita kuti ave mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi here? Handizvo here?

Zvakanaka, munhu wese chengeta nzvimbo yako uye ungonamata zvine ruremekedzo.

⁵⁵¹ Matii? [Imwe hama inoti, “Ndine mamwe makadhi okunamatirwa apiwa.”—Mupepeti] Matii? [“Ndapa 25.”] Ndine 10 kumashure uko zvino? [“14.”]

⁵⁵² 10, 11, 12, 13, 14, 15; regai makadhi ekunamatirwa 10, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 25: zvinofanirwa kuita mutsara wakanaka chaizvo. Kana isu... Ndinovimba hatizokugarisai pano kwenguva yakarebesa. Asi zvino...

⁵⁵³ [Mumwe munhu anotaura nahama Branham—Mupepeti] (...?...Ndimi here anoridza piano? Zvakanaka. Ingoregai... Zvakanaka.)

Ngatinyatsoimbai mahon'era zvino, tose pamwe chete, pavari kuruwana. *Tenda Chete.*

Tenda chete, tenda chete,
Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete;
Tenda chete, chete chingo...

Kutenda chii? Shoko raKe nevimbiso. Kuitirei?

Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete.

⁵⁵⁴ Vachiburuka mugomo, hapo pakamira vadzidzi. Vakakundwa panyaya iya yepfari. Baba vakamira ipapo, vakatarisa mwana wavo, vachichema. Vadzidzi vaiita maitiro avo ese, asi hazvina kushanda. Jesu akafamba achiuya. Vamwe vavo vakati, “Hoyoka Uyo.” Mumwe munhu akavanongedzera kuna Jesu; kubva kuvafundisi, kuna Jesu. Ndiko kwandinoda kunongedzera vanhu; kwete kwandiri, kana imwe chechi, asi kuna Jesu. Akati, “Anokwanisa.”

⁵⁵⁵ Saka baba vakamhanya, vakawira patsoka dzaKe, ndokuti, “Ishe, ivaiwo netsitsi pamwana wangu. Anotambudzwa zvakananyisa nedhimoni. Anorwara kwazvo. Anobuda furo pamuro. Anodonha otanga kugwinha,” pfari. Uye akati, “Zvino ndakamuendesa kwese zvako. Uye kunyange vadzidzi venyu havana chavakwanisa kumuitira.”

⁵⁵⁶ Jesu akati, “Ndinogona, kana ukatenda, nokuti zvinhu zvose zvinogoneka kune uyo anotenda.”

Chete chingo...

Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! Vese zvapinda zvino. Nyararai mose.

...tenda,
Zvinhu zvose zvino... (Inguva yakanakisa!)
Tenda chete, chingotenda chete,
Zvinhu zvose zvinogoneka, chingotenda chete.

557 O Ishe, Shoko riri kwose pano zvino. Regai Chiedza chemanheru chipenye, Ishe, chiRiite rive benyu. Kubudikidza neZita raJesu Kristu, ndinonamata. Amen.

558 Zvino, muZita raIshe Jesu Kristu, ndinotora mweya wese uri muno pasi pekutungamirira hwangu, kuitira mbiri yaVo.

559 Ndinotarisa ndichidzika nemutsara wekunamatira uyu. Hapana munhu mumwe chete mumutsara iwoyo wekunamatira wandinoziva. Ivo, mumwe nomumwe, vatorwa kwandiri. Imi mose muri mumutsara wokunamatirwa, vanova vatorwa kwandiri, uye pasina chandinoziva pamusoro penyu, matambudziko enyu kana chimwe chinhu, simudzai maoko enyu, munhu wose ari mumutsara wokunamatirwa.

560 Vangani vari muungano vari vatorwa kwandiri, uye ndisina chandinoziva pamusoro penyu? Mune mvumo imwe chete kunze uko, sezvinoita ava pano. Chete, ndiri kutora munhu mumwe chete panguva imwe chete.

561 Pano, regai nditore iyi pano, kwechinguvana. [Hama Branham vanofambisa maikirofoni—Mupepeti] Mave kunzwa zvino here neiyi? [Ungano inoti, “Hongu.”]

562 Mudzimai ari pano. Heunoi murume nemudzimai, vasangana zvakare. Handimuzive, handina kumbomuona. Mutorwa kwandiri, asi angori mutorwa zvakakwana.

563 Ndiri kungoshanda pahwaro hweShoko iroro. Shoko iroro rakati, “Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaaita, kana muchitenda maNdiri.”

564 Mamwe mangwanani, chiratidzo chiya pachakauya zvakare, mushure mezviuru zvazvo, ndokuti, “Hupo husingambokundi hwaJesu Kristu hunewe kwese kwamunoenda.” Ndinozvitenda izvozvo, nekuperera, nemoyo wangu wose. Kana ndikasazokuonai zvakare, munotenda here kuti iChokwadi? Ichokwadi.

565 Heunoi mudzimai wandisati ndamboona muhupenyu hwangu. Anongova mudzimai agamuchira kadhi rokunamatirwa.

566 Maitiro anowanzoitwa nemukomana paari, anouya muno, anotora makadhi okunamatirwa oasanganisa-sanganisa ose, pamwe chete, pamberi penyu imi vanhu. Opa chero zvake anorida kadhi rekunamatirwa, chero papi zvapo. Hapana anoziva kuti mutsara uchatangira papi, kana chii zvacho nezvawo. Naizvozvo, mukomana haangagona kuti, “Oo, zvino *pano*, kana mukandipa *yakawanda zvakadai*, ndichakuisai pamberi, uye ndova nechokwadi chokuti muripo.” Haazivi pachake. Uh-huh. Hapana anoziva.

567 Tinongotanga. Chero panorehwa neMweya Mutsvene kuti “dana,” tinodana kubva ipapo. Uye ndinovimba dzimwe nguva kuti ndinowana mumwe munhu, pandinenge ndiri pano,

kunyanya, mumwe munhu uya asati ambobvira...vatorwa, munoono, vandisingazive.

⁵⁶⁸ Zvino, kana mudzimai uyu amire pano, kana...Pane chakakanganisika. Anogona kunge ari kurwara. Anogona kunge aine mumwe munhu, ari kurwara. Iye—iye—iye anogona kunge akangomira ipapo, zvichida ari kungonyepedzera sekunge ari kurwara. Uye pamwe akangomira ipapo, achiedza kufumura chimwe chinhu. Kana akadaro, ingotaraisai zvinoitika. Maona? Makambova, mukaona izvozvo zvichiedzeserwa, zvakare. Hamuna here? Hongu, changamire. Vatarisei vachibuda vakamutakura nepamusuwo, afa. Maona? Uh-huh. Saka zvino mucha—muchangoona zvenyu, mooni kuti ndizvo here kana kuti kwete. Maona? Zviedzei, munoono.

⁵⁶⁹ Zvino, hatisi kuita dambe nekunamata, shamwari. Tave panguva yekupedzisira. Muchero uri pamusoro pemuti, uri kuibva. Ndizvozvo. Ishe vari kuuya.

⁵⁷⁰ Handimuzive. Mwari vanomuziva. Vakamuziva. Kusati kwatombove nenyika, Vakamuziva. Vakaziva kuti mudzimai aizomira ipapo. Vaiziva kuti ini ndaizomira ipo pano. Nokuti, haVana magumo. Ndizvo here? Zvino, kana Vasina magumo uye vachizviziva, zvino Vanoziva kuti sei mudzimai uyu akamira ipapo. Zvino, Mwari mumwe chete uyo . . .

⁵⁷¹ Jesu, paAive pano panyika, naMwari vari maAri, vakataura nemudzimai patsime, ndokumuudza chimwe chinhu chakanga chisina kumira zvakanaka paari. Tese tinoziva kuti chaiva chii. Hatidaro here? Iye ndokuti, “Changamire, Munofanira kuva muri muporofita.” Ndiko kwakava kupupura kwake kwekutanga. “Zvino, tinoziva kuti yave nguva yokuti Mesiya ave pano, anonzi Kristu. Zvino paAnouya, ndicho chichava chinhu chaAnoita.”

⁵⁷² Zvino, kana Ari “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” uye akavimbiswa neShoko iri randabva kuparidza, kuti munguva dzamanheru Achange ari pano zvino oita chinhu chimwe chete, zvino tiri kuzvitarisira. Handizvo here? Hatisi here? Kutarisira rumuko irworwo rweChechi iyoyo. Zvino, kana Akaita kumudzimai uyu zvimwe chete zvaAkaita kumashure uko, zvinosimbisa Shoko, kuti ndereChokwadi.

⁵⁷³ Zvino, mudzimai angosimudza ruoko rwake, neniwo, kuti tiri vatorwa, mumwe kune mumwe. Handimuzive. Handina kumbomuona. Angori mutorwa, akamira pano. Zvimwe chete nemiwo, kunze uko, vazhinji venyu.

⁵⁷⁴ Ndinoziva vamwe vevanhu ava vagere neche pano. Zvino handizivi vakawanda. Ndinoziva Mai Collins pano. Ndine chokwadi nazvo. Hanzvadzi, mudzimai waHama Ben, uye ndaona Hama neHanzvadzi Dauch pano, nguva...Hama Wright; Hama, Hanzvadzi Dauch; hama iri neche uko kumucheto. Ndinoziva vamwe venyu, vari neche kuno. Asi

ini—ini handizivi vazhinji-zhinji venyu, nokuti handisi muno zvakanyanya kwazvo, kuti tizivane. Uye tine vatorwa muno.

Zvino saka imi chingonamatai.

575 Kana ndiri mutorwa kwamuri, uye ndopupura kuti Zviedza zveManchester zvauya. Uye Chiedza chemanheru chinenge chakafanana neChiedza chemangwanani. Chinozozarura zvibereko zvimwe chetezvo zvakananzika zvaMwari, tichitaura zvepamweya. Ndizvozvo. Zvino, ndiri kungotaura nemi sezvaAkaita mudzimai uye patsime. Akati, “Ndiigirewo mvura yekunwa.” Maona? Ndiri kutaura zvimwe chetezvo. Handisi ini. NdiYe. Asi kana Akandizarurira zvamakamirira ipapo, munoona, kana Akandizarurira zvamauira ipapo, zvino munozoziva kuti Anoziva zvese nezvehupenyu hwenyu. Kana Akakuudzai chimwe chinhu chakaitika, munoona, munozoziva kuti ndizvo here kana kuti kwete. Zvino kana Akaziva zvakanobitika, uye achikwanisa kukuudzai izvozvo, Anogona...zvirokwazvo muchaMutenda zvino pane zvichazoitika. Kana Akagona kutokuudzai zvakaita kumashure kuno, zvirokwazvo izvozvo zvinozarura zviri kumberi kwazvo, kana seri kwazvo, kumberi kwazvo, nezvose hazvo, vozvigadzirisa.

576 Ungano ichatenda kwaAri here, nemooyo wako wose, kana Akazviita? Ndinotenda kuti maizotenda, kunyangwe Akazviita kana kuti kwete. Munongoramba muchizvitenda, asi izvi zvinongozvisimbisa.

577 Zvino, ndakangotarisa mudzimai, uye ari kuzodzwa. Ari kuzviziva, ari mutorwa kwandiri.

578 Asi regai ndikuratidzei zvino. Vazhinji venyu munoona mufananidzo uyo wakaremba pamusoro apo. Zvino, haChisi, kumusoro...Chiedza icho, Ndicho chaicho Chakaremba pano chaipo pakati pangu nemudzimai iyeye izvozvi. HamuChioni here? Chakaita se—chakaita sekirimu, girinhi ine huyero-, seChiedza cheemerald, sezvatinochidaida, Chiri kutenderera chaizvo...Ndicho Chiri kuita kuti vanzwe...

579 Zvino, regai ndingokuratidzai chimwe chinhu. Manzwa mamwe manzwirotapira chaizvo, akaninipa. Kana zviri izvo, amai, simudzai ruoko rwenyu kuti vanhu vaone. Maona? Zviri...Havana zvanokwanisa kuita kuti vasaChinzwe, Chiripo ipapo. Maona?

580 Zvino, zvino, kana Chikazarura izvo zviri paari, handizivi. Zvine zvazvinotora. Vanofanira kuve vari Mwari. Handikwanise kuzviita, ini pachangu. Ndi—ndiMwari vanotofanira kuzviita. Hongu.

581 Mudzimai uyu chaizvo, panyama, angadai akamirira kunoitwa opareseni. Ane chimwe chinhu chaizozdzwa nachiremba kuti, “Chinofanirwa kuti chioparetwe,” asi haaendi kuna chiremba. Ndizvozvo. Uye iye—iye...Iro i—ibundu.

Uye bundu iroro riri kudivi rekurudyi, pedyo nemuzongoza. Ndizvozvo. Kana zviri izvo simudzai ruoko rwenyu, kuitira kuti vanhu vaone. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti]

⁵⁸² Zvino munotenda here? Zvino, hamuzvioni, (Maona? Maona?) asi munozvitenda nemwoyo wenyu wose zvino, kuti ichokwadi. Zvakanaka. Zvakanaka.

⁵⁸³ Zvino unoti, “Zvimwe mazvifungidzira izvozvo, Hama Branham.” Haugone kufungidzira izvozvo, kamiriyoni, zvakanaka.

⁵⁸⁴ Zvino, regai amire ipapo, kwechinguvana. Chabva pandiri, izvozvi. Zvino, kungoti, regai tione, kwechinguvana, munoona. Anoratidzika kuva aita zvakanaka; Mukristu. Zvino ngationei. Zvino kana Akazotiudza chimwewo chinhu chingave chiriri. . . Hongu. Heunoi adzoka zvakanaka. Hongu, changamire. Iye ari—iye ari. . . Hongu. I—ibundu, rokuti, iro vanachiremba vaizobvisa. Uye riri. . . Raizomukonzera dambudziko. Asi ari kuzovimba naKristu nokuda kwaro.

⁵⁸⁵ Uye kwete izvozvo chete. Haasi wekuno. Uye ane mumwe munhu waainaye. Murume wake. Uye ari kutambudzikawo, zvakanaka. Ndizvozvo. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiuudza, apo ndakanyatsotarisa murume uyu pano, muchiratidzo ichi, zvakananganisika naye? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Zvino, muudzei kuti angoenda kunodya chikafu chake chamasikati. Dambudziko rake remudumbu raenda. Munotenda here kuti ndiKristu ari kuita izvozvo? Hongu? Munobva kuTennessee, Nashville. Ndizvozvo. Mai Binkley. Zvakanaka. Munogona kudzokera kumba zvino monopora, imi nemurume wenyu. Mwari vakuropafadzei.

⁵⁸⁶ Munotenda Ishe Jesu here? Ndokunge asiri Ishe Jesu mumwe chete akanga ari pano mumazuva akapfuura, muChechi yeChiedza chemanheru! Ongorora mudzimai iyeye, taura naye, umubvunze kana zvinhu izvozvo zvataurwa zviri zvechokwadi. Kana ukangotenda! Zvino magutsikana here kuti ndiYe Kristu mumwe chete? Zvino, munoziva kuti handaikwanisa kuita izvozvo. Ndiri munhu. Ndiri hama yenyu. Asi iYe ndiMwari.

⁵⁸⁷ Zvino ngationei. Ndiye munhu anotevera here? Ndimi manga muri mumutsara wekunamatirwa here? Zvakanaka.

⁵⁸⁸ Zvino, chokwadi, chizoro ichocho, munoona, chinondipedza simba, kunge hameno-hameno. Zvino, Jesu, mudzimai mudiki iyeye paakabata hanzu yaKe, Akati, “Ndaona kuti simba rabuda richibva maNdiri.” Ndizvo here? Izvozvo zvinoreva “kugwinya.” Akapera simba. Uye kana iYe. . . Kana izvozvo zvakanaka kuShoko, pachaRo, ko zvaizoitei kune mumwe chete uyo akavingwa neShoko? Ko iRo raizodii? Kana zvakanaka kuMwanakomana waMwari, zvaizouya zvakanaka kwandiri, mutadzi akaponeswa nenyasha dzaKe? Maona? Zvinongonditenderedza nekunditenderedza musoro. Maona?

589 Asi, zvakadaro, ndiri pano kuzoMumiririra. Kumi-. . . Ndiri mumiririri anonzwisa urombo. Ndi—ndinotendeuka pazvivi zvangu zvose, kuti—kuti murege kutarisa pane zvandiri; asi tarisai kuti iYe ndiAni, kuti mutarise ikoko.

590 Zvino, ndiri mutorwa kwamuri, amai. Handizive mudzimai uyu, zvakarewo. Tiri vatorwa kune mumwe nemumwe. Ndzivozvo. Zvino, kana Ishe Jesu (ini ndisingakuzivei, nemiwo musingandizivi), kana Ishe Jesu vakazarura chimwe chinhu kwandiri, chamauyira pano, chimwe chinhu chamakaita, kana chimwe chinhu chamaisafanira kuita, kana chimwe chinhu nenzira iyoyo, munoziva kuti chingave, icho chingave chishamiso chikuru kwazvo. Ndechimwe chinhu chisingagone kutsanangurwa. Chishamiso chinhu chisingagoni kutsanangurwa. Chero ani zvake anozviziva. Maona? Chingava chiri chishamiso chikuru.

591 Chingave chishamiso chikuru kudarika kana panga paine mu—mudzimai akagara pano ari muwiricheya, uye aine arthritis, uye muviri usiri kunzwa zvakana. Ndaizomuudza kuti, “Simuka ufambe,” zvino aizofamba achibudamo, munhu wose aibva adanidzira nokuda kwazvo. Asi, munoona, chaizvoizvo simba re—rekutenda kwake kuti atende, nekungosimuka ofamba, raigona kuzviita.

592 Asi kudzokera shure uko uye wobuditsa kunze hupenyu kune imwe nzvimbo, zvinotorera zvinopfuura izvozvo. Zvinotorera Mwari vega, kwaungati, munoona, unoziva kana zviri izvo.

593 Zvino, pane chimwe chinhu chakaitika, pane imwe nzvimbo. Zvino mirai. Chabva pano. Chaenda ku. . . chaenda muungano, pane imwe nzvimbo, pane imwe nzvimbo. Chaenda zvino.

Chimbomirai zvishoma. Regai nditaure nemudzimai uyu zvakare.

594 Zvino, ingoremekedzai chaizvo uye tarisai zvino. Ingonamatai, ivai muchinamata kunze uko. Ndinoda kuti munamate, “Ishe, ngaave ini.” Vamwe venyu imi vanhu kunze uko, vasiri kuzova mumutsara wekunamatirwa, ingonamatai.

595 Zvakare ndinotaura nemi, kuvaka-. . . nokuda kwokutenda kwenyu. Maona? Kana zvichigona kuve zvakaitwa kune mumwe mudzimai uya, zvinogona kuitwa kwauri. Kutenda kwako. Maona? Ndiwe wacho anozviita. Handisi ini. Kutenda kwako muna Mwari. Maona?

596 Jesu haana kumboti, “Oo, Ndaiziva kuti Ndaizosangana nemudzimai iyeye uko.” Kwete.

597 Asi pakauya rumuko rwaRazaro, zvino, ndizvo izvo Mwari vakaMuratidza kuti aite. Maona? Mwari vakati, “Ibvapo.” Uye iYe—iYe akaratidza chaizvo zvaAiva. Akabva akaenda. Zvino paAkadzoka, Akati, “Razaro akarara.” Zvino Akadzoka, akaenda akanomutsa Razaro kubva muguva. Akadana mweya

wake, mushure mekunge aenda kwemazuva 4. Haana kumboti Akapera simba ipapo. Vaiwa Mwari vaishandisa chipo.

⁵⁹⁸ Asi, uyu, mudzimai uya paakaMubata, aive mudzimai aishandisa chipo chaMwari.

Uye ndizvo zvimwe chete pano. Ndimi muri kuzviita.

⁵⁹⁹ Zvino, pane urwu, panzendo dzokunovhima, uko... Ndakaona chitsere, uye uko zvinhu zvakasiyana-siyana, nezvinhu zvose izvi zvakasiyana zvakafanotaurwa pano, zvakataurwa kuti sei zvakaitika, nemo-nemo. NdiMwari. Izvozvo hazvandinetse.

⁶⁰⁰ Asi vanhu pavanotanga kushandisa chipo chaMwari, munoona, unova muranda waMwari wevanhu vose, kuti ungapinda mumutsara. Maona?

Zvino unobva waMubata naizvozvo, zvadaro vobva Vataura vachipindura. Maona?

⁶⁰¹ Zvino, hongu, zvino mudzimai ari kuuya muchiratidzo. Ari kupinda, kana kuti chiratidzo chiri kuuya. Zvinoita sokunge waigona kuzviona zvakamupotedza. Mudzimai ari kurwara. Ari kurwara chaizvo. Ari kutambudzika, chimwe chinhu, nedambudziko remudumbu, rakaipa kwazvo. Simudzai ruoko rwenyu kana chiri chokwadi. Uye mune zvinhu zvakavhiringidzika. Ichokwadi.

⁶⁰² Munewo zvakare munhu wamuinaye. Murume wenyu, uye ari kurwara. Kana Mwari vakazarura kwandiri, kumurume wenyu, icho chiri kunetsa paari, munganditenda kuva muporofita waVo here? Murume uyu ari kunetseka nemaziso ake, nenzeve dzake, uye ari muchinhano chakaipa kwazvo. Hongu, changamire.

⁶⁰³ Munotenda here kuti Mwari vanoziva kuti muri ani? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Munganditenda here kuti ndiri muporofita waVo, muoni waVo, kana ndikakuudzai kuti ndimi ani? [“Hongu.”] Munozvitenda here? Mai Robertson. Uye munobva kuHuntsville, inova Alabama. Dzokerai zvenyu, imi nomurume wenyu, mugopora.

⁶⁰⁴ Munotenda here? “Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.” Kana ukagona kutenda, kana ukangatora yako—kutora nzvimbo yako ugotenda kuti Mwari vanozviita. Zvino, usapokana, asi ingotenda nomwoyo wako wose, kuti Mwari vachapa kupodzwa uku kwauri, uye unogona kuwana chipi nechipi chaunokumbira.

⁶⁰⁵ Zvakanaka, changamire, imi huyai henyu zvino. Ngationei. Ndimi munhu ari kutevera here? Zvakanaka, changamire. Ndinodaira kuti tiri vatora, mumwe kune mumwe, changamire. Kana... Jesu akasvika kumurume ainzi Simoni, akamuudza pamusoro pechinhano chake, uye zvakaita kuti Simoni aende uye achitenda, nemoyo wake wose. Zvingakonzera kuti muite

zvimwe chetezvo here? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Zvingadaro. Zvino, isu tiri vatorwa.

606 Zvino, Mwari havana musiyano pakati pemurume kana mukadzi. Vanongori mumwe chete. Ivo ndiMwari. Maona?

607 Uye muno, muchazvitenda here (manzwiwo iwayo ari pamuri zvino), kuti Mwari vachakwanisa kukuzarurirai, kubudikidza neni, muranda waVo, chimwe chinhu ichocho chamauyira pano, chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka pamuri, chero zvachingava? Zvino, muchazoziva kana chiri chokwadi kana kuti kwete. Zvakanaka. Dai Vakazvipa.

608 Murume ari kuuya muchiratidzo, kana kuti chiratidzo chiri kuuya mumurume uyu. Haasi pano nokuda kwehurwere. Ari pano achitsvaga rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndizvo zvaari kutsvaga. Ndizvozvo, changamire. Hongu, changamire. Uye hamusi wekuno. Munobva kumusoro kwemugwagwa kuno, nzvimbo inonzi Seymour, Indiana. Iko, ndiko—ndiko kwamunobva. Vanokudaizai kuti, “Bill.” Bill, dzokera hako, gamuchira Mweya Mutsvene, muZita raJesu Kristu. Tenda.

609 Huyai, amai. Munonditenda here kuti ndiri muporofita waKe? Munotenda here kuti Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, anorarama? Uye munotenda here kuti ndiYe ari kutendera izvi kuti zviitike sezvizi? Munozvitenda here?

610 Mangani atava navo? Chii? Munoono, handidi kunyanyisa kupera simba. Zvakanaka.

611 Kwete, hapana chinhu; hamuna kuzviuira pano pachenyu. Mauyira pano mumwe munhu. Uye mumwe munhu wacho iyeye haasi pano. Kana ndikakuudzai chiri kunetsa pane mumwe munhu iyeye, mungagamuchira kupodzwa kwacho here, uye motora uye motenda? Ikenza. Munotenda here kuti vachapodzwa? Zvino endai, muZita raIshe Jesu, mugotenda. Ngatingo. . .

612 Munotenda here, imi mose? Munotenda here chizoro ichocho cheMweya Mutsvene? HaAshamisi here? Muri kutenda here? Zvakanaka.

613 Zvino, vangani vatava navo? Kazhinji 2, 2 kana 3, chisimbiso. [Mumwe munhu anoti, “3.”—Mupepeti] Mati kudii? [Mumweve munhu anoti, “I 4 vamawana.”] 4? [“Hongu.”] Ava ndivo vechi 5 vakamira pano here? Zvakanaka.

614 Ngati—ngatitendei nemoyo wedu wese, kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

615 Mauyira pano mwana uyo. Kana Mwari vakandizarurira zvakananganisika pamwana wenyu, mungatenda here kuti Mwari vachamupodzwa? Muchinda mudiki ane dambudziko rakanyanya remoyo. Ndizvozvo. Mwa-. . .hamusi, mwana haasi wekuno. Anobva kunze kweguta. Kunze kwedunhu.

Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kwabva mwana? Muchatenda here, uye motenda kuti achapora zvino? Dzokerai naye kuFranklin, Kentucky. Hongu, amai, uye mutende nomwoyo wenyu wose. Kana muchitenda, ndizvo zvega zvamunofanira kuita.

⁶¹⁶ Regai—regai...Huyai pano kwechinguvana. Ndinotsiura chinhu chakaipa ichocho. MuZita raJesu Kristu, rufu ngarwuende, uye hupenyu huuye.

“Vachaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.”

Munoda kuenda kunodya here? Munofunga kuti Achaita kuti munzwe zviri nani here? Pfuurirai zvenyu mberi. Zvakusiyai zvino. Amenii.

⁶¹⁷ Munotenda here kuti dambudziko iroro remadzimai richakusiyai? Zvakanaka. Endai kuchigaro chenyu muti, “Maita zveNyu, Ishe.”

Makadii, changamire? Oo, dhiyabhore iyeye, asima!

⁶¹⁸ Chimbomirai zvishoma. Chimbomirai zvishoma zvino. Pane chakanganisika...Chimwe chinhu hachina kukanganisika; chafamba zvakanaka. Zvino, pane chimwe chinhu muno, chakafanana, chabata murume uyo panguva iyoyo. Regai ndione zvakare kuti changa chiri chii. Zvino chingonditarisai. Musataure chinhu. Chimbomirai zvishoma.

⁶¹⁹ Murume wechitema, akagara kumashure uko chaiko, akanditarisa. Ndezvake...ari—ane munhu ari kurwara. Ndizvozvo. Ane asima nesinus. Ndizvozvo. MaMubata. Hamusi wekuno, changamire. Munobva kuMabvazuva, kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva, nenzira *iyi*. Munobva kuNew York. Hongu, changamire. Ndizvozvo. Ndimi VaHunt. Tendai zvino. Zvakanaka, changamire. Zvakanaka.

⁶²⁰ Ishamwari yeNyu yakagara apo pedyo nemi, ichinamata. Munonditenda here, changamire, kuti ndiri muporofita waMwari? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Mauya pano naye. Zita renyu ndiColeman. Uye mu—muri kunamatira baba. Vakaoma mitezo. IZVANZI NAJEHOVHA. Tendai. Endai, tendai zvino, zvinokusiyai.

⁶²¹ Mune mudumbu munohuta-huta, munokupai dambudziko. Handizvo here? Endai, munodya. MuZita raIshe Jesu.

Munotenda here kuti Akupodzai? Ingodzokerai muti, “Maita zveNyu, Ishe Jesu.” Tendai nemoyo wenyu wese.

⁶²² Munonetswa nedambudziko rekuhuta-huta, makangoderera, nezvimwe zvakadaro. Tendai nemoyo wenyu wese. Dzokerai mundopora.

⁶²³ Kuhuta-huta. Ingotendai nemoyo wenyu wese. Tendai kuti Mwari vachakupodzai, uye Vachazviita. Musapokana nepadiki zvapo.

624 Kuhuta-huta uye nedambudziko remoyo. Munotenda here kuti Jesu Kristu achakupodzai? Endai, munopodzwa, muZita raJesu.

625 Kuhuta-huta, kuderera, dambudziko remudumbu zvichikunetsai nechinhano chemudumbu chiri mudumbu menyu zvichiita kuti chikafu chenyu chivave. Endai, musapokana mumoyo menyu; uye zvichaitika, hamuchazovi nazvo zvakare.

626 Musana wenyu wanga uchikunetsai. Munotenda nemoyo wenyu wese here? Zvino chiendai, uye Jesu Kristu anokupodzai pane izvi.

627 Chimbomirai zvishoma. Chimbonyararai, kwechinguvana. Zvino chimwe chinhu chaitika. Mudzimai uyu ari pano anoshamisa. Chiedza chiya chatenderera paari, nekukurumidza chaizvo, ndokubva chaenda, ndokumhanya chichidzoka zvakare. Chimwe chinhu chaitika. Chimbomirai zvishoma. Anga ari murume wechitema, ndine chokwadi kuti yanga isiri hama yechitema apo, nokuti chauya... Chimbomirai zvishoma. Hezvinoini izvi. (Dzokera shure, Billy.) Hezvinoini izvi.

628 Murume uyu akagara apa, murume wechitema. Muri kunetswa nedambudziko remusana, zvakare. Ndizvozvo. Muri mutorwa kwandiri. Ndiri kwamuri. Asi pane chinhu chimwe chete chamunoda zvirinani kupfuura dambudziko remusana, ndiko, kupa mwoyo wenyu kuna Kristu, mova Mukristu. Hamusi... MungaMugamuchira seMuponesi wenyu here? Munobva kuOhio. Ndizvozvo. Kubva kuOhio. Dzokerai, munopodzwa. Jesu Kristu anoregerera zvivi zvenyu, uye munogona kuenda kumba monopora. Zvino zvese zvapera. Zvino munogona kuenda kumba. Tendai nemoyo wenyu wese.

629 Zvakanaka, hanzvadzi, huyai. Zvakangovhiringidzika, nekuhuta-huta, nekurukutika. Munotenda nemoyo wenyu wose here kuti Mwari vachakupodzai? Endai kuchigaro chenyu, uye muti, "Maita zveNyuu, Ishe Jesu, pane zvese zvaMandiitira."

630 Munotenda here kuti Mwari Samasimba vachakupodzai, nekupodza musana wenyu, nekuita kuti muite zvakanaka, nekupodza dambudziko reitsvo, kuita...? Endai—endai nenzira yenyu, muchifara, uye muti, "Maita zveNyuu, Ishe Jesu."

631 Unotenda here, mwanakomana, Vanokupodza? Iti, "Maita zveNyuu, Mwari vanodikanwa." Enda, uchingorumbidza Mwari.

632 Zvino munotenda nemwoyo wenyu wose here, hanzvadzi? Zvino chiendai, uye Jesu Kristu vanokupodzai.

633 Chimbomirai zvishoma. Kwete, anga asiri iye. Chimbomirai zvishoma. Anga asiri mudzimai uyo. Chimboti mirei zvino. Chimbomirai zvishoma.

634 Ndaona mvura ichipfachukira pane chimwe chinhu. Mumwe munhu ari pano akayambuka gungwa, kubva kune imwe nzvimbo. Mudzimai, uye abva kuHolland. Ari kupi? Hapo

paari. Zvakanaka, hanzvadzi. Mabva kure kuti muzopodzwa. Munonditenda here kuti ndiri muporofita waKe? [Hanzvadzi inoti, “Oo, hongu.”—Mupepeti] Munotambura nerheumatism, nearthritis, kuomarara. Tendai kuna Ishe Jesu Kristu, uye muendese Mharidzo kuvanhu venyu. Mwari vakuropafadzei. Zvichakusiyai uye munogona kuenda monopodzwa. Ameni.

Munotenda here?

⁶³⁵ Kuno, kumashure-shure uko kumashure, kune mudzimai akagara kumashure chaiko kuno. Uye ari kurwara nechinhano chenduru. Oo, achazvipotsa. Mwari, ndibatsireiwo. Iye—iye anobva kuIndianapolis. Zita rake ndi Gilbert. Simukai pamuri, amai. Hezvoka izvo. Podzwai, muZita raJesu Kristu.


⁶³⁶ Munotenda mose here, nemooyo yenyu yose? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Isai enyu... Jesu akamuka kubva kuvakafa here? [“Ameni.”] NdiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? [“Ameni.”] Isai maoko enyu pamusoro pomumwe nemumwe uye ngatinamatei, ndichinamatira Hanzvadzi Kelly.

⁶³⁷ Ishe Jesu, regai Simba reNyu Dzvene ripinde muchechi zvino! Uye dai Rapinda nemuno uye nemuhanzvadzi yedu pano kuti richengetedze hupenyu hwavo, Ishe. Vapei kupora kukuru uku kwavari kukumbira, Ishe. Podzai vanhu veNyu pano. Zviwanirei mbiri pacheNyu. Zviitei, Ishe.

⁶³⁸ Uye itai kuti vanhu ava vari pano vakaisa maoko avo pane mumwe nemumwe.

⁶³⁹ Satani . . .

Tava kuuya zvino kumahengechepfu aya; nemuZita raJesu Kristu, dai munhu wese apodzwa. Ishe, simbisai Shoko reNyu nezviratidzo zvichitevera.

⁶⁴⁰ Uye zvino, Satani, iwe dhiyabhore akaipa, wakundwa. Mwari vakati Vaizodzoreredza Mwanakomana waMwari, Uyo wawakatengesa kubudikidza nezvitendwa zvako. Vakavimbisa kudzoreredza Chechi muzvinhano zvayo zvekare, apo Zviedza zvemanheru zvinopenya. Uye tiri kurarama maChiri. Uye nekudzoreredza, tine kodzero, tine Gweta redu, tine Roya redu, Muprisita wedu Mukuru, uye tichapa chisungo tichimanikidzira. Wakavabata kwenguva yakareba. Haugone kucharamba uchizviita zvachose. Tinokurayira, muZita raJesu Kristu, nesimba rerumuko rwaKe neMweya Mutsvene uri pano zvino: Buda muungano ino! 

62-0422 Kudzoreredzwa KweMuti WeMwenga
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org